MAX

2

2012





НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

МАХ ДУГ

2

2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2012

НОМЫРЫ ИС:

КОЦОЙТЫ АРСЕН: 140 АЗЫ

ЦÆЛЛАГГАТЫ Тæтæрхъан. **Ахæмæй йæ зыдтон** 6

КОЦОЙТЫ Арсен. **Тохы бон.** Радзырд. **Карикатурæтæ** 12

ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪ: 130 АЗЫ

ДЗЕСТЫ Куыдзæг. **Гæдиаты Цомахъ.** Мысинæгтæ 26

ГÆДИАТЫ Цомахъ. **Æмдзæвгæтæ** 34

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. **Зынгхуыст бæллицтæ.** Сæргæндтæ романы дыккаг чиныгæй. Кæрон 36

ХÆМЫЦАТЫ Албег. **Мæ уд æнцойдзинад нæ ары.** Æмдзæвгæтæ 70

ТЕДЕТЫ Ефим. **Агуырдтон дæ булæмæргъты зарды.** Æмдзæвгæтæ 81

НÆ ЧЫСЫЛ ХУРТÆН

ТОМАЙТЫ Адæ. **Хæларзæрдæ дидинæг.** Радзырд 88

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

Даредзанты таурæгътæ 96

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 117

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег. **«Англисаг зæгъы – Шекспир...»** Кæрон 126

АРВИСТОН 136

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйыы

КОЦОЙТЫ АРСЕН: 140 АЗЫ

ЦÆЛЛАГГАТЫ Тæтæрхъан

АХÆМÆЙ ЙÆ ЗЫДТОН

Мæн фæнды, мæ хъæуккаг разагъды лæг, стыр ирон фыссæг, æхсæны кусæг Коцойты Барисы (Бицойы) фырт Арсены (Габоцийы) тыххæй радзурын.

Джызæйлаг зæхкусæг Коцойты Бицо (фидæны фыссæджы фыд) царди тынг мæгуырæй. Йæ хæдзар скъолайы хæд фарсмæ уыд, уымæ гæсгæ йæ сабитæ æдзухдæр хъазыдысты скъолайы кæрты. Габоци – æмбаргæ лæппу – уайтагъд ахуырдзаутимæ иумæйаг æвзаг ссардта. Фондзаздзыдæй абетæ базыдта æмæ дзырдтæ уæнггай кæсыныл фæцалх. Фыд ын йæ зæрдæргъæвд бафиппайдта, æмæ лæппу куы фестырдæр, уæд æй дины скъоламæ радта. Фæстæдæр та Арсен Æрыдоны семинармæ бацыд. Уыцы рæстæг литературæйы дæр йæ тыхтæ фæлварын байдыдта... Семинары студентты змæлд куы райдыдта, уæд дзы Коцойы-фырт дæр архайдта æмæ, «æууæнк кæуыл нæй», ахæмыл æй банымадтой. Уымæ гæсгæ йæ фæндзæм къласы фæстæ семинар ныууадзын бахъуыд. Иу дыууæ азы бæрц йæ бон куыст ссарын нæ уыди, фæлæ рæстæг дзæгъæлы нæ сæфта. Фыста уацмыстæ уырыссагау æмæ иронау, стæй публицистон уацтæ рагон зианхæссæг æгъдæутты æмæ дины кусджыты мæнг миты ныхмæ. Йæ уацтæ æрвыста

«Терские ведомости», «Казбек» æмæ æндæр газеттæм. Фæстæдæр райдайæн кълæсты ахуыргæнæгæй кусын райдыдта Дзæуджыхъæуы зылды быдираг æмæ хохаг хъæуты.

Арсен диныл стырзæрдæ уыди, суанг-иу тæккæ кадджындæр бæрæгбæтты дæр аргъуанмæ нæ цыди, мархо никуы дардта. Уый дины кусджытæн, стæй ахуыргæнджытæн æмæ скъолаты разамонджытæн дæр хъыг уыд, ай-гъай. Иудадзыг ын уайдзæф кодтой. Коцойы-фырт сын-иу цæхгæр дзуапп радта, аргъуанмæ цæуа, кува æви нæ, уый алы адæймагæн дæр йæхи хъуыддаг у, зæгъгæ.

Сауджын æмæ йыл иуæй-иу ахуыргæнджытæ хицауадмæ дзырд хастой, Коцойы-фырт, дам, дины æгъдæуттæ нæ кæны, ахуыргæнинæгтæн дæр, дам, «Хуыцауы закъон» уæлæнгæйтты амоны, райсомæй, дам, сабитæн «Отче наш» нæ кæсын кæны.

Уыцы рæстæджы дины скъолаты инспекторæй куыста Хъодзаты Саукуыдз – реакцион-монархион зондыл хæст. Уый фидарæй дзырдта нацменты суырыссаг кæныны политикæйы фарс, йæ сæйраг нысаныл нымадта, Ирыстоны хъæууон скъолаты ахуыргæнджытæй скъоладзауты галиу зондыл чи ардыдта, ахæмты агурын æмæ сæ сæ куыстæй тæрын. Гъемæ сауджыны нымыгъдæй Хъодзайы-фырт Коцойты Арсены фæдыл бафтыдта цæстдарджыты-дзырдхæсджыты. Ахуыргæнджытæй дæр æмæ хъæуы цæрджытæй дæр ма ссардта фæдысмудджытæ.

Иуахæмы, ахуырдзауты зонындзинæдтæ бæрæг кæнгæйæ, Хъодзайы-фырт Арсенæн «рæвдаугæ» хъæлæсæй афтæ:

– Де скъоладзаутæ «Хуыцауы закъон» хорз нæ зонынц. Дæ хъус сæм æрдар.

Арсен бамбæрста, Хъодзайы-фырт æй афтæмæй кæй нæ ныууадздзæн, уый. Ноджы ма инспектор хорз зыдта, Габоци (Арсен) прогрессивон зондыл хæст ахуыргæнджыты æмбырды кæй уыд, уый. Уыцы ахуыргæнджытæ домдтой дины скъолатæ æндæр уагыл рацаразын, стæй Хъодзайы-фырты йæ куыстæй сисын.

Фæлæ хъуыддæгтæ, Габоци куыд æнхъæлдта, афтæ рауадысты: Хъодзайы-фырты нæ, фæлæ Арсены арвыстой йæ куыстæй. Джызæлы скъолайæ ноджы фæсырдтой, «крамольникты» ном кæуыл сбадт, уыцы ахуыргæнджыты – Уырыймæгты Хосдзауы (Харитоны) æмæ Цæллаггаты Налыхъы (Алексейы).

Уыцы хабæртты фæстæ Арсен Цæгат Ирыстонæй ацыд Хуссар Ирыстонмæ. Уым хъæууон скъолайы бакуыста цыппар азы.

Йæхи цæстытæй уыдта, ирон адæм бынæттон бонджынты æфсондзы бын цы хъизæмæрттæ æвзæрстой, уый.

1905–1907 азты революцийы фæстæ Арсен иуцасдæр ацарди Калачы, уагъта журнал «Æфсир». Æз уæд Петербурджы цардтæн æмæ ацы журнал истон. Мæ зæрдæмæ тынг цыдысты Габоцийы критикон уацтæ æмæ нывтæ. Фыссæг хурмæ хаста фыдæлты сафинаг æгъдæуттæ: фаудта æнæкæрон хистытæ, чызджы ирæдыл уæй кæнын, тугисын, гæртамхор дины кусджыты зыд æмæ мæнгард митæ. Коцойы-фырт фыста: адæймаг райгуырди – сауджынæн аргъауæггаг бафид, ус ракуырдта – сауджынæн та æфтиаг, амарди – сауджынæн та уый дæр пайда. Йæ уацхъуыдтæй алкæмæ дæр Арсен кодта карикатурæтæ.

Уæдæй нырмæ дæс æмæ æртиссæдз азæй фылдæр рацыди, фæлæ ма абоны хуызæн мæ зæрдыл лæууы (стæй мæ уырны: канд мæ зæрдыл нæ) Арсены диссаджы радзырд «Гигойы куадзæн». Автор сатирæйы мадзæлттæй æвдисы æввонгхор динамонджыты зыд æмæ кæрæфдзинад, мæгуырты фæллой сæхирдæм куыд ссивынц, уый. Журнал-иу сæ ных бакъуырдта расыггæнджытæн, магусатæн, фæлитойтæн, искæй хардзæй минас кæнын чи уарзта, ахæмтæн.

Арсен уыд иттæг зонджын, хæларзæрдæ, æнувыд адæймаг, стыр фыссæг, публицист. Нæ бинонтимæ лымæнæй царди, раст хионы хуызæн. Дины скъолайы мæ фыдыфсымæр Дженаимæ иумæ ахуыр кодта, кæрæдзийæ æрдхорд æфсымæртæ дæр загъстой. Дженайы мад Дарез-иу Арсенæн афтæ:

– Габоци, ды мæ фырт дæ, мæ фырт, нæ хæдзары уазæджы хуызæн ма дар дæхи...

Тынг зын цæрдтытæ фæкодта Арсен, бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста, бинонты, къонайы ад никуы банкъардта. Октябры революцийы фæстæ царди Дзæуджыхъæуы Гибизы-фырты уынджы 29-æм хæдзары. 1947 азы, фыссæгæн йæ амардæй æртæ азы куы рацыд, уæд уыцы хæдзары къулыл бакодтой номарæн къæй. Æз-иу арæх абæрæг кодтон Коцойы-фырты. Мæгуыры бонтæ æрвыста. Йæ уаты сынтæг, стъол, дыууæ бандоны æмæ тæбæгъты скъапп йеддæмæ ницы уыди. Фæлæ уæддæр æнувыдæй кодта литературон куыст, æхсæны хъуыддæгты архайдта зæрдиагæй, ирон æвзагмæ ивта уырыссаг классикты уацмыстæ, Хуссар Ирыстоны периодикон мыхуыры оргæнтæн кодта стыр æхсуыс, æвæлмæцгæйæ куыста литературон фæсивæдимæ.

Хæсты размæ фыссæгæн саккаг кодтой орден «Кады Нысан» – йæ адæмæн, советон литературæйæн цы хæрзты бацыд, уый тыххæй...

Хæсты агъоммæ æз цардтæн Дзæуджыхъæуы Лев Толстойы уынджы, уыди мын мæхи хæдзар, стæй чысыл цæхæрадон. Арсены-иу арæх æрбахуыдтон нæхимæ, фæндыди мæ, истæмæй йын куы баххуыс кодтаин, уый, уымæн æмæ уыди бынтон æвæгæсæг. Хæргæ дæр æвзæр кодта, стæй аназын уарзта.

Иу хатт мын афтæ: мæ хæлар, дам, сæны заводы кусы, йæ мыггаг Хæдарцатæй, уый, дам мæм æрбацæудзæни, коньяк, дам, æрбахæсдзæн, æмæ ды дæр сæмбæл. Бацыдтæн æм. Габоци фынгыл силодкæ, æнæстыгъд картæфтæ, дзул æмæ уырыссаг арахъхъы чысыл авг æрæвæрдта. Уæдмæ Хæдарцы-фырт дæр фæзынди.

Ногæй та йæ зæгъын: Арсен фыдцæрдтытæ кодта. Йæ пенси 500 сомы йеддæмæ нæ уыди – хæсты размæйы æхцайæ. Æндæр æм никуыцæй ницы хауди. Фыссын ын бирæ æнтысти, фæлæ йæ уацмыстыл кæронмæ бакуса æмæ сæ джиппы рауадзынмæ бацæттæ кæна, уымæ йæ никуы равдæлд.

Уæлдай уæззау уавæрты та хæсты рæстæг бахауд. Иуахæмы Калакмæ ацыд. Æртæ азы дзы фæцард. Йæ дарæс бынтон базæронд. Дзæуджыхъæумæ цалынмæ здæхт, уæдмæ йын йæ уат бацахстæуыди. Хæдзары хицау æй мидæмæ нал уагъта. Фæстагмæ фыссæгæн горсоветы æххуысæй йæ цæрæнуат райсын бантысти. Фæлæ йæ дзаумæттæ (сынтæг, стъол, бандæттæ, сæйрагдæр та – йæ къухфыстытæ цы дыууæ асыччы æфснайд уыдысты, уыдон) «фæдæлдзæх сты».

Арсен загъта, эвакуацийы, дам, куы цыдтæн, уæд мæ къухфыстытæ асыччыты нывæрдтон, ма ныкъкъаппа-къуппатæ уой, зæгъгæ. Йæ цæссыгтæ нæ урæдта, афтæмæй дзырдта, мæ бирæ азты фыдæбон, дам, доны къусы сæфт фæкодта. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ хæдзары хицæуттæн Арсен уæнгæл фестад. Æппынæдзух дзы домдтой, уат суæгъд кæн, зæгъгæ. Хæдзары уымæй хуыздæр уат нæ уыд: уынгмæ рахизæн дуар ын, стæй галерей. Фыссæг дзырдта, хуыздæр къуым ссарын, дам мын нæ бантыст, æмæ уый азарæй мæ фыстытæ байсæфтысты. Тынг хъынцъым кодта, афоныл сæм кæй нæ базылд æмæ сæ джиппыуадзæнмæ кæй нæ радта, ууыл.

Фæстагмæ куыд рабæрæг, афтæмæй Арсены фатеры хицауæн йæ чызг (Ермакова) хъæууонхæдзарадон институты мемæ ахуыр кодта. Бафарстон æй, æмæ мын загъта, нæ бинонтæй,

дам, уыцы асыччытæ ничи федта, чидæр, дам, рудзынджы æвгтæ асаста æмæ асыччытæ афардæг кодта.

Арсен эвакуацийæ куы ‘рбаздæхт, уæд йæ цард ноджы удхайрагдæр ссис. Хуыссыди пъолыл. Йæ быны цы хъæмп байтыдта, уый кæрон дыууæ метры дæргъæн тымбыл хъæд сæвæрдта, цæмæй хъæмп æддæмæ ма кæла. Фыццаг хатт æй афтæмæй куы федтон, уæд ын загътон, махмæ, зæгъын, рацу. Фæлæ уый цæхгæр «нæ» фæкодта, исчи, дам, куы бафиппайа, мæ уаты цæрæг нæй, уый, уæд, дам æй уайсахат бацахсдзæни кæнæ, дам мын æй мæнæ ацы бинонтæ байсдзысты.

Нæхимæ куы ‘рбацыдтæн, уæд бинонтæн Арсены хабæрттæ ракодтон. Дыккаг бон мæ курдиатмæ гæсгæ Белеккатæй иу лæг (не ‘мкусæг) бæхуæрдоны æрбацыди. Гуыффæйы сынтæг, гобан, хъæццул, баз æмæ хуыссæнты цъæрттæ (дыгæйттæ) сæвæрдтам, æмæ сæ Белеккайы-фырт Арсенæн аласта.

Хæст нæма фæци. Мæн мæ куыстæй тынг не ‘вдæлд (Осоавиахимы куыстон), фæлæ-иу уæддæр рæстæгæй-рæстæгмæ Арсенмæ бауадтæн, мемæ-иу исты хойраг айстон, уымæн æмæ Коцойы-фырт, куыд загътон, афтæмæй, ноздмæ æмхиц уыд, хæргæ та чысыл кодта.

Уалынджы дын иуахæмы нæ Габоци æваст куы ‘рбайсæфид. Хъус-хъус цыди, Калакмæ, дам, хъуыддæгты фæдыл ацыди. Фæстагмæ рабæрæг: фæндагыл цавæрдæр станцæйы бафынæй, æмæ йæ дзыппыты цыдæриддæр уыд, уыдон ын адавтой: йе ‘хца, йæ документтæ, йæ орден. Милицæ йæ чъизи ихсыд костюмы, æнæ документтæ куы ссардтой, уæд æй æрцахстой æмæ йæ æртæ мæйы ахæстоны фæдардтой. Чи у, уый куы сбæрæг, уæд æй рауагътой.

Стыр арфæты аккаг у Дзанайты Иван (Нигер). Уый йын хорз æххуыстæ фæци: Калакмæ йын арвыста ног костюм æмæ æхца, цæмæй йын йæ хæдзармæ рацæуыны фадат фæуыдаид.

Дзæуджыхъæумæ Арсен æрбацыди рынчынæй, йæ къæхтыл ма тыххæй лæууыд. Йæ уаты хуыссыди зыбыты иунæгæй, дон бадæттæг дæр ын нæ уыд. Иухатт ын изæрæй бахастон фæткъуытæ, къафеттæ, печенитæ. Арсен уæлгоммæ хуыссыд æмæ æрхæндæгæй цармæ каст. Æз ын зæрдиаг салам радтон, уый та æнкъардæй афтæ:

– Кæд мын баххуысгæнинаг дæ, уæд курын æмæ мын водкæ æрбахæсс.

Æз ын водкæйы авг æрбахастон, иу фæндзай граммы йын æркодтон.

– Агуывзæ мын байдзаг кæн.

Хæрын æй нæ бафæндыд, æрмæст иу къафетт ракуырдта.

1944 азы 4 февралы нæм æрбайхъуысти: Коцойты Арсен цардæй ахицæн. Йæ мард ын сæвæрдтой Пионерты хæдзары. Тынг бирæ адæм æм æрбацыди. Фысджытæ, артисттæ, горæты интеллигенци цыдысты къордтæй æмæ иугæйттæй. Фæстаг фæндараст зæгъынмæ чи ‘рбацыд, уыдонæн Къостайы музейы кæрт нæ фаг кодта – лæууыдысты асинтыл æмæ æввахс уынджы. Тынг зын мын уыди, фыссæджы райгуырæн хъæуæй (уый уыди мæ хъæу дæр) цыппар адæймаджы йеддæмæ кæй нæ сæмбæлд зианы, уый. Æвæццæгæн, хъæубæстæн хорз нæ фехъусын кодтой.

Зæгъын ма хъæуы уый дæр, æмæ Джызæлы кæй цард Арсены хæрз æфсымæр Малсæг. Фæлæ кæрæдзи хорз не ‘мбæрстой æфсымæртæ. Арсеныл, дам, Малсæджы зæрдæ худти, æхцайæ йын кæй не ‘ххуыс кодта, уымæ гæсгæ. Фæлæ, мæгуыр, фыссæг йæхæдæг йæ бонтæ тыхст æмæ уырыдæй куы ‘рвыста, мамæлайы къæбæрæй куы цард, уæд ма искæмæн æххуысхъом уыд?

Æз Малсæг æмæ йæ фырты дзæбæх зыдтон, Джызæлы сын хорз хæдзар уыди, хъуаг ницæмæй æййæфтой æмæ сæ курдиатджын æфсымæрæн хъуамæ сæхæдæг æххуыс кодтаиккой бахъуаджы рæстæджы. Фæлæ йæ уæлхъус никуы ‘рбалæууыдысты. Малсæджы фырт Зауырбег йæхи фæхудинаг кодта: Арсены марды тыххæй йæм хъæргæнæг куы фæзынд, уæд ахæм дзуапп радта: «Æз æй нæ зонын».

Фæлæ, Коцойты Арсены (Бицойы фырт Габоцийы) чи зыдта, уыдоны зæрдæты баззад æвæджиауы культурæйы, бæрзонд эрудицийы, стыр курдиаты æмæ фæлмæн, хæлар зæрдæйы хицауæй. Иууылдæр ын аргъ кодтой, сæ цæсты уыд иттæг кадджын...

КОЦОЙТЫ Арсен

ТОХЫ БОН

Радзырд

Амондджын бон нæ райгуырди, æвæццæгæн, Додти. Йæ фыдæй йын ницы баззади рагъхæлд бæх æмæ рацъон фæрæты йеддæмæ, гъе уыдонæй куыста боныцъæхæй изæрмæ. Хуыцау хорз, æмæ æрдзæй фидар фæци, хæрзконд æмæ уæнгджын, хъаруйæ æххæст. Фæлæ йæхи йеддæмæ хæдзары кусæг нæ уыди, æмæ йæм цы муртæ хаудта, уыдон ничердæм æххæссыдысты.

Фæззыгон райдзаст райсом Додти самадта уæрдоны сугтæ, аив амад, цæсты куыд ахадыдтаиккой, баифтыгъта дзы йæ рагъхæлд бæхы æмæ араст Дзæуджыхъæумæ. Сугты сæр бадти йæ 8-азыккон хистæр лæппу, йæхæдæг та цыди уæрдоны фарсмæ – тæригъæд кодта бæхæн.

Базары сугæлхæнæгæй фылдæр цы уыди! Ауæй кодта Додти йæ сугтæ æртæ сомыл æмæ йæ хъуыддæгтæ аразынылæ фæци. Хъуамæ балхæдтаид сапон, æндæхтæ, йæ лæппуйæн хæдойнаг, хъуамæ дыууæ-æртæ харбызы æмæ иу дыууæ джиранкайы дзул дæр уæрдоны баппæрстаид æмæ фæстæмæ афойнадыл хæдзармæ æмбæлдаид. Рагæй дæр Додтимæ хорз нæ касти дзæгъæлы фæстиаг кæнын.

Æрурæдта Додти уæрдон иу чысыл магазины раз, – хъуымац дæр дзы уæй

кодтой, алы лыстæг дзауматæ дæр. Лæппу уæрдоны мидæг бадти æмæ алырдæм фæлгæсыди, ныр йеддæмæ Дзæуджыхъæуы нæма уыди.

Райста Додти æртæ адылийы джиппæйфыст, дыууæ къæбæлы æндах, æртæ джиппы сапон æмæ радта дуканийы хицаумæ йæ гæххæттын æртæ сомы. Фидын æй хъуыди æдæппæт фынддæс суарийы. Дуканийы хицау та йын æртæ сомæй фæстæмæ радаргъ кодта фондз суарийы.

– Уый мын цы дæттыс? – бадис кодта Додти.

Дуканигæс фелвæста лагъзæй иу сом æмæ загъта:

– Куыд цы? Сом мæм радтай æмæ дæм фæстæмæ фондз суарийы цæуы.

Додти, йæхи æмбарын куы байдыдта, уæдæй фæстæмæ зыдта, паддзахы хицæуттæ сæхицæн хæсыл кæй нымайынц хæххон адæмы æфхæрын, зыдта, Кавказмæ цы уырыссæгтæ æфты, уыдонæн дæр сæ хъæздгуытæ ахæм зондыл хæст кæй сты.

Додтийы зæрдыл æрбалæууыди, базаргæнджытæ дæр галиу митæ арæх кæй кæнынц, æмæ хъуыддаг хицæуттæм куы бацæуы, уæд кæддæриддæр растæй кæй баззайынц. Бамбæрста Додти, йе ‘хца дзæгъæлы кæй сæфдзысты, æмæ йæ риу ссыгъди мæстæй.

Йæ цæстытæ тартæ кодтой, ацы цъаммар базаргæнæгмæ кæсгæйæ, афтæмæй загъта фырмæстæй ризгæ хъæлæсæй:

– Æз дæм радтон гæххæттын æртæ сомы æмæ, цы æмбæлы, уый æри фæстæмæ!

Дуканийы хицау йæ приказчикмæ бакасти æмæ загъта:

– Ацы гололобыймæ кæсыс? Афтæтæ кæнынц. Сыбырмæ сафинаг сты иууылдæр!

Гололобый цы у, уый Додти хорз не ‘мбæрста æмæ ууыл мæсты нæ кодта, фæлæ Сыбыры кой бамбæрста æмæ æрдæг рæмыгъдтытæй загъта:

– Мæ хуызæттæ нæ, фæлæ дæ хуызæн жуликты æрвитын хъæуы Сыбырмæ.

Дуканийы хицау, бурхил тæнтъихæг лæг, æндæр ран дзурын дæр не суæндыдаид Додтийы хуызæн къамбец-лæгмæ, фæлæ ныр ам зыдта, æхцайæ дæр растæй кæй баззайдзæн, æнæ уый дæр цы бакæна, хицæуттæ кæддæриддæр йæ фарс кæй уыдзысты. Додтийы дзыхæй жуличы кой куы схаудта, уæд уый къух дард фæхаста æмæ йын йе ‘хсæрварс ныццавта.

Уыцы цæфæй Додти змæлгæ дæр нæ фæкодта, фæлæ фырмæстæй йæ цæстытæ атартæ сты. Стойкæты сæрмæ ферттывта хъама. Додти фæхъуыды кодта, йæ хъама цæмдæр хыссæйау фæлмæны куыд бацыди æмæ йæ къух хъамайы фистонимæ базаргæнæджы гуыбыныл куыд банцади. Зыдта Додти йæ хъамайы дæргъ, бамбæрста, фæсонтæй дисны бæрц кæй акасти, æмæ уымæй йæ зæрдæйыл аныдзæвди стыр æхсызгондзинад. Уый уыди иу секунд.

Дыккаг секунды Додтийы сæры арвы æрттывдау ауадысты мæты хъуыдытæ йæ бинонты, йæ æнахъом сывæллæтты тыххæй. Сыбырмæ йæ куы ахæссой, уæд уыдон цы кæндзысты æвæгæсæгæй?..

Лидзыны фæнд фегуырди йæ сæры магъзы... Абырæг... абырæг... Уæд йæ бинонтæм дæр йæ цæст дардзæн, адонæй дæр йæ маст зæрдæйы фаг райсдзæн.

Приказчик фыццаг дзæбæх нæ бамбæрста хъуыддаг æмæ джихæй аззади. Ахæм хъæлæбатæй фылдæр цы хъуыста уый дуканийы, фæлæ ныр куы ауыдта лæджы афæлдæхгæ стойкæйы фæстæ æмæ марæджы къухы тугæйдзаг хъама, уæд, йæхицæн дæр марынæй тæрсгæйæ, аппæрста йæхи фæстаг хатæнмæ, стæй кæртмæ, æмæ уырдыгæй айхъуысти йæ æрдиаджы хъæр:

– Фæдис!.. Абырджытæ! Марынц!.. Амардтой!..

Додти ласт хъамаимæ уынгмæ куы рагæпп кодта, уæд ауад йæ хъустыл уыцы хъæр æмæ бамбæрста, зын кæй уыдзæн аирвæзын. Иу каст ма фæкодта уæрдонырдæм æмæ ауыдта, йæ лæппу тарстхуызæй куыд фестади уæрдоны мидæг æмæ былысчъилæй куыд скуыдта...

«Цæй, сывæллоны исчи бахæццæ кæндзæн хæдзармæ...»

Нымæт хъыгдардта Додтийы лидзгæйæ, фæлæ цы гæнæн уыди, æлвæст хъамаимæ ауагъта йæхи базары кæрæтты. Базарæй куы рахицæн ис æмæ иу нарæг уынджы куы фæмидæг ис, уæд иу каст фæкодта фæстæмæ æмæ федта: сурджытæ кæрæдзи фæдыл ныддаргъ сты, – базаргæнджытæ се ‘мбалы фарс куыннæ рауадаиккой! Мæнæ йæм иу æрбахæццæ кæны, хъилыл бæрзонд хæцгæйæ.

Лидзы дарддæр. Къæхты хъæр æмæ уынæрæй бамбæрста: мæнæ йæ æрбаййæфта, мæнæ йыл хъилы цæф æруайдзæн. Иуварс аппæрста йæхи, æмæ хъилы цæф зæххыл æруади, цæвæг та размæ басхъиудта.

Дыууæ цæфы йын ныккодта Додти æмæ фæхъуыды кодта, уый фенгæйæ, иннæ хæстæгдæр сурджытæ се згъордæй кæй фæкъуылымпы сты.

Аирвæзыны ныфс фæтыхджындæр ис Додтийы зæрдæйы.

Лидзы дарддæр.

Нымæт... нымæт æй хъыгдары, уыййеддæмæ йæ бæргæ нæ раййафиккой.

Мæнæ та къæхты хъæр тыхджындæр кæны.

Хъуыстысты хъæртæ:

– Держите!

– Бейте эту собаку!

Фæкасти та Додти фæстæмæ: мæнæ йæ дыууæйæ æрбаййафынц, – иумæ дзы стыр лæдзæг. Уым Додтийы зæрдыл æрбалæууыди, сæ хъæуы-иу куыд мардтой æрра куыдзы: раст-иу афтæ ныййарц сты йæ фæдыл ныхæсты бадæг адæм: чи хъилимæ, чи дуримæ, чи æндæр ахæм истæимæ.

Мæнæ æрбахæццæ сты. Сæ улæфт сын хъусын байдыдта.

Йæ хъуыды, йæ тых ма цы уыдысты, уый æрбамбырд кодта Додти, аппæрста та йæхи иуварс. Лæдзæг кæмæ уыд, уый размæ куыд фæцæйирвæзти, афтæ йæ барæхуыста. Хъама та аныгъуылди арф, фæлæ Додтийæн йæхи галиу уæхскыл дæр æруади цæф. Уый фæстæ чи уыд, уый басхъиудта лæдзæгджыны мардыл, æмæ йæ Додти фæрсырдыгæй бацавта.

«Цыппар баисты ацы тугцъиртæ», – бацин кодта Додти. – «Æй-джиди, – фегуырди йæ сæры магъзы, – иу къорд ма дзы куы бафтид мæ къухы!»

Фæлæ мæнæ басасти йæ тых, базыдта йæ, кæй нал аирвæздзæн... Уæддæр та ауагъта йæхи дарддæр, фæзылди цæхгæрмæ уынджы. Бахæццæ ис йе ‘мбисы онг, афтæ та йæ æрбаййæфтой. Кæй йæ æрбаййæфтой, уый базыдта Додти. Фæзилынмæ та хъавыди йæ хъама, фæлæ йын нал бантысти. Уæззау хъилы цæф æруад йæ сæры фахсыл æмæ рахиз цонгыл. Асхъиудта Додти размæ, афæлдæхти дæлгоммæ. Зæхмæ куы хауди, уæд ма иу хъуыды ферттывта йæ сæры магъзы: «Нымæт мæ фесæфта, æппарын æй хъуыди!»

Уынджы æддаг тигъыл цы городовой лæууыд, уый февнæлдта йæ уасæнмæ, фæлæ, хæххоны кæй нæмынц, уый куы федта, уæд уасæн фæстæмæ æруагъта æмæ йæхи æндæрырдæм кæсæг скодта... Йæхæдæг дæр ын иу-дыууæ тъæппы бæргæ ныккæнид, фæлæ... городовойы дзаума йæ хъыгдары!

Додти куы ахауди, уæд ыл уым æрлæууыдысты, чи йæм куыд арæхсти, афтæ, – чи йæ лæдзæгæй цавта, чи дурæй, чи та йæ къахæй тъæппытæ кодта.

Цæфимæ алы фыдæлгъыст хъуысти хæххон адæмыл:

– Ныццæгъдын хъæуы ацы куыйты иууылдæр!

– Фæсурын хъæуы ацы гололобыйты Сыбырмæ!

Додти ма дыууæ-æртæ хатты сыстыны змæлд скодта, фæлæ иу бурхил бæрзонд лæг, фырцинæй дæндæгтæ базыхъхъыр кæнгæйæ, стыр уираг дур æрбадавта, бæрзонд æй систа æмæ хорз æрхъавыди сæрмæ.

Дур батыдта сæры кæхцы, æмæ магъз тугимæ хъулон адардта дуртыл.

Нæмджытæ ма фæстаг æлгъыстытæ скалдтой Додтийыл, чидæртæ ма йыл ныттутæ кодтой æмæ фæйнæрдæм айстой сæхи.

Уæд городовой зулмæ ракасти æмæ, лæг кæй нал змæлыди, адæм та кæй апырх сты, уый куы федта, уæд йæ уасæн сындæггай йæ дзыхмæ схаста æмæ фæдисы æхситт ныккодта.

АРСЕНЫ КАРИКАТУРÆТÆ «ÆФСИР»-Ы

Малхаз хистмæ фæцæуы.

Малхаз хистæй рацыди.

Къутæрджыны устытæ сабатизæры фæцæуынц.

Къутæрджыны устытæ сабатизæрæй раздæхтысты.

Чысыл йæхиуыл чи фервæссы,
уый мæгуыр адæмы астæу йæхимæ куыд кæсы.

Йæхицæй тыхджындæрты кæнæ хицæуттæй
искæй раз та цы хуызæн æрвæййы.

– Хъуыдайнат, нæ разы ничи ис, – зæгъ-ма мын раст: цал бæхы, цал стуры радавтай дæ цæрæнбонты?

– Цы кæны, зæгъдзынæн дын æй. Радавтон нымадæй 250 бæхтæ æмæ 320 стуртæ.

– Æмæ уæдæ уыйæппæт фосæй йе дæ хæдзарыл куы ницы зыны, йе та дæхиуыл, уыцы тынд мæгайы хуызæн куы дæ!

– Æз дын, Тотырадз, мæ ныхас зæгъын: уырны дæ æви нæ, уый та дæхи хъуыддаг у...

– Уырны мæ, уырны, Хъуыдайнат, фæлæ ныр бамбæрстон, фыдæлты æмбисонд раст кæй у: «Давæггаг фарсыл нæ хæцы».

– Мæ къонайыл!.. Ацы уæззау къуыстилы бын искуы æрхаудзынæн æмæ худинаг кæнын.

– Цы хорз фидауы уыцы ног чындз къуыстилимæ!

Ацы æнхъæлцау фæсивæд, цымæ, кæцон сты?

– Цы фестут? Азарут, цæй!
«Гашбулат удалой,
Бедна шакли твая,
Жалатой казна
Я ушиплу тебе...»



– Хуыцауыстæн, Тембол, нал дæ базыдтаин – ирон хуызæй дæм ницыуал ис!

– Æз дæр дæ нал базыдтаин, хуыцауыстæн, Саукуыдз – къаролы хуызæн сдæ! Кæм æрбынат кодтай?

– Африкæйы, Трансвалы... Зæххытæ дзы балхæдтон, хæдзар дзы самадтон.

– Уæдæ ды дæр мæнау фыдыбæстæ ферох кодтай... Æз та Америкæйы æрбынат кодтон...

– Фыдыбæстæ нæ зæгъыс? Дæ гуыбын хуыздæр кæм дзаг кæнай, уый дын фыдыбæстæ...

– Раст зæгъыс уымæй... Мæнæн дæр ахæм зæрдæйы конд ис.

– Рагæй дæр иухуызон уыдыстæм.

– Габо, Уæрæсейæ куы ссыдтæ, уæдæй фæстæмæ дæ сыгъдæг иронау дзургæ никуы федтон... Цæй тагъд дæ ферох ирон æвзаг, дыууæ азы йеддæмæ Уæрæсейы куы нæ фæдæ?

– Не понимайт... Моя чалавик ученай... Моя твоя шалтай-балтай осетинцкæй не лубит!..

– Мæ хæлар, чысайнаг, Христос воскресенæ!

– Икнеба мын куадзæны арфæтæ кæныс? Чырысти дзы бамбæрстон, фæлæ а «воскресенæ» цы у, ме ар уици. Зæгъ, куыд æмбæлы, афтæ: «Чырысти агъдга» æмæ йæ бамбарон!

– Чорт знаит, цы дзуры, чорт знаит, кæцонау.

– Иугай ныхæстæ нæм фæвæййы гуырдзиагау, уый къи у, фæлæ сымах, рогорц уырыс, афтæ дзурут...

ГӘДИАТЫ ЦӨМАХЪ: 130 АЗЫ

ДЗЕСТЫ Куыдзæг

ГÆДИАТЫ ЦОМАХЪ

Мысинæгтæ

Иуæй-иу адæймæгтæн канд сæ уынд, сæ бакастæй нæ, фæлæ æрмæст сæ койæ, æрмæст сæ ном зæгъгæйæ дæр лæджы зæрдæ барухс вæййы, цавæрдæр æхсызгондзинад æмæ цины аныгъуылы. Ахæм адæймаг уыд номдзыд ирон фыссæг æмæ революционер Гæдиаты Секъайы фырт Цомахъ. Зынгæ æмæ хъуыстгонд лæгтæн дæр, иннæ адæмтау, сæ дзыллæйы æхсæн уæлдай бæрæг фæдарынц сæ удыхъæды иуæй-иу миниуджытæ: кæмæн йæ хæлар зæрдæ, кæмæн йæ бакаст, йæ мæлгъæвзаг, йæ зонд, фæлæ мæм Цомахъ ныртæккæ дæр афтæ кæсы, цыма, æрдз адæймагæн цыдæриддæр æвæрццæг миниуджытæ радта, уыдонæн сæ фылдæр уый фесты. Бæрзонд, къæсхуыргомау, хъæстæлвæст, чысыл хæбуздзæсгом, æвæццæгæн, раджы кæддæр фæрынчын дзуарæй. Йæ дзыхы дзырд – фæлмæн, ивазгæ дзырдтæ, рæвдаугæ хъæлæсы уаг, худæнбыл æнгас.

Цомахъæн йæ кой рагæй хъуыстон. Æмбæлгæ та йыл фæкодтон 1924 азы. Ирон фыццаг профессионалон актер Тотраты Бесæйæн аивады æмæ рухсады кусджытæ сарæзтой юбилей. Уæды рæстæджы ныры хуызæн парахат фадæттæ нæ уыд ахæмтæ аразынæн, фæлæ уæддæр, обкомы хæдзары бын цы къаннæг клуб уыд, уый байдзаг адæмæй (ныртæккæ

Бæстæзонæн музей кæм ис, уый – Сабырдзинады проспекты).

Тотраты Бесæ кæм хъазыд, ахæм иуактон пьесæ равдысты фæстæ райдыдтой арфæйы ныхæстæ. Арфæгæнджытæй иу уыдис Цомахъ. Сценæйы дзургæйæ, Цомахъ йе ‘ргом аздæхта Бесæйырдæм, цыма сæ дыууæйы йеддæмæ залы ничи ис æмæ лæгæйлæгмæ ныхас кæнынц, ахæм хуызы, æмæ загъта:

– Бесæ! Аивадон æмæ драмон уацмыстæ бирæ ис чиныгдæтты. Уыцы уацмыстæ адæмы размæ рахæссынц актертæ, базонын сæ кæнынц дзыллæтæн. Уыцы актертæй, уыцы артисттæй дæ ды дæр...

Уымæй дарддæр цы дзырдта Цомахъ, уыдон бæстон нал хъуыды кæнын, чи зоны, се ‘ппæт æмбаргæ дæр нæ бакодтон, фæлæ ма абон дæр мæ цæстыты раз лæууы юбиляр Бесæйы цæсгом. Цомахъы зæрдæбын æмæ цæстуарзон ныхæстæй афтæ ныфсæрмы Бесæ, æмæ æппындæр нал арæхст дзуапп раттынмæ, зырзыр кодта, йе ‘взаг йæ коммæ нал каст.

Уыцы бонæй фæстæмæ, Цомахъ лекци кæсдзæн, зæгъгæ-иу куы фехъуыстон, уæд, амал уæвгæйæ, тырныдтон уырдæм бахауынмæ. Иуæй иронау кæй дзырдта, стæй рæсугъд æвзагæй, уый тыххæй, иннæмæй та мæхæдæг дæр цымыдис цæмæ уыдтæн, ахæм хъуыддæгтыл кæй дзырдта, уый фæдыл. Уыцы клубы ма уый фæстæ байхъуыстон Цомахъы лекцимæ æппæт дунейы уавæры тыххæй. Уый дæр – ирон æвзагыл. Уыцы рæстæджы империалистон паддзахæдтæ лæбурдтой Китаймæ, цæмæй йæ ныддихтæ кæной се ‘хсæн. Советон Цæдис та ахæм лозунг раппæрста: «Руки прочь от Китая!» Мæ зæрдыл ма лæууы, уыцы лозунг Цомахъ цы хуызы дзырдта, уый: «Уæхи дард айсут Китайæ!»

Чысыл фæстæдæр ма уыцы клубы байхъуыстон Цомахъы лекцимæ Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны географийы тыххæй: бæстæйæн йе ‘вæрд, арæнтæ, хæхтæ, дæттæ, æфцæджытæ, кæмттæ æмæ æндæрты тыххæй. Йæ лекцийы мæм диссаг фæкаст, дыууæ Ирыстоны дæр афтæ бæстон кæй зоны, уый, уæлдайдæр та, æфцæджытæй цы загъта, уый. Цæгат Ирыстонæй Хуссар Ирыстонмæ цы æфцæджытыл ахизынц, уыдонæн, дам, се ‘вæрд афтæ у: цæгатырдыгæй, суанг рæбынæй æфцæджы сæрмæ схæссынц æдзæгвæз, фæлæ фæсæфцæг цæхгæр фæуырдыг вæййынц... Æз зыдтон уыцы æфцæджытæн сæ фылдæры: Бæрзæфцæг, Тырсыйы æфцæг, Сыбайы æфцæг, Ручъы æфцæг æмæ Дзомагъы æфцæг. Æцæг афтæ сты. Цæгатырдыгæй суанг

комæй уæлæмæ æфцæджы сæрмæ 2–4 километры бæрц фæзау у фæндаг, фæлæ рагъæй фалæмæ цæхгæр фæуырдыг кæны. Уый зыдтон æз дæр, фæлæ мæ хъуыдыйы никуы ‘рцыд, се ‘ппæт дæр афтæ æмхуызон сты, уый.

1925 азы Цомахъ редактор уыд газет «Рæстдзинад»-æн. Æртыккаг аз цыдис газет «Рæстдзинад», æмæ уыцы рæстæгмæ йæ уацхæсджытæ дæр бабирæ сты. Цомахъ сфæнд кодта уацхæсджытæн съезд саразын. Уый уыд мартъийы мæйы Цæгат Ирыстоны Автономон республикæйы Æххæстгæнæг комитеты хæдзары (ныртæккæ Мидхъуыддæгты Министрад кæм ис, уым – Бутырины уынг). Съездмæ æрцыд иу дыууисæдз адæймаджы бæрц. Ахаста дыууæ боны. Раныхæстæ дзы кодтой: редакцийы куысты тыххæй Цомахъ йæхæдæг, партийы обкомы номæй фыссæг Барахъты Гино, уацхæсджыты куысты тыххæй фыссæг Гулуты Æндыри æмæ облæсты прокурор Дыгуры Къоста. Съезд равзæрста уацхæсджыты бюро æртæ лæгæй æмæ ууыл ахицæн Цæгат Ирыстоны облæсты уацхæсджыты фыццаг съезд.

Дзæуджыхъæуы уырыссаг драмон театр сфæнд кодта Брытъиаты Елбыздыхъойы трагеди «Амран» уырыссаг æвзагыл сæвæрын. Бацæттæ йæ кодтой. Театры иунæг бынат дæр нал уыд афтид, суанг ма, «галеркæ» кæй хуыдтой, уым дæр. Спектакль райдайыны агъоммæ сценæйы æмбæрзæны размæ ралæууыд Цомахъ æмæ райдыдта дзурын. Куы ма йæ загътон, иронау куыд дзуры, уый цалдæр хатты фехъуыстон, фæлæ йæ уырыссагау дзургæ никæд ма фехъуыстон. Дзургæ та афтæ сыгъдæг, æнæ акцентæй æмæ æнæфæкъæзгæ, кодта, æмæ дисы æфтыдта, чи йæм хъуыста, уыдоны – иронæй, уырыссагæй.

Скъолайæ рацæугæйæ-иу арæх бауадтæн «Рæстдзинад»-ы редакцимæ. Иубон мæм Цомахъ фæсидт йæхимæ. Редакци уыд дыууæ къаннæг уаты. Цомахъ бадтис мидæггаджы. Мæн куы федта æддаг уатмæ æрбахизгæ, уæд радзырдта:

– Куыдзæг, ардæм-ма рауай!

Бацыдтæн æм. Фæфарста мæ: кæм ахуыр кæнын, кæцы къласы, кæм цæрын æмæ æндæр ахæмтæй. Стæй мын уый фæстæ загъта редакцимæ кусынмæ æрбацæуыны тыххæй. Зæгъын, мæ ныфс нæ хæссын, никæд ма куыстон ахæм ран, æмæ куы нæ сарæхсон...

– Тæрсгæ ма кæ, – загъта Цомахъ, – райдайæны уал мæнæ фæкæсдзынæ газеттæ æрвитыны хъуыддагмæ, стæй сындæггай редакцийы куыстмæ бахиздзынæ...

Гъемæ райдыдтон кусын. Уæды рæстæджы газеты тираж минтæй нымайгæ нæма уыд, фæлæ дзы уæддæр дзæвгар куыст уыд: алы экземпляр дæр бадыдæгътæ кæн, адрис ыл сасымæй баныхас, стæй сæ сбæтт æмæ сæ де ‘ккой постмæ ныххæсс. Уым посты кусæгæн йæ къух æрфыссын кæн, газеттæ кæй айста, уый тыххæй, æмæ ахицæн куыст дыууæ-æртæ боны (уыцы рæстæджы газет алы бон нæма цыд).

Иубон типографийæ сдзырдтой: газет мыхуыргонд фæуыдзæн цалдæр минуты фæстæ, æмæ йæ аласут. Æз нæма зыдтон, газет куыд фæласынц, уый æмæ бацыдтæн Цомахъмæ. Уый мын бацамыдта: проспекты цы афтид файтоныл фембæлай, уый акæн типографимæ, газеттæ дзы сæвæр æмæ сæ слас, æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта:

– Гъеуый дын дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр... Ома, уырдæм дæр æмæ фæстæмæ дæр.

Иннæ хатт та афтæ рауад. Типографийæ сдзырдтой, газет аласут, зæгъгæ, фæлæ æд файтон куы ныццыдтæн, уæд рабæрæг: газетæн йе ‘мбис нæма у мыхуыргонд.

– Уæдæ æгæр раджы цæмæн сдзырдтат? – фæрсын типографийы хицауы.

– Афонмæ хъуамæ фæуыдаид мыхуыргонд, фæлæ машинæ фехæлд, æмæ уый тыххæй бафæстиат стæм, сахаты æрдæгмæ фæуыдзæн мыхуыргонд.

Файтоны хицауæн куы загътон, сахаты æрдæг фæлæуу, зæгъгæ, уæд мæ афарста:

– Æмæ мын уыцы рæстæгæн æхца бафиддзынæ?

Æз зонгæ дæр нæ кодтон, уыцы лæуды рæстæгæн дæр æхца фæфидынц, уый æмæ фæтыхстæн мæхимидæг. Бæхтæрæгимæ схъæлæба стæм. Афтæмæй нæ æрæййæфта Цомахъ. Æз æгæр æрæгмæ куы цыдтæн, уæд нал фæлæууыд æмæ æрцыд. Мæн афтæ тыхстæй куы федта, уæд бахудт æмæ фæрсы:

– Сагъæсхуыз куы дæ, Куыдзæг.

Радзырдтон ын хабар.

– Æмæ ууыл та цы маст кæныс? Бафиддзыстæм бæхтæрæгæн иуцалдæр капеччы уæлдай, æндæр цы, – стæй бæхтæрæгимæ дзурыныл фæци.

Уыцы бонæй фæстæмæ, газет мыхуыргонд фæцис, уый-иу цалынмæ развæлгъау сбæлвырд кодтон, уæдмæ файтон не ‘ххуырстон...

Цомахъмæ дæр фæуæндондæр дæн. Иубон нæ дыууæ дæр типографимæ цæугæйæ фембæлдыстæм Гутнаты Гылцийыл. Гылци – типографийы кусæг, дамгъæвзарæг, уыцы куыст рагæй кодта, æндæр дзы ирон дамгъæвзарæг нæ уыд. Йе ‘фсымæр Елбыздыхъо революцийы агъоммæ немыцаг ус ракуырдта æмæ алыгъд Германмæ. Уым куыста типографийы, стæй йæхæдæг дæр сси типографийы хицау. Ссæдзæм азты йæ типографийы рауагъта цалдæр ирон чиныджы. Гылци сфæнд кодта йе ‘фсымæры бабæрæг кæнын. Облæсты æххæстгæнæг комитетæй райста ацæуыны бар æмæ ма ныртæккæ зылди цавæрдæр гæххæттытæ бабæстон кæныныл. Цомахъимæ ныл амбæлди типографийы бакомкоммæ булвары.

– Гылци, уæдæ цæуыс Берлинмæ? – фæдзырдта йæм Цомахъ.

– Уæллæгъи, цæуын, Цомахъ, бирæ мæ нал хъæуы, фæрæвдз кæнын, – дзуапп радта Гылци, Цомахъæн йæ къух райста, афтæмæй.

– Гъеуæдæ-иу уым Штреземанæн афтæ зæгъ, мах дæр, зæгъ, амæлттæ кæнæм...

– Уый дын мæ быгъдуан, Цомахъ! – бахудт Гылци æмæ атындзыдта облæххæсткомырдæм.

Уыцы чысыл хабар мæ зæрдыл уый тыххæй бадардтон, æмæ уæды онг никæд ма федтон Цомахъы хъазæн ныхæстæгæнгæ. Зыдтон, Штреземан – уæды рæстæджы Германы паддзахады æддагон хъуыддæгты министр кæй у, уый æмæ цы бар дары махмæ? Кæнæ Гылцийы балцмæ?

Газеты æрмæгæн йæ фылдæр æмбис Цомахъ йæхæдæг цæттæ кодта. Номыры разуац куы ныффыста, уæд-иу хаттæй-хатт фæдзырдта мæнмæ:

– Куыдзæг, рауай-ма!

Сбадын мæ-иу кодта йе стъолы раз.

– Байхъус-ма! – æмæ-иу райдыдта йæ уац хъæрæй кæсын.

– Гъы, куыд дæм кæсы? – бафарста-иу, каст-иу куы фæцис, уæд уыцы æцæгхуызæй. Æз æмбæрстон, Цомахъ йæ уац мæнæн нæ, фæлæ йæ йæхицæн кæй бакаст, уый.

– Тынг хорз у, Цомахъ! – загътон-иу æз дæр æцæгхуызæй.

Арæх фыста Цомахъ æнæуи уацтæ дæр, тæлмацтæ, растфыссыны (орфографийы тыххæй), мыхуыр кодта йæхи æмдзæвгæтæ дæр. Азæн йæ фыццаг номырæй фæстæмæ райдыдта

мыхуыр кæнын йæхи тæлмац къаннæг брошюра «Ленин-Ульянов. Е цард. Е куыст. Е фæндтæ».

Уæды рæстæджы ирон æвзаджы орфографи нæма æрбæстон, алчидæр йæхионы хуыдта æппæты растдæр. Цомахъ дæр фыста йæхирдыгонау. «Йæ»-йы бæсты фыста «Е»: «йæ цард» нæ, фæлæ «е цард», «раивта е Цомахъ». «Уый» нæ, фæлæ «уи». Иттæг ахсджиаг уыд орфографийы хъуыддаг æмæ-иу газеты иуæй-иу номырты фæстаг фарс æгасæй дæр уымæн бахъуыд.

Газеты цыппæрæм номырæй фæстæмæ Цомахъ райдыдта мыхуыр кæнын Вильгельм Либкнехты уацау «Хæлуарджытæ æмæ бындзытæ» иу цалдæр номыры, йæхи тæлмац, стæй «Интернационал» дæр йæхи тæлмацгондæй. Хуыздæр мæм фæкаст йæхи æмдзæвгæ «Фæнды мæ мæн...» Æнæкæсгæйæ дзурын дæр æй сахуыр кодтон:

Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Мæгуыр лæг царды уаг æмбара.
Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Лæджы фæллой йæ кад ыссара.
Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Рæстдзинад адæммæ куыд хъара.
Фæнды мæ мæн, цæмæй нæ Иры
Нæ тых, нæ фæнд, нæ сæр нæ бар уа.

Хорз мæм фæкаст, Виктор Гюгойæ цы ратæлмац кодта, уый дæр. — «Хъазуат баррикадыл». Уыцы æмдзæвгæ уæды онг никуыма бакастæн уырыссагау тæлмацæй дæр. Революционертимæ æрцахстой хæрзæрыгон læппуйы дæр. Контрреволюционертæ сæ æрæвæрдтой æхсынмæ. Саби бахатыд марджытæм, цæмæй йæ ауадзой йæ мады фенынмæ, уайтагъддæр фæстæмæ фездæхдзынæн, зæгъгæ. Худæг фæкаст уыцы курдиат марджытæм, фæлæ йæ ахудыны тыххæй фæлварынæн ауагътой йæ мадæн «хæрзбон» зæгъынмæ. Чысыл фæстæдæр кæсынц, æмæ læппу фæстæмæ сæ цуры æрбалæууыд, æрлæууыд иннæ революционерты фарсмæ къулы æнцой æмæ загъта:

«Цæй, фæстиат ма кæнут! Цæвут!»

Зæгъын ма хъæуы уый дæр, æмæ уæды рæстæджы редакци никæмæн фыста гонорар, йæхи кусджытæн дæр æмæ æддагæттæн дæр.

Цомахъ 1925 азы кæронмæ æххæст нал бакуыста редакторы

бынаты. Æндæр куыстмæ йæ кæй раивтой, уый тыххæй рацыд уырдыгæй, æмæ редакторы бынаты кусын райдыдта Галазты Дадус.

Уæдæй фæстæмæ арæх нал æмбæлдтæн Цомахъыл. Иуахæмы фембæлдтæн Цомахъæн йæ кæстæр æфсымæр Петкайыл, æмæ мын Цомахъæй ахæм хабар радзырдта. Петка йæхæдæг куыста уыцы рæстæджы Облæсты Фæлхасады Цæдисы – проспекты, ныртæккæ колхозон магазин кæм ис, уым. Иубон, дам, мæм Цомахъ фæдисы уадæй æрбамидæг мæ куысты бынатмæ æмæ мæм æрбадзырдта къæсæрæй:

– Рауай-ма!

– Цы хабар у?

– Рауай-ма, тагъддæр!

Æз, дам, рацыдтæн къæлидормæ æмæ мын уым Цомахъ афтæ, дæлæ, зæгъы, бульвары федтон иу ацæргæ лæджы æмæ мæм нæ фыды хуызæн фæкаст...

– Гъе, æмæ цы?

– Бакæс-ма йæм ды дæр, æмæ кæд дæумæ дæр афтæ фæкæса, уæд ын йæ къам сисæм æмæ нæм уыдзæн нæ фыды къам...

Нæй! Ницы рауад Цомахъы фæндæй. Петкамæ уыцы лæг тынг нæ фæкаст сæ фыды хуызæн æмæ ма йын йæ къам дæр цæмæн истаиккой.

Сæ фыд – хъуыстгонд, номдзыд ирон фыссæг Гæдиаты Куыцырийы фырт Секъа дæс æмæ ссæдз азы бæрц фæкуыста Цæгат Ирыстоны хъæуты, фондз азмæ æввахс ацард горæт Дзæуджыхъæуы дæр, фæлæ йæ цотæн йæ къам нæ ныууагъта. Иуæйиу адæймæгтæ нæ фæуарзынц сæ къам исын, ницæйаг ми сæм кæсы уый, фæлæ Секъа, мæнмæ гæсгæ, уыдæтты тыххæй мыййаг нæ фæци æнæрлæугæ фотографы раз. Йæ мызд уыди мæй аст сомы, æмæ фараст бинойнаджы дарæгæн, æвæццæгæн, алы капекк дæр нымад уыди, авд сывæллоны фыдæн йæ къух нæ амыдта йæ фæстаг капеччытæ къамтыл хардз кæнын...

Петка мын радзырдта, йæ фыд куыд фæзиан, уый дæр. Уый уыд 1915 азы сæрды. Йæ фыд Секъаимæ араст сты Дзæуджыхъæуæй Хъудмæ бæхуæрдоны, сæ хæдзармæ. Секъа архайдта уæрдонимæ, Петкайæн та загъта:

– Лæппу, ды уал сындæггай цæугæ разæй, æз дæр дæ æйфдзынæн...

Петка араст фистæгæй. Фæуæлдæр дыццæджы базарæй,

фæуæле горæтæй, Редантæй дæр, уæддæр йæ фыд нæма зыны. Бахызт Бæлтайæ дæр, уæддæр æй нæма æрбайййæфта йæ фыд. Цæмæй зыдта Петка, йæ фыд æгас нал, у, уый! Хабар та афтæ уыд: Секъа æд уæрдон Ольгинскæйы уынгæй (ныр Орджоникидзейы уынг) Арвыкомы фæзилæнмæ куы бахæццæ, уæд йæ бæх фæтарст машинæйæ æви трамвайæ, фæрсæрдæм асæррæтт ласта, Секъа рахауд уæрдонæй, йæ сæр дурты цæндмæ æрхаста æмæ æдзæммард фæцис...

Фæстаг хатт ма фембæлдыстæм Цомахъимæ 1931 азы сæрды. Цардис Вагзалы проспекты (ныртæккæ Марковы уынг). Уæд ма рог рынчын уыд. Хуыссыд йæхи фатеры. Æнæуи дæр къæсхуыр уыд, ныр бынтондæр сцола.

Бирæ нал ахаста, мæгуыр, фæззæджы ахицæн цардæй. Йæ баныгæныны тыххæй уыд æмбырд партийы обкомы. Йæ рынчыны размæ, Цомахъ ректор кæмæн уыд – Цæгат Кавказы педагогон институт, – уый ректор фæндон бахаста, цæмæй Цомахъ ныгæд æрцæуа аргъуаны кæрты Хетæгкаты Къостайы фарсмæ, фæлæ обкомы секретарь не сразы уыцы фæндоныл, уым, дам, сауджынтæ æмæ инæлæрттæ ныгæд сты, зæгъгæ. Баныгæдтой йæ, Ирыхъæуы уæлмæрд кæй хуыдтой, уым. Ингæны уæлхъус радзырдтой цалдæрæй Цомахъы цард æмæ куысты тыххæй. Уæлдай зæрдæбындæр ныхас ракодта, паддзахы заманы йæхæдæг дæр Цомахъау Сыбырмæ хаст чи уыд, – Дзæуджыхъæуы уырыссаг театры директор –зæронд политкаторжанты æхсæнады уæнг Полякова.

ГÆДИАТЫ Цомахъ

ÆХСÆРДЗÆН

Былæй айнæгмæ гæпп!
Дурæй дурмæ сæррæтт!
Къæйæ къæймæ пæрræст!
Къулæй къулмæ æппæрст!
Афтæ згъоры æхсæрдзæн.

Абон уымæн йæ дуг.
Дæлæ коммæ йæ дугъ.
Уæлæ арвмæ йæ хъæр.
Тындзы, тилы йæ сæр
Æмæ хъазы æхсæрдзæн.

— Ам æз иунæг дæн, нæ?
Ам æз сидзæр дæн, нæ?
Кæс, мæ цæссыг кæлы,
Урс пырхæндæг кæны.
Лидзын, лидзын æз фурдмæ.

Хъызтæй салд уыдтæн æз.
Ихæй фервæзтæн æз,
Тымыгъ нал цæвы мæн,
Зæгъ фæндараст мæнæн,
Цæуын донæфсæст фурдмæ.

Ма тæрс, иунæг нæ дæн,
Дæттæ ме ‘мбал мæнæн,
Уарзын фурды уылæн,
Уарзын денджыз-фыцæн, —
Зары, зары æхсæрдзæн.

Былæй айнæгмæ гæпп!
Дурæй дурмæ сæррæтт!
Къæйæ къæймæ пæрræст!
Къулæй къулмæ æппæрст!
Афтæ згъоры æхсæрдзæн.

ÆХСÆРДЗÆНЫ ХЪАСТ

Равзæрди, рацыд æхсæрдзæн цъæх цъити-уæлвæзæй,
Райгæ æрттывта цæппузырау хуры цæстæй.
Цинæй сæррæттытæ кодта, зæрдæрухс хъæлдзæгæй.
Фурдмæ æрхæццæ ис, фурдимæ баиу цырдæй.

Фурд дæр æй сау къæйыл уайтагъд ныццавта
пырхгæнгæ,
Къæдзæхрæбынты йæ ‘ууæрста фыдæууæрст мæстæй.
Айста йæ дугъонау, гъæйтт, зæгъгæ, кæмтты
хъæргæнгæ,
Акæс-ма быдырмæ, уым дæр æй суылæнтæ кодта
сæрæй.

Рагон æнæкæрон денджызмæ бахауд æхсæрдзæн,
Урсбарц æнæнцой фæйлауæн æй ахаста дард.
Сфæлмæцыд, суынгæг йæ балцæй нæ мæгуыр
æхсæрдзæн,
Денджызæй нал хъуысти, нал цыд æппындæр йæ зард.

Хохбæстæм, райдзаст къуылдымтæм æрбæллыд
æхсæрдзæн,
Цъитийы рухс хъæбыс та йæм дзæнæтау фæкаст...
Денджыз та базмæлыд... Æрбацæуы хъазгæ йæ уылæн,
Чи дын фехъусдзæни ам та, æхсæрдзæн, дæ хъаст?!.

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег

ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ[1]

Сæргæндтæ романы дыккаг чиныгæй

* * *

Цæрынц æххæст цардæй мæ хæлæрттæ, цæрынц æмæ фырцинæй райынц. Бонæн баизæрæй нæ тæрсынц æмæ рæстæгсафæн митæ кæнынц – зарынц, кафынц, кæрæдзийы рæвдауынц. Искуы иу хатт сæ мыды къæм бахауы, æмæ фæзулдзых вæййынц, фæлæ уайтагъд бафидауынц, æмæ та мæм тыргъæй сæ хъæлдзæг кæлкæл æрбайхъуысы. Сæ бонтæ æрвитынц сæ кармæ гæсгæ, æрыгæттæн куыд æмбæлы, афтæ. Æвзонгдзинад уалдзæг у, уалдзæг та царды райдайæн у æмæ æрдзæй йæхионтæ домы, цы йæм дзы хауы, уый æвæстиатæй райсынмæ тырны, æмæ йæ ныхмæ фæлæууæн нæй, уымæн æмæ йын уыцы хъару гуырдзæй лæвæрд у.

Æрæджы дæр ма се ‘дылы митæй мæ хъуырмæ уыдтæн æмæ сын мæхинымæр карз уайдзæфтæ кодтон, фæлæ сæм ныр мæ зæрдæйы уаг аивтон. Сæ буар ног уавæрты цæрынмæ сцæттæ и, æмæ сæ фыцгæ тугыл фæуæлахиз уæвын нæ фæразынц. Сæ рæстдзинад сын мидæгæй арф кæмдæр æнкъарын æмæ йыл разы кæнын, уæлдайдæр, ныртæккæ мæ сыгъд бæллицты ‘ртхутæгмæ кæсгæйæ. Фæнды мæ алцыдæр ферох кæнын, мæ ивгъуыд азтыл мæ къух сисын, мæ къуыхцытыл

[1] Дарддæр. Райдайæн кæс журналы 2011 азы 12-æм æмæ 2012 азы 1-аг номырты.

басæттын æмæ мæ цард ногæй райдайын, фæсивæдмæ атындзын æмæ семæ æнæмæтæй хъазын, фæлæ мæ бон нæу. Цыдæр тых мæ фезмæлын нæ уадзы, стыр бæрнондзинад мыл æвæры, æмæ адæмы раз мæхи хæсджыныл нымайын. Афтæ мæм кæсы, цыма, мæ алыварс цы æцæгдзинад и, уый нæ литературæйы раст æвдыст нæ цæуы, цыма нæ фысджытæ, стæмтæй фæстæмæ, хицауады цы 'рдæгрæстдзинад хъæуы, уымæн табу кæнынц æмæ царды ахсджиаг фарстатæм барæй не 'вналынц. Æмæ уыдон цыфæнды дæр фæуæнт; чи цы кæны, уый – йæхицæн, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, сыгъдæгзæрдæ уырнон дзыллæты раст фæндагыл нæ аразынц, сæ зондахаст сын зыгъуыммæ здахынц, сæ зæрдæтæ сын цæхæркалгæ æрдзон хæзнаты бæсты хуымæтæг æвгты мæнгæрттывдæй æлхæнынц, æмæ мæ уый мæ астæуыл дыууæ дихы кæны. Уымæй зындæр та мын у, сайын сын куыд æнцонæй комынц, уый. Революцийы агъоммæ адæм сæ уæззау æфсондзы бын хъизæмарæй мардысты, стæй сыл хур ракасти, зындонæй фервæзтысты, æмæ сæм уæларвæй цы бæрæгбон æрцыди, ууыл цин кæнынæй не 'фсæдынц. Куыд ис ахæм æнæрхъуыды аргъæуттæй адæмы сæртæ дзæгъæл кæнæн? Адæймагæн йæ хъуырдухæнтæ ма 'вдис, фæлæ партийы уынаффæтæ куыд æхсызгонæй æххæст кæны, ууыл даргъ æмдзæвгæтæ фысс æмæ дзы стыр æхцатæ ис. Нæ, æз ахæм фæндаг никуы равзардзынæн. Фæлтау ме 'фцæгыл мæгуыргуры хызын бафтаудзынæн.

Мæ хъуыдыты фæдыл ацæуын, æмæ мæ фæсивæд сæ лыстæг хабæрттимæ ферох вæййынц, стъолы уæлхъус æрбадын æмæ ме 'нæрай хъысмæты фыддæрагæн ме 'хсидгæ æнкъарæнтæ гæххæтмæ фæхæссын. Кæй никуыдæм ахæццæ уыдзысты, уый зонын, уæззау нывтæ æмæ тар ахорæнтæ фæрогдæр æмæ фæрухсдæр кæныныл архайын, фæлæ мæ сæр æмæ мæ зæрдæ мæ коммæ нæ кæсынц. Кæд мыл ахъаззаджы цæф æрцыди, уæддæр мæ ныфс кæронмæ нæ сæтты. Ау, нæ фысджытæ се 'ппæт æмхуызон тæппуд куыд уыдзысты? Иумæ дзы лæгдзинад куыд нæ разындзæни? Нæ сахъ фыдæлтæй æппæлгæйæ не 'взæгтæ куы стæнæг сты, уæд сæ нæрæмон туг нæ буары куыд байсысти?

Гæппæй дугъ нæй. Рауагъдады сæйраг редакторæй дзæгъæлы райдыдтон. Цы консультантты кой мын кодта, уыдонмæ уал бацæуон, стæй хъуыддæгтæ сæхæдæг сæхи амондзысты. Семæ фембæлыныл разы дæн, фæлæ сыл Уырысхан йæ былтæ мæлæты

ænærвæssонхуызæй акъуырдта. Цæмæндæр мæм афтæ фæкасти, цыма сын фысджыты цæсты æппындæр ницы кад и, æмæ афтæ дæлоз уымæн бадынц. Уæвгæ, ирон лæг йæхицæй дарддæр кæд кæмæн кодта кад? Нæ генийæн нырма ныр куы райдыдтам аргъ кæнын. Цы тæригъæдты йæ нæ аххосджын кодтам, ахæм нын куы нал баззади. Нæ драматургийы бындурæвæрæджы уацмыстæм та æвналын дæр куы нæма уæндæм.

Мæ радзырдтæ иуцасдæр бæстон фæравзар-бавзар кодтон, сæ карздæрты сын фæстæмæ сæ бынаты бафснайдтон, иннæты папкæйы сæвæрдтон æмæ Фысджыты цæдисмæ араст дæн. Бас кæй басудзы, уый донæн дæр фу-фу кæны. Мæ уды гæртт-гæртт цæуы, афтæмæй мæ къæхтæ сабыргай исын, цыма цас æрæгмæдæр бахæццæ уон, уыйас кабинеты фæлмæндæр лæгты байфдзынæн. Тыргъмæ хъавгæ бахызтæн æмæ хæрхæмбæлд фæдæн мæхицæй чысыл ныллæгдæр къабазджын, хæрзуынд, хæрзарæзт нæлгоймагыл. Чиныджы куыд бакастæн, афтæмæй йыл цæуы фæндзай азы, фæлæ йын уыйбæрц раттæн нæй. Йæ цардæфсæст тымбыл цæсгом – хæрздаст. Йæ сау сæрыхъуынтæ – хæрдмæ лæгъз фаст. Йæ дзаумæттæ – биноныг итувæрд. Афтæ зыны, цыма йæ къахы фындз дæр никуы срысти, цыма зæххыл йæхицæй амонджындæр адæймаг нæй. Æмæ цæуыннæ хъуамæ уа амонджын? Йæ мад æмæ йæ фыды хъæбысы схъомыл и. Хæсты цъæрræмыхст дæр нæ фæци. Иуæй иннæ бæзджындæр чингуытæ иу иннæйы фæдыл уадзы – иронау, уырыссагау. Йæ уацмыстæ йын тæлмац кæнынц иннæ æвзæгтæм дæр æмæ дзы кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ æппæлынц. Советон адæймаджы «хъæздыг удыхъæд» ирд ахорæнтæй æвдисы, æмæ йæ кад æнæхъæн бæстæйыл нæры, рæстæгæй-рæстæгмæ ма фæсарæнтæм дæр анхъæвзы. Æрмæст йæ иу бакастæй дæр бæрæг у, йæхицæй тынг разы кæй у, уый.

Куыд райдайгæ фыссæг, афтæ йæм хъуамæ хæлæг кæнин æмæ уый хуызæн хъуыстгонд лæг суæвынмæ бæллин. Адæм дæ «удæгас классик» рахонæнт æмæ дын дæ ном аргъуыцгæнгæйæ дзурæнт. Уымæй ма бæрзонддæр схизæн кæдæм и? Фæлæ йæм, цæмæдæр гæсгæ, нæ хæлæг кæнын. Йæ уындæй мæм ницы ‘нкъарæнтæ гуыры; нæ – хæлæг, нæ – уарзондзинад, нæ – сæрыстырдзинад, уымæн æмæ йæ уацмыстæ мæ зæрдæмæ нæ цæуынц. Æз бирæ кæй уарзын æмæ стыр аргъ кæмæн кæнын, уыдоны сфæлдыстады цард гуылфгæнгæйæ фыцы, сæ хъайтартæ мемæ æмсагъæс кæнынц, сæ цинтæ æмæ сæ хъыгтæ мæ цинтæ æмæ мæ хъыгтæ сты, сæ алы

фæзылдыл дæр сын æууæндын, æмæ мæ уырны, фысджытæ сæ цардæй кæй райстой æмæ сæ фæрцы ‘хсæнады ахсджиаг фарстатыл кæй дзурынц, уый. Дисы мæ æфтауынц сæ реалон æцæгдзинадæй. Амæ та ахæмæй ницы арын æмæ дзы дыккаг сыфмæ рахизгæйæ сфæлмæцын. Афтæ мæм кæсы, цыма цардæй тæрсгæ кæны æмæ йын йæ риссаг фарстатæм æвналын нæ уæнды, кæнæ та æгæр æфсæст у æмæ сæ йæ гуыбынæй нæ уыны, цыма йæ мæ фыдыфсымæрау йæ хæлафы комдæл дæр никуы бахъыгдардта, æмæ искæй рис бамбарынхъом нæу. Уымæ гæсгæ, царды уæлæнгай бынæттæ уырзæй сгарæгау агуры æмæ сæ къæбæлдзыг фыстæй адæммæ хæссы. Критиктæ йæ кæрæдзи сæртыл хаугæйæ стауынц, иуæй иннæ стырдæр фысджытимæ йæ барынц, мæнæн та мæ цæстытыл йæ хуыздæр радзырдтæй иуы сæйраг хъайтар уайы. Йæхи ‘нгæс сæвджынтæ лæг хохаг ивылд цæугæдоны былгæрæттыл йæ фидар къæхтæ æрсагъта, йæ дыстæ рæбыноз бафæлдæхта æмæ йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ колхозы фыстæ иу былæй иннæмæ æппары. Автор дзы нæртон гуырд аразы, мæнмæ та былысчъил мидбылхудт æвзæрын кæны. Йæхи фыссæг чи хоны, уый газетон лыстæг хабæрттыл йæ курдиат куыд хъуамæ хардз кæна? Йæ райгæ цæсгомыл иу æнцъылд дæр нæ зыны. Йæ рæстæджы хъæбул кæй у, æмæ мæн тыххæй литературæмæ йæ цæстæнгас кæй нæ аивдзæн, уый æмбарын æмæ йæм ницæмæ æнхъæлмæ кæсын, фæлæ мæм дзы уæддæр цыдæр фарн ивылы æмæ мæ тыхст уавæр зына-нæзына фæрогдæр кæныныл ахады.

– Дæ бон хорз, Майрæм, – салам ын дæттын мидбылхудгæйæ, ома, Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар кæй дæ, уый зонын æмæ дæумæ æрбацыдтæн.

– Æгас цу, – цымыдисæй мæм кæсы лæг æмæ мæ къахæйсæрмæ бары, ацы хатт та нæм цавæр маргъ æрбатахти, зæгъгæ.

– Мæ радзырдтæ уæм æрбахастон.

– Æмæ радзырдтæ фыссыс? – Йæ къæлæтгонд æрфгуытæ йæ фæтæн ныхы астæумæ стахтысты, æмæ мыл дисхуызæй йæ цæст æрæвæрдта. – Поэт бæласы бын йæ уарзонимæ куы алæууа, уæддæр æмдзæвгæ афысдзæни, фæлæ прозаикæн уый фаг нæу. Цардæгас сурæттæ саразынæн бирæ цыдæртæ хъæуы.

Кæд хъазгæмхасæн дзуры, уæддæр йæ цæсгомыл бæрæг у, йæ ныхæстæ йæ зæрдæйы бынæй кæй цæуынц, æмæ сæ растыл кæй нымайы, уый. Йæ сæр сусæны бæхау тилы æмæ мын, йæ фарсмæ цы дуар и, уымæ худæнбылæй амоны.

– Мæнæ ам дыууæ гуыппырсары бады, æмæ дзы дæхицæн иу равзар. Сæ иу æмдзæвгæтæ фыссы, иннæ та – пьесæтæ æмæ уацаутæ.

Поэт æмæ сæ драматург нæ хоны, фæлæ – «дыууæ гуыппырсары». Йæхи афтæ дары, цыма, кæм цы лæмæгъ фыссæг и, уыдонæн хицауиуæг кæнынæй стырдæр хъуыддæгты аккаг у, æмæ консультанттæн сæхиуыл дæр не ‘рвæссы, сæ уацмыстыл дæр, гæнæн æмæ йын амал куы уаид, уæд сæ цыма къуыри дæр йæ фарсмæ нæ бабыхсид.

– Асæгойæ зæгъыс? – фæрсын æй гуызавæгæнгæйæ.

– Зоныс æй? – дисгæнæджы каст та мæм æрбакодта Майрæм, ахæм лæмæгъ фыссæджы номæн ацы хæдзарæй дарддæр айхъуысæн куыд и, зæгъгæ.

– Къаммæ гæсгæ...

– Гъемæ ныр та лæгæй-лæгмæ базонгæ ут, – ноджы тынгдæр бахъæлдзæг и æмæ мын дуар мæ размæ парахатæй байтыгъта. – Асæго, мæнæ дæм замманай суинаг фыссæджы ‘рбакодтон, æмæ йын йæ къухфыстмæ æркæс.

«Уацмыстæ» дæр – нæ, «радзырдтæ» дæр – нæ, фæлæ – «къухфыст», ома, ном раттæн кæмæн нæй, ахæм æбæрæг цыдæр. Кæд дæ зæрдæмæ нæ фæцæуа, уæд ын æй йæ дæларм бакæ æмæ йæ æвæсмонæй арвит. Мæ бон ард бахæрын у, ахæм хъæлæсы уагæй кæй дзуры, ууыл, «замманай суинаг» та мæ зæрдæ балхæнынæн зæгъы. Цы дзы сафы? Ницы. Уадз æмæ йæ мæ зæрдыл хорзæй дарон æмæ дзы мæ зонгæтæн æппæлон.

– Ауыстæн, æркæсдзынæн. Кæстæртæн фæндаг дæттын хъæуы, фæндаг. Уый нæ хæс у, нæ хæс, æмæ ма йæ мæ бар уадз, мæ бар, – цыма йын Майрæм йæ дзыхы фыцгæ картоф атъыста, æмæ йæ йæ комарынджы дыууæрдæм раппар-баппар кæны, уыйау талф-тулфæй сыф-сыфгæнгæ дзуры къæсхуыр нæлгоймаг æмæ мын мæ папкæ быраурæй зилæгау йæ цæстытæй цæрдхуынкъ кæны, цыма афтæ зæгъынмæ хъавы: «Мæ кæрц ма дысхъуаг уыди». Цæуы йыл æхсай азмæ æввахс, фæлæ йæ карæй бирæ хистæрхуыз у. Йæ хæмпус бецыкк мын мæ зæрдыл лæууын кæны дыгоппон – цъиуы æмæ мыл худæг æфтауы, фæлæ мæ куы бамбара, уымæй тæрсын æмæ йын мæхиуыл хæцгæйæ йæ фæлахс цæсгоммæ æдзынæг кæсын.

– Ауыстæн, Темысо, уыцы цъаммар мæ куынæ бахъыгдардтаид, уæд мын мæ комедийæн паддзахадон преми раттаиккой,

– мæстæлгъæдæй дзуры, йæ акомкоммæ чи бады, уыцы тарæрфыг лæгуынсæр лæгæн. – Сæрмагондæй мæн тыххæй Мæскуыйы балæууыди æмæ мын мæ хъуыддаг фехæлдта.

– Хæлæг, хæлæг, Асæго. Ирон лæг хæлæгæй мард у. Йæхицæн ын ницы дæттынц æмæ, иугæр уымæн нæй, уæд дæуæн дæр ма уæд.

– Æмæ йын цы хъуамæ раттой?! Премийы аккаг æм цы и?! Йæ трагеди дæр давд куы у, йæ аргъау дæр!

– Æмдзæвгæтæ фыссынмæ та æппындæр нæ арæхсы. Ирон адæмыл цъыфкалæн кæны, æндæр ницы. Цæргæбонты кæй фæфыста, уыдон дæ «Ног цард арæзджыты» йаргъ не сты, æмæ дын уый нæ бары.

– Раст зæгъыс, Темысо, уæллæй раст зæгъыс. Уый мын нæ бары, уый. Гъемæ мæстæй мæлæд, мæстæй. Ауыстæн, йæ бикъыл дыууæ зылды куы ныккæна, уæддæр ахæм комеди нæ ныффысдзæн. Социалистон бæстæты йæ кæм нæ сæвæрдтой, ахæм нал баззади.

Сæ уæлхъус æцæгæлон адæймаг кæй лæууы, уый сæ ферох и, æмæ мын мæ уарзон фыссæгыл алыхуызон хахуыртæ мысынц, цъыфимæ йæ змæнтынц, «Ног цардарæзджытæй» æппæлынц, сценæйæ адæммæ цы удсыгъдæггæнæн рухс хæссы, ууыл дистæ кæнынц. Тынг лæмбынæг сæм хъусын, фæлæ мæ сæ мæнг æнæбындур ныхæстыл æууæндын нæ фæнды, зæрдиагæй сæ кæй дзурынц, уый дæр мæ æххæстæй нæ уырны. Литературæйы сæ дæндæгтæ куы рафтыдтой, уæд хъуамæ хорз æмæ æвзæр кæрæдзийæ ма иртасой? Рæстæгæй-рæстæгмæ ма Герасы зæрдæйæ сræмудзы рæстдзинад, æмæ йын æй нæ барынц. Йæ цæхæркалгæ трагедийы ‘мвæзадыл кæй ницы сфæлдисдзысты, уый зонынц æмæ йæ «давæг»-æй тонынц, цæмæй йæ бынат зона æмæ сæм уæле дæлæмæ ма кæса, æндæр цæй давæг у? Адæмон сфæлдыстадæй йæ уарзон темæ райста æмæ дзы дунейы хуыздæр уацмысты фарсмæ æрæвæрыны аккаг трагеди сарæзта. Уыдон дæр æй райсæнт æмæ йæ фæхуыздæр кæнæнт, кæд сæ бон у, уæд, фæлæ йæм сæ ныфс нæ хæссынц. Æмæ ма уæддæр Асæгойæн тыхамæлттæй бамбарæн и. Маст ын йæ цæстытæ æхгæны, æмæ цæкуыйау тæвд къæйыл схъиудтытæ кæны, фæлæ Темысойы та цы гуыбынниз тилы? Йæ ницæйаг пьесæйæ йын классикон уацмыс цæй дымæгмæ аразы? Æви, комеди цы у, уый нæ зоны? Нæ дзы ахадгæ конфликт и, нæ – хинæйдзаг æмбæхст интригæ, нæ дзы адæймаджы фауинаг миниуджытыл худы, нæ – æхсæнады

хъæндзинæдтыл, нæ дзы æнæсæр хицæуттимæ тох кæны, нæ – зæронд мæлинаг æгъдæутты ныхмæ. Сатирæйæн та дзы йæ кой дæр нæй. Комеди йæ цæмæ гæсгæ хонынц, хæйрæг – йæ дæсны. Æрыгон лæппутæ æмæ чызджытæ уыцы хæрзаивæй колхозы станы дыууæрдæм рауай-бауай кæнынц æмæ зарынц, кафынц, фæндырæй цæгъдынц. Афтæ зыны, цыма хуры къæймæ хъæбæр хуымтæ нæ рувынц, фæлæ дзæнæты цæхæрадоны дидинджыты ‘хсæн æмбисонды мæргътау цъыбар-цъыбур кæнынц. Сæ цæсгæмттæ – райдзаст, амондджынхуыз. Сæ цæстытæ фырцинæй æрттивынц. Дыууæ сахаты сæм сценæмæ фæкастæн æмæ иу ран дæр схудыны охыл мæ дзых нæ бахæлиу кодтон, уыдон та иу минут дæр сæ хъæлдзæг кæл-кæлæй нæ банцадысты. Цардæй бынтон иппæрд пьесæйæн паддзахадон преми чи домы, уый мæн никуы бамбардзæни, æмæ йæм дзæгъæлы ‘рбацыдтæн. Дзургæ йæ ныууадзин æмæ мæхи айсин, фæлæ кæдæм? Арвæй зæххы астæу мæ радзырдтæ куы никæй хъæуынц, уæд сæ цы фæкæнон? Асæго мын цыма мæ хъуыдытæ бамбæрста, уыйау сдзырдта:

– Уадз сæ, уадз. Стъолыл сæ æрæвæр æмæ ацу. Мæй æмæ æрдæджы... нæ, дыууæ мæйы фæстæ мæм-иу фæзын. Уымæй раздæр сæ нæ бакæсдзынæн: куыстæй мæ хъуырмæ дæн.

* * *

Се ‘ппæтæй дæр мæ бон базыдтон æмæ бынтондæр æрæрвонг дæн, фæлæ ма мæ уæддæр иуæй иутæ сæ уазал ахастæй дисы бафтауынц, æмæ мæ туг йе змæлдæй фегуыппæг вæйиы. Асæго фарастаздзыдæй æнæмад, æнæфыдæй баззади æмæ тыхтухæнтæгæнгæйæ схъомыл и. Бонджынтæн лæггадгæнгæйæ бирæ фыдуайæнты ауади. Суанг ма сывæллæтты хæдзармæ дæр бахаудта. Сидзæры цармы бирæгъ дæр нæ фæразы, æмæ йыл, чи зоны, йæ хъысмæты æгъатыр цæфтæ фæтых сты, фæлæ йын уæддæр искæй зындзинæдтæм къæрцхъусдæр уæвын æмбæлы.

Максим Горький æмæ Джек Лондонæн, гуыргъахъхъ фæндæгтыл цардагур хæтгæйæ, сæ сæртыл куыройы фыдтæ разылдысты, Достоевский хæрзæрыгонæй йæ цардæн хæрзбон куы загъта æмæ йæхи мæрдтыл куы банымадта, уæд æй ауындзæн бæндæнæй æристой, æмæ йæ ахæстоны тухæнæй фæмардтой, Сервантес та уацары удхаргæнгæйæ сахъатджынæй судзгæ арт æмæ дудгæ масты басыгъди, фæлæ сæ зæрдæтæ маргæй нæ байдзаг сты, дæрзæг кæнын сæ нæ бауагътой æмæ сын сæ рæсугъд æнкъарæнтæй

æмбисонды уацмыстæ сфæлдыстой, царды фыдæвзарæнтæн сæттын нæ бакуымдтой, ай та йæ риуы ихы къæртт сæвæрдта, æмæ йæм дойнаг дурæй уæлдай ницыуал хъары. Æрмæстдæр æй хъæуы паддзахадон преми, æмæ уыцы хорзæх райсыны тыххæй лæггад кæны йæ мæнгард хицæуттæн, былалгъæй зары, æппындæр цардмæ чи ницы бар дары, ахæм хабæрттыл. Æмæ йæхицæн цыфæнды дæр кæнæд, кæуыл æй фæнды, ууыл зарæд, кæй зæрдæ балхæнын æй фæнды, уый къæхты бын атулæд æмæ йын йæ зæвæттæ сдæрæд, фæлæ мæнмæ дæр иучысыл йæ хъус æрдарæд. Стыр диссæгтæ дзы нæ домын. Мæ уацмыстæ мын бакæсæд æмæ мын йæ хъуыды зæгъæд. Де ‘мбæстаг æрыгон лæппу дæм къахихсыд бауæд, де ‘ххуысмæ æнхъæлмæ кæсæд, æмæ йыл иу бон дæр схардз кæнын дæ цæст ма уарзæд.

Мæ хъизæмайраг царды бирæ алыхуызон адæмыл сæмбæлдтæн. Се ‘хсæн æвзæртæ дæр куыд нæ уыди, фæлæ адæймагыл ахæм бæзджын цæсгом æрзайгæ никуыма федтон. Нæ йæм æфсарм и, нæ – æгъдау. Ноджы мæ йæ зæрдæйы уаг æмбæхсгæ дæр нæ кæны. Къæмдзæстыгхуызæй йæм куы бацæуын, уæд мæм йе ‘ргом дæр нæ раздахы, мæ саламæн мын дзуапп дæр нæ радты. Йæ нарæг фæлмæстхуыз даргъ цæсгом цы тар у, уымæй тардæр нывæййы, афтæмæй мын мæ папкæ йæхимæ æвæндонæй æрбайсы, цыма йæ фыццаг хатт фены, уыйау æй сабыргай фæрафæлдахбафæлдах кæны, дзæвгар рæстæг æм рохстæй фæракæс-бакæс кæны, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, йæ хъуыдытæ уыимæ нæ вæййынц. Мæнæй куыд тагъддæр фервæза, уыцы сагъæс æй мæ уацмысы хæрзхъæддзинадæй тынгдæр фендавы. Æрæджиау дзы иу дзырд ссары æмæ йыл дæлвæд-уæлвæд ныхæстæй дзурын райдайы, стæй æндæр темæмæ рахизы. Айфыццаг мæ мæ царды хабæрттæй бафарста, æмæ цингæнгæ срæцыгътон:

– Æнæ литературæйæ мæ бон цæрын нал уыд, æмæ Мæскуыйы мæ ахуыр ныууагътон... радиотехникон факультеты...

Ома литературæ бирæ уарзын, цыфæнды куы фæуа, уæддæр æй нæ ныууадздзынæн, æмæ мын мæ радзырдты хъуыддаг бакæ. Уый мæм сæнтдзæфмæ кæсæгау æрбакасти æмæ йæ сæр уайдзæфгæнæджы тылд бакодта.

– Ахæм факультет ныууадз! Ауыстæн, фæрæдыдтæ. Дзæгъæлы йæ ныууагътай, бынтон дзæгъæлы. Уым дæр фыссæг суæвæн уыди, фыссæг суæвæн. Мæнæ Темысо Бауманы училищæ каст фæци, Бауманы училищæ æмæ æцæг поэт сси, æцæг поэт.

Йæ хъæлæсæй мæм райхъуысти фæсмоны мыртæ, æрмæст мæн тыххæй нæ, фæлæ сæхи тыххæй дæр, æмæ, йæ равзæрст дæсныйадæй разы кæй нæу, уый бамбæрстон. Мæ рæстæг йемæ дзæгъæлы кæй сафын, уый мын дызæрдыггаг нал у, æмæ ацæуыныл разы дæн, фæлæ кæдæм? Ацы тугсæлынгæнæн фарст мæхимæ куы радтын æмæ йын дзуапп куынæ ссарын, уæд мæ зæрдæ нытталынг вæйиы. Мæхи æнахъом сабийæ лæмæгъдæрæй банкъарын, æмæ мæм адæмы ‘хсæн цæрын нал фæцæуы. Афтæ кæсын мæм райдайы, цыма фыссæгæй, редакторæй, хуымæтæг чиныгкæсæгæй, æрдхордæй, æддагонæй – иууылдæр мæ ныхмæ сты æмæ сæ размæ мæнæй ферваæзыны хæс сæвæрдтой, цыма мыл æппындæр не ‘рвæссынц, æмæ сæ мæ уацмыстæ цыфæнды хорзæй дæр нæ хъæуынц. Хицæуттæ сын сæ цуры цы хус хъæмпыхæлттæ æвæрынц, уыдон æхсызгонæй æууилынц æмæ сæ æппæтæй адджындæр хæринæгтыл нымайынц. Исчи дæ гугын фыс аразæд, æмæ цæукъайы фæдыл цæугæйæ дæхи къардиуæй сæрсæфæнмæ æппар. Нæ, мæнæн адонимæ цæргæ нæу. Майрæм мæ ацы æдзæсгомы бæсты Темысомæ уæд та куы барвыстаид. Кæд мæм уый йе ‘ргом тынгдæр раздæхтаид. Куыннæ стæй! Кæнæ къуымæлдзæф у, кæнæ æрдæгфынæй. Стъолы уæлхъус гуыбырæй бады æмæ тамако дымы, рæстæгæй-рæстæгмæ йæ цæстытæ æрæхгæны, йæ къух йæ лæгуын сæрмæ саразы æмæ йыл йæ сæгæвæрд æнгуылдзты ‘хсæнæй æртхутæг æрызгъæлы.

«Сымах ардæм чи ‘рбауагъта, уый та – сымахæй æвзæрдæр», – хъуыды кæнын мæхинымæр.

– Чеховы хуызæн æлхъывд фыст кæнын хъæуы, æлхъывд фыст. «Тоска» ма йын бакæс, «Тоска». Бæхтæрæджы хъысмæт куыд хорз равдыста, – хъуысы мæм Асæгойы талф-тулф ныхас.

– Чехов мæнмæ Хуыцауы бынаты æвæрд у. Йæ уацмыстæй йын алкæцыйы дæр дæнцæгæн æрхæссæн и. Мæ радзырдтæй иумæ йæ тæваг фæхæццæ, æмæ уый уæддæр бакæс, – дзурын æм æлхыскъгæнæгау, æмæ йе ‘фсармы иу хал базмæлыди.

– Кæм и уыцы радзырд, кæм?

– Дæ къухы бын.

– Цæйас у, цæйас?

– Дыууæ сыфы æмæ æрдæг.

– Абонсарæй мæ цæстытæ фæрыстысты, мæ цæстытæ, æмæ ма йæ дæхæдæг бакæс, дæхæдæг.

Радзырдты бынæй йæ раластон æмæ йын æй æфсæрмытæ-

гæнгæ бакастæн. Уый иуцасдæр фæсагъæс кодта йе ‘нгуылдзы кæрæттæй йæ ных фæсæрфта, стæй «нæ», зæгъгæ, йæ сæр батылдта.

– Цы хъуаг у? – фæрсын æй сабырæй, мæхицæн мæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп цæуы, æмæ адæргæй мысты хуынкъ туманæй агурын. Фыртыхстæй ма мæ сæры цъар дæр срысти.

– Советон адæймаджы удыхъæд дзы раст не ‘вдисыс, раст. Дæ хъайтар типикон нæу, типикон. Дæумæ гæсгæ нæ разамонджытæ иууылдæр цæстфæлдахджытæ æмæ гæртамхортæ сты. Не сты, нæ, æмæ сыл ды комкоммæ цъыфкалæн кæныс, цъыфкалæн. Дæ мæнгард хицау кæм кусы, уым партком дæр нæй, профцæдис дæр? Йæ ныхмæ хъуамæ исчи ма сдзура? Аивадон уацмысы æмбырдгæнæн фæлгонцтæ аразын хъæуы, æмбырдгæнæн фæлгонцтæ, хъуамæ дзы чиныгкæсæг йæхицæн исты хорздзинад райса æмæ йæ истæмæй бафæзма, дæуæн та йæм маст æвзæрын кæны, маст æмæ æнæуынондзинад. Раст фæндагыл нæ цæуыс, лæппу, ауыстæн, нæ цæуыс, æмæ дын æй хъуамæ дæ цæстмæ бадарон.

Йæ дæрзæг ныхæстæ ихы къæрттытау мæ хъустыл уайынц æмæ мыл зæрдæниз æфтауынц. Исты зæгъын мæ кæй хъæуы, уый æмбарын, фæлæ, мæ фырдиссагæй цы зæгъон, уый нæ зонын. Афтæ мæм кæсы, цыма, литературæмæ æппындæр чи ницы бар дары, ахæм лæгмæ æрбахаудтæн. Цасфæнды йын куы фæдзурон, уæддæр мæ нæ бамбардзæн, куы ницы йын зæгъон, уæд та афтæ фенхъæлдзæн, йемæ сразы дæн, зæгъгæ. Нæ, фæлтау ын мæ зæгъинæгтæ зæгъдзынæн. Уый мыл куынæ ауæрды, уæд ыл æз цæмæ хъуамæ ауæрдон? Ницы уæвгæйæ сæхицæй уæлбикъонтæ аразынц, мæн та æдылыйы бынаты æвæрынц. Абонæй фæстæмæ йæм никуыуал æрбацæудзынæн, æмæ йæ кæй ницæуыл нымайын, уый хъуамæ зона.

– Æрдæбон мын цы радзырдæй æппæлыдтæ, уымæй дæхицæн цы хорздзинад райстай? – фæрсын æй ахæм хъæлæсы уагæй, цыма мæ фарстæн æппындæр ницы нысаниуæг дæттын.

– Фыссæджы дæсныйад. Сурæттæ аразынмæ хорз арæхсы, хорз.

– Æмæ дæ «Кæрц» уый фæстæ ныффыстай?

– О, фæлæ сæм иумæйагæй цы ссардтай? – фестъæлфыд Асæго æмæ мæм æнæууæнк каст æрбакодта.

– Иумæйагæй сæм кæй ницы ссардтон, уый тыххæй дæ

фæрсын. Кæрæдзимæ арв æмæ зæххæй дарддæр сты. Дæ радзырд æрымысæггаг хабар у, ныффыстай йæ хицауады зæрдæ балхæнынæн, æмæ дын газеты уацхъуыдæй бæрзонддæр не схызт, ды ма йæ уырыссаг æвзагмæ дæр раивтай, цæмæй сын сæ фæтæгæн цы кад кæныс, уый уырыс феной æмæ дын преми раттой. Цыфæнды стыр преми дæр дæ нæ фервæзын кæндзæн. Куыддæр нæ цардарæзт фæцуда, афтæ дæ «Кæрц»-ы хуызæн уæлæнгай фыст уацмысгæндтæ фæззыгон хус сыфтæртау зæхмæ æрызгъæлдзысты, æмæ сæ дымгæ историйы бырæттæм ахæсдзæни, уымæн æмæ мæнг бындурыл лæууынц, цардимæ баст не сты, сæ туг æмцæф нæ кæны, «Тоска» та æнусон у, æмæ йæ адæм цавæрфæнды цардарæзты дæр кæсдзысты, уымæн æмæ дзы адæймаджы миддуне раст æвдыст цæуы. Чехов æй ныффыста, цæмæй æфсæст æххормаджы рис æнкъара, цæмæй иу адæймаджы хъыг иннæ адæймаджы зæрдæмæ хъара, цæмæй иу иннæйы зындзинадмæ куыдфæндыйы цæстæй ма кæса. Мæнæн дзы æппæлыс, фæлæ йæ дæхæдæг нæ исыс.

– Бæгуыдæр æй исын, бæгуыдæр.

– Куы йæ исис, уæд дæхи афтæ нæ дарис.

– Æмæ куыд дарын мæхи, куыд? Дæ зæрдæ мыл цæмæй худы, цæмæй?

– Афæдзæй фылдæр мæ дыууæрдæм фæратæр-батæр кодтай, афтæмæй мын мæ радзырдтæй иу дæр нæ бакастæ, уымæн æмæ дæ мæ хъысмæт хъуырмæгæнæг бындзы хъысмæтæй тынгдæр не ‘ндавы. Цъыфкалæг дæр мæ уымæн хоныс, цæмæй дæ мæхицæй фервæзын кæнон æмæ дæ ма хъыгдарон. Къуымых кардæй мæ æргæвдыс æмæ мæ, дæхæдæг цы дурнад фæндагыл цæуыс, уымæ здахыс. Æз цурон уацмыстæ фыссыны бæсты мæ къух ралыг кæндзынæн.

– Ма зæгъ, ма зæгъ. Хицæуттæ домбай сты, домбай. Æртасын дæ кæндзысты, æртасын. Уыдон тæссаг сырдтæ сты, тæссаг сырдтæ.

– Тæссаг уыдон не сты, фæлæ дæу хуызæн тæппудтæ сты тæссаг, гуыбыны хардзыл сын сæ зæвæттæ чи сдæры æмæ æрыгæтты сæрмæ сæрибар хъуыды чи нæ уадзы.

Асæго йæ къухтæ стылдта æмæ йæ бынатæй фестади. Цыдæр зæгъынмæ мын хъавыди, фæлæ йæ телефоны дзæнгæрæг бахъыгдардта. Хæтæлмæ фæлæбурдта æмæ йæ йæ хъусыл иннæрдæм авæрдта, стæй йæ фæстæмæ фæзылдта.

– Алло, алло. Хорз, хорз, Майрæм Гиноевич. Хъусын дæм, хъусын. Тынг раст мæ æфхæрыс, тынг раст. Мæрдырох мыл бахæцыди, мæрдырох. Æз – ныртæккæ, – сдзырдта тарстхуызæй æмæ феддæдуар и. Темысо сыстади, телефоны хæтæл бипп-бипгæнгæ стъолæй систа, йæ бынаты йæ сæвæрдта æмæ былысчъилæй бахудти.

– Хицау æм куы ‘рбадзуры, уæд фыртæссæй йæ бын ныххуылыдз кæны, ды та дзы æдæрсгæ уацмыстæ домыс. Йæ мæгуырыл æй ныууадз æмæ йæм мауал цу. Цæргæбонты фесхъиуфесхъиугæнгæ партийыл заргæйæ чи ныффæсус и, уый дæ сæрыл сдзурдзæни? Стæй куы сдзура, уæддæр цы? Чи йæм байхъусдзæни? Консультант кæй хъæуы? Йæхæдæг дæр рауагъдады сæйраг редакторæн лæгъстиаг куы у... Кыгыбышник дын схицау уæд...

– Уырысхан Паддзахадон æдасдзинады комитеты куыста?

– О. Ныр дæр ма йыл фидар баст у, æмæ нын нæ уацмыстæ лыстæг сасирæй луары.

– Æз ма дис кæнын, йæ хъæлæсы мæ цæмæн ахаста. Мемæ ахæм ныхас кодта, цыма нæ бæстæйы паддзахадон фæфæлдæхт саразынмæ хъавыдтæн.

– Дæхи сæ хъахъхъæ. Адон бæллæхы лæгтæ сты. Баххуыс кæныны бæсты дын дæ уд сласдзысты. Æрдæбон дын дæ радзырдмæ байхъуыстон, æмæ мæ зæрдæмæ фæцыди, фæлæ нæ хъæндзинæдтыл æгæр карзæй дзурыс, æмæ дын æй рауадзын ничи бауæнддзæн. Æртын æвдæм азы зæрдæтахт фестæм, æмæ нæ зæнгты зыр-зыр ныр дæр нæма ссыди, нæ ауæттæй дæр тæрсгæ кæнæм. – Темысо фæстæмæ йæ бынаты сбадти æмæ тамако сдымдта. – Асæго дын раст загъта. Дæ институт дзæгъæлы ныууагътай. Ирон адæмы литературæ ницæмæн хъæуы, æмæ дын цалынмæ нæ байрæджы, уæдмæ æндæр куыстыл ныххæц.

Тæхуды, иу хатт искæмæй исты зæрдæвæрæн ныхас фехъус. Хъуамæ дын алчидæр дæ риуы кард ныссадза.

* * *

Тар хъæды цас арфдæр ныгъуылыс, уыйас дыл фылдæр тас æфтауы. Сырдты ‘мбæхсæн бынæттæ рæбындæр кæй сты, уый æмбарыс, æмæ сæм куыд хæстæгдæр кæныс, афтæ дæ туг тынгæй-тынгдæр стъæлфы. Суанг ма æнæнцой сыфтæрты сонт сыр-сыр æмæ къалиуты æваст къæс-къæсæй дæр буар сисбын абады, хус къæцæлы къæрццæй та адæймагæн йæ уд ауайы.

Хъæды тарфмæ бахизгæйæ йе уæны цы мигъ бацæуы, уый кæронмæ нал ссыгъдæг вæййы, фæлæ йыл уæддæр иу ныфсы таг фæхæцы æмæ йын йе ‘хсар сæфын нæ фæуадзы. Бирæгъыл сæмбæлгæйæ бæласмæ кæй сгæпп кæндзæн æмæ дзы йæхи кæй бамбæхсдзæн, ууыл йæ зæрдæ фæдары æмæ размæ фæлæгæрды.

Рæстæгæй-рæстæгмæ ацы æнæзæрдæрайгæ ныв азты фæлм бамбæрзы, æмæ мæ цæстытæй фæхицæн вæййы, фæлæ æгъатыр къуырцдзæвæны удхаргæнгæйæ куы сфæлмæцын, уæд мæм фæстæмæ æрбаздæхы, æмæ йын йæ уæз ногæй банкъарын. Сывæллон нал дæн, æмæ тыгъд быдыры дæр иу бирæгъæн мæхи хæрын нæ бауадздзынæн, фæлæ уæддæр, мæ риуы цы тас æрцарди, уый æддæмæ тæрын нæ комы. Афтæ мæм кæсы, цыма тар хъæдæй тæссагдæр ранмæ бахаудтæн, æмæ дзы цы дыкъахыг сырдтыл æмбæлын, уыдоны фыдæхæй мæхи бахъахъхъæнын нæ бафæраздзынæн. Цас сæм хæстæгдæр цæуын, уыйас сæ тынгæйтынгдæр тæрсын, уымæн æмæ сæ цæстæнгас знæтæй-знæтдæр кæны. Мемæ сæхи афтæ дарынц, цыма сæм фæсарæнтæй æцæгæлон адæймаг æрбафтыди æмæ сын сæ дзаджджын фынгтæ сæ цурæй айсынмæ хъавы. Дисы мæ æфтауы, сæхицæй барджын хицæуттæ кæй аразынц, ног æрбацæуæджы та æнæбар уазæджы бынаты кæй æвæрынц, уый. Се ‘ппæтæн дæр ис, йæ ныхмæ фæлæууæн кæмæн нæй, ахæм хъæлæсы уаг, цыма иу скъола каст фесты, се ‘ппæт дæр сты куырыхон ахуыргæнджытæ, арф зонд амонджытæ, рæстдзинадыл тохгæнджытæ. Се ‘хсæн тар хъæды закъæттæ æрфидар кодтой, паддзахады æнæбын къæбицмæ зыдæй лæбурынц, дыууæ комы къулæй æмпулынц æмæ сæхимæ хæстæг никæй уадзынц. Алчидæр сæ у, кæй нæма раргом кодтой, фæлæ æнæмæнг кæй раргом кæндзысты, ахæм гени, алкæмæ дæр дзы ис, зæххыл чи никуыма уыди, ахæм цæхæркалгæ курдиат, иннæтæ та сты æнæмбаргæ графомантæ, гæххæтт хъулæттæ кæнынц æмæ Хуыцауы фæздæгæй марынц. Иу дæр дзы йæхиуыл къæм абадын нæ уадзы. Иу дзы иннæмæй хорз зæгъыны бæсты йæхи ‘рцауындздзæн. Хистæртæ хыл кæнынц кæстæртимæ, кæстæртæ – хистæртимæ. Кæстæртæй искæмæ æнкъард æмдзæвгæ куы фæзыны, уæд ыл хистæртæ иу сыхы куыйтау сæхи андзарынц æмæ йын йæ удæй схъазынц. Партийы иузæрдион салдæттæ сты, æмæ æрхæндæг мыртæй се сæфт уынынц, уымæн æмæ сæ парти хъæлдзæг зарджытæ домы. Йæ ныстуан ын куынæ сæххæст кæной, уæд се сæфт кæй

æрцæудзæн, уый æмбарынц æмæ сæхи хурхытыл дæр ныххæцдзысты, уæддæр мыхуырмæ æнкъард уацмыс нæ бауадздзысты. Цы къалиуыл бадай, уый куыд хъуамæ алыг кæнай? Парти сæ цардаразæг у, сæ Уастырджи. Уый сæ дары йæ рахиз базыры бын, уый фæрцы уадзынц иуæй иннæ бæзджындæр чингуытæ, уый фæрцы цæрынц иуæй иннæ райдзастдæр хæдзæртты, уый фæрцы исынц паддзахадон хæрзиуджытæ. Парти сын куынæ уаид, уæд се ‘дзæлгъæд фыстытимæ царды фæсдуар мæгуыры хъиутæ хæриккой æмæ редактортæн хъуырыцъарæй лæгъстæ кæниккой, фæлæ сæ топпæхстмæ дæр ничи никæдæм бауадзид. Æхсæвæй, бонæй сæ хъæуид хъуыды кæнын, ног ахорæнтæ агурын, аивадон фæлгонцтæ аразын, сæ хус зæрдæтæй уæлмонц æнкъарæнтæ лæмарын, хъæздыг æвзагæй фыссын, æхсæнады риссаг фарстатыл дзурын, цардмæ арф æвналын, литературæмæ рæстдзинад хæссын, фæлæ дæ размæ авджы хуызæн лæгъз фæндаг куы уа æмæ дæм дзы хæрзæнцонæй стыр æфтиаг куы хауа, уæд къæдзæхтыл хæрдмæ быргæйæ дæ уæрджыты æмæ дæ ныхбынты туг цæмæ хъуамæ калай? Фæлтау «хъазгæ ‘мæ худгæйæ, партимæ хъусгæйæ», былалгъæй зар, де ‘взагыл цы абада, уыцы афтид дзырдтæй æмæ цардæй къæртт æппар.

Се ‘мбырдмæ сын уæд та куынæ бахаудаин. Æнхъæл уыдтæн, литературæйы тыххæй сæ зонджын ныхæстæ фехъусдзынæн æмæ дзы мæхицæн исты райсдзынæн. Куыннæ стæй. Хъæр, хъæлæба, загъд, замана, хъаугъа, дам-думтæ, фидистæ. Никуы мæ бауырныдтаид, мæ бæттæнтæ кæмæ тыдтон, уыцы фысджытæ сæ цæсгом бахæрдзысты æмæ базары уæйгæнджытау бынæттæ æмæ æхцатыл ахæм карз тох самайдзысты, уый. Мæнæй афтæ, се ‘ппæт дæр литературæ фæхъæздыгдæр кæнынмæ тырнынц, уыдон та капеччытыл хыл кæнынц. Кæрæдзи дæр цъыфимæ уымæн змæнтынц, ома, ды ничи дæ æмæ дæм иумæйаг къæбицæй ницы ‘мбæлы. Мæнæй афтæ, литературæйæн йæхи уарзынц, уыдон та дзы сæхи уарзынц. Се ‘мбырдæн мæм йæ райдайæн æвзæр нæ фæкасти, æмæ сæм зæрдиагæй æрыхъуыстон. Ныхас цыд иу æнкъард æмдзæвгæйыл, æмæ йæ автор цæхæртæ акалдта.

– Уæ хорзæхæй, цы нæ баййардтат?! Иу ран нæ нал ныууадздзыстут?! Не ‘ппæтæй дæр трибунтæ цæмæ аразут æмæ нæ агиткæтæ цæмæ домут?! Хицæуттыл сымах кæй зарут, уый æгъгъæд нæу?! Мах та ма уæ фæдыл цы ласут?!

– Чи?! Мах?! Хицæуттыл зарæм?! Ай цытæ дзуры, ай?! – фестади хистæртæй иу æмæ йæм тымбылкъухæй бавзыста. – Ды авдæны куы хуыссыдтæ, уæд мах нæ райгуырæн бæстæ хъахъхъæдтам!

– Бузныг. Æгайтма йæ хъахъхъæдтат, фæлæ уын уый лæмæгъ æмдзæвгæтæ фыссыны бар нæ дæтты!

– Чи фыссы лæмæгъ æмдзæвгæтæ?! Мах?! Уый сымах фыссут лæмæгъ æмдзæвгæтæ! Цы цард уын сарæзтам, уый уæ гуыбыны нæ цæуы, æмæ йыл хъарджытæ кæнут! Уæ хъуыддæгтæм уын æркæсын хъæуы!..

– Блок æмæ Есенин уæ къухы куы бафтиккой, уæд уыдоны хъуыддæгтæм дæр æркæсиккат се ‘нкъард æмдзæвгæты тыххæй, – стыр поэтты фæстæ бамбæхсыныл ацархайдта æрыгон лæппу, фæлæ йын дзы ницы рауад, арт ма сыл цы бандзæрста, æндæр, æмæ фыдæлгъыстытæм рахызтысты, стæй кæрæдзимæ армаццагæй бавнæлдтой.

– Ацы æдзæсгæмттæ æгæр скъулбадæг сты! Иуы дзы нывондæн æрхæссæм, æмæ нæм дзурын ма уæндой! – цъæхснаг хъæлæсæй æртхъирæнгæнæгау сдзырдта ацæргæ фыдынд сылгоймаг æмæ хылычъи уасæгау йæ бынатæй фæгæпп ласта.

Мæ зæрдæйы мын цыма фаджыс ныккодтой, уыйау фæдæн æмæ дуар мæ сæрыл ахастон. Дзæвгар рæстæг ручкæ мæ къухмæ нал райстон, фæлæ куыдфæстæмæ мæ зæрдæ ссыгъдæг ис, æмæ та фыссын райдыдтон. Мæ уацмыстæ мын журналы машинисткæ рамыхуыр кæны æмæ алы хатт дæр дисы бафты:

– Ацы лæг дæ цы агуры, Хуыцауы хатырæй? Замманай радзырдтæ куы сты, уæд сæ цæуыннæ уадзы? Кæд дæм истæуыл хæрам у, мыййаг?..

«Ацы лæг» Дауыры хоны, редакторы хæдивæджы, фæлæ йæм æз лæджы миниуджытæй ницы уынын. Бакастæй дæр сылгоймаджы ‘нгæс у. Уæзданхуыз, фæлмæн ныхасгæнаг, саджы родæй сабырдæр. Фысы комæй хал нæ раласдзæн. Афтæ зыны, цыма мæлдзыджы дæр нæ бафхæрдзæн, цыма цыфæнды зын уавæрты дæр искæй зæрдæхудты нæ бацæудзæн, цыма хъæрæй дзурын дæр нæ зоны. Йæ цуры иучысыл куы алæууай, уæд зæгъдзынæ: «Ацы зæды къалиу хæстæн йæ тæфтыл дæр нæ ауади», фæлæ фæрæдидзынæ, уымæн æмæ йæ тæккæ тæмæны архайдта. Суанг ма партизантимæ дæр йæ лæджыхъæд æвдыста. Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй йын цыдæртæ бакастæн, фæлæ

мæ цæмæдæр гæсгæ нæ уырны, бахъуаджы сахат зæххæй фестадаид æмæ йæ риуы ‘мбæрц размæ абырстаид, лæгæй-лæгмæ знагыл сæмбæлдаид æмæ йемæ карз тохы бацыдаид, уый. Ахæм ныв мæ цæстытыл нæ уайы, уымæн æмæ йын æгæр тæппуд хуыз и. Редактор æм худгæйæ куы ‘рбакæсы, уæддæр дзы фестъæлфы æмæ йæхи исты кусæг акæны. Æдзухдæр мæм ахæм цæстæй кæсы, цыма мын цыдæр фыдбылыз сарæзта, æмæ йын йæ сусæгдзинад куы раргом кæнон, уымæй тæрсы. Фæсауунмæ йæ «æрдызт уасæг» æмæ «æнæцæсгомбæрæг» адæймаг хонынц.

Айфыццаг æм мæ зæрдæ фехсайдта, æмæ йыл уæдæй фæстæмæ нал æууæндын. Иу хæрзарæзт læппулæг мæ æмдзæрæны бацагуырдта æмæ мæ иуцасдæр мæ царды хабæрттæй биноныг фæрстытæ фæкодта, стæй, советон литературæмæ цы цæстæй кæсын, уымæ рахызти, уырдыгæй та – мæ уацмыстæм. Æдасдзинады комитеты кæй кусы, уый бамбæрстон æмæ Уырысханыл фæгуырысхо дæн, фæлæ мæ радзырдтыл куы æрæнцади æмæ мын мæ уд æрдуйæ нарæгдæр куы скодта, уæд мæ хъуыдытæ Дауырмæ аздæхтысты. Мæ къухфыст æм бахæссын, æмæ мыл æнахуыр зæрдæйы уагимæ сæмбæлы, стъолыл æй арæхстгай æрæвæры æмæ мæ фæлмæн ныхæстæгæнгæ къæсæрмæ рахæццæ кæны. Цалдæр мæйы фæстæ йæм ногæй бацæуын, æмæ мын мæ къухфыст тыхстхуызæй агурын райдайы. Йæ гæххæттытæ иуцасдæр фæравзар-бавзар кæны, стъолы лæгъзтæ фæралас-балас кæны, фæлæ дзы ницы ссары æмæ мæм къæмдзæстыгхуызæй æрбакæсы.

– Ам куы уыдысты, уæд цы фесты, цымæ? Кæд сæ æфснайæг исты фæкодта, мыййаг. Сæ дыккаг экземпляртæ дæм нал сты?

– Нал, – æнкъардæй йын дзуапп радтын æз æмæ мæ цæссыгтæ ныхъуыргæ йæ цурæй мæхи райсын. Йæ фарсмæ цы уат и, уым иу лæгуынсæр поэт бады. Афтæ карджын нæма у, фæлæ хорз нал уыны æмæ кæсæнцæстытæ дары. Йæ былтæ – тæнæг, йе ‘фсæртæ – мæстыгæр æлхъывд. Йæ хъусты сæрмæ ма цы халасæвæрд хъуынтæ баззади, уыдон – пыхцыл, æнæфаст. Кæд дзы исты зæрдæвæрæн ныхас фехъусин æмæ æрсабыр уаин, зæгъгæ, йæм мæ хъаст бахастон, æмæ йæ цæстытæ мæсты ‘рттывд фæкодтой, стæй доны разылдысты. Бандонæй дæр ма фестади, æмæ, цыма мæнмæ æнхъæлмæ касти, уыйау катайгæнгæ йæ тыппыртæ уадзынмæ фæци:

– Ма æууæнд ацы хуытыл! Сæ иуæн дæр дæ зæрдæйы дуæрттæ

ма гом кæ! Æвзæр куыйтау сусæгæй хæцынц! Æдасдзинады комитеты агенттæ сты, уæлдайдæр, мæнæ ацы былсæрфт фæлитой, æмæ дæ байсафдзысты! Адон мæ куынæ бабын кодтаиккой, уæд мæ исты рауадаид, фæлæ мæ Хуыцауы дзæгъæлы иуæндæс азы ахæстоны фæбадын кодтой, æмæ заууаты бынатмæ æрцыдтæн!

Лæгæн йæ былтæ зыр-зыр кæнынц, йæ цæссыгтæ йæ мæллæг уадултыл уырдыгмæ згъорынц, афтæмæй мын йæ хабæрттæ кæны æмæ тæригъæдæй мары.

«Ай та мæнæй мæгуырдæр, – хъуыды кæнын мæхинымæр. – Цæуон ма сæм æви сæ сæхи бар ныууадзон?»

* * *

Цины базыртыл кæмæ тахтæн æмæ мæхицæн стыр ныфсытæ кæмæй æвæрдтон, уыдон æмбисондæн хæссынмæ бæззынц. Пиллон арт хуыссын кæнынмæ сæ разæй никæй ауадздзысты. Цыфæнды тæвд цæхæр дæр уазал фæнычы бын нынноррддзысты æмæ йæ ссудзын нæ бауадздзысты. Галы нæ, фæлæ сын къæдзæхы йас пылы царм сæ разы куы æрытауин, уæддæр æй бампылын кæниккой, æмæ дзы иу уафсхор дæр нал равзæрид. Ахæм зæрдæтимæ фыссыныл куыд æрбадынц, цымæ? Ихы къæрттытæй æвзист æндæхтæ уафæн куыд и? Уæвгæ сыл цы дис кæнын? Сæ риуты цы хæссынц, уый сæ уацмыстæй бæрæг нæу? Бæгуыдæр у, æмæ йæ тынг хорз уынын. Мæ дзыхæй сызгъæринтæ куы схауид, уæддæр сын хуызæнон аргъ не скæниккой. Мæ радзырд мын чи æгæр хом рахоны, чи – къæтæр фых, чи – даргъ, чи – цыбыр, чи – цæхджын, чи – æдзæхх. Ноджы ма сæм иу æнахуыр миниуæг раиртæстон, æмæ мын уый та мæ хъару бынтон сæтты. Цæмæй сын се ‘дылы фиппаинæгтимæ сразы уон æмæ ма сæм хæрам дæр ма фæуон, уый тыххæй мын мæ раздæры уацмысæй æппæлын райдайынц. Уыйбæрц хорздзинæдтæ йæм ссарынц, хъайтартæн сæ алы фæзылд дæр сæ зæрдыл афтæ хорз бадарынц, æмæ фырдисæй мæ цæстытæ рацæйхауынц. Иу хаттæй иннæ хатмæ мæм фæзыны уыцы иу цымыдисаг фарст, æмæ сæм æй, сæ фæнд аивынмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, æнæрхъæцæй авæрын:

– Кæд ахæм æнаипп у, уæд æй цæуыннæ рауагътай?

– Бакусын ма йыл хъæуы.

– Цы хуызы?

– Бауадз уал æй. Фæстæдæр ын йæ хъæндзинæдтæ дæхæдæг раиртасдзынæ æмæ сæ сраст кæндзынæ.

Æбæрæг дзуæппытæ, æбæрæг митæ, æбæрæг ахастдзинæдтæ. Мемæ сæхи афтæ дарынц, цыма мæ цыдæр ахсджиаг хъуыддаг æмбæхсынц, цыма иннæтæн сæ лæмæгъ уацмыстæ кæй уадзынц, мæн та удхарæй кæй марынц, уым цыдæр сусæгдзинад ис, æмæ мын æй барæй нæ хъæр кæнынц. Æргомæй мын ницы дзурынц, æмæ ахæм хатдзæгмæ цæуын, цыма мын цы зæгъой, уый нæ зонынц, цыма литературон уацмыс равзарынхъом не сты, æмæ æдылыйы бынаты баззайыны бæсты хивæнд лæппуйы фыд-зыкъуыр радзырдтæй сæхи иуварс ласынц. Кæрæдзи дзыхæй исгæ ныхæстæй мын мæ сæры уадзынц иу хъуыды:

«Дæ уацмыстæ се ‘ппæт дæр иу низæй хъæрзынц. Æгæр тар ахорæнтæй фыст сты, æмæ сæ фæрухсдæр кæнын хъæуы. Дæ сæйраг аипп у, царды хорзæй кæй ницы уыныс, уый», фæлæ æз семæ нæ разы кæнын. Мæнмæ гæсгæ сæ æфхæрд баййафыны тас нæ уадзы мæ рæстдзинад райсын æмæ йæ фарс рахæцын. Азæйазмæ арæхстгай кæй фембырд кодтой æмæ телескопæй кæсгæйæ стыр æнхъæл кæмæн сты, уыцы мæнгуд лыстæг хоры гагатæ æнæрхъуыдыйæ акалыны æмæ афтидармæй баззайыны бæсты цавæрдæр гæвзыкк райдайгæ фыссæг зæфцы фыдæй фесæфæд. Иу къаддæр, иу фылдæрæй сæ царды ницы ивддзинад æрцæудзæн. Раст зонд мын кæй нæ амонынц, уый æмбарын, уæрдæхау мæ кæй здухынц æмæ мæ сæхи хуызæн къухылтухгæ фæлмæн синаг кæй аразынц, уый мæхиуыл æнкъарын æмæ фыртыхстæй мæ сæрæн бынат нæ арын. Мæхи ахæм уавæры хатын, цыма знæт цæугæдоны ныхмæ ленк кæнын. Тызмæг уылæнтæм лæбурын, куы сыл фæуæлахиз уаин, уымæ тырнын, фæлæ сыл мæ бон нæ цæуы. Мæнæй бирæ домбайдæр сты, æмæ мæ сæ фæдыл сындæггай былæйхауæнмæ фæласынц. Æрттиваг æнæдомд æфсургъы смаггæнаг бырæттæй дзаг уæрдоны куы ифтындзай, уыйау сæ мæхи рæдувын, тыгъд быдырмæ тындзын, фæлæ фезмæлын нæ фæразын, уымæн æмæ ме уæнгтæ фидар баст сты. Дымысдæрты хал ахæрыны тас мæ зæрдæйы тыхджынæй-тыхджындæр кæны æмæ мын мæ фæстаг ныфсы муртæ сæтты.

Бæрзонд кæй æвæрын æмæ аргъуыц кæмæн кæнын, уыцы фысджытæм схизынмæ бæллын, зæххæй сисынмæ чи нæ бæззы, уыдон та мын мæ сæрибардзинад исынц æмæ мæ фисынмæ здахынц. Фæнды мæ мæ тых-мæ бонæй ныхъхъæр кæнын: «Æз сымахæй растдæр дæн, æмæ мæ мæхи бар уадзут! Критикæ мæ кæнут, адæмы цæсты мæ æфтаут, цъыфимæ мæ змæнтут, тугтæ

мыл мысут, æцæг мын мæ уацмыстæ мыхуыр кæнут!» Мæ хъæр нæ, фæлæ сæм арвы нæрын дæр нæ байхъуысдзæн, уымæн æмæ, цы дурцæнд хæдзæртты бадынц, уыдоны хуызæн къуырма сты. Æрыгон фыссæджы курдиат амарын сæм сæ сæр аныхынæй уæлдай нæ кæсы. Йæ судзгæ рис сын худæджы хос йеддæмæ ницы у. Хъуысы сæм æрмæстдæр хицауады дзæнгæда æмæ сæ капеччыты дзæгъ-дзæгъ. Æдзынæг сæм кæсын, æмæ мæ цæстытыл уайынц Куыдзилы-фырт æмæ Рабиновичы уазал цæсгæмттæ, сæ куыдфæндыйы цæстæнгас. Се ‘ппæт дæр халдих фаззæттау æмхуызон сты. Сæ иуы дæр мæгуыр адæймаг нæ хъæуы, сæ иуы дæр искæй хъысмæт не ‘ндавы. Æмæ ма уæддæр æцæгæлон дзуттагæн йæ зæрдæйы цыдæр хал базмæлыди мæ размæ дуар æхгæнгæйæ, фæлæ, мæ туг, ме стæг кæй хонын, уыдонæн сæ зæрдæты æппындæр ницы змæлы. Мæ иу радзырды гæртамхор милиционеры митæ хурмæ рахастон, æмæ мын редактор алывыдтæ акалдта:

– Милицæ нæ фыдгæнджытæй хъахъхъæнынц, ды та сыл худинаджы гакк æвæрыс! Æндæр кæуыл худай, уый дын нæй?!

– Æрыгон лæппу куырм læджы фæндагыл куыд æрбахизын кодта, ууыл фыссынмæ хъавыдтæн, фæлæ «Мах дуджы» дæ радзырд бакастæн, æмæ мæхиуыл фæхæцыдтæн, – фелхыскъ æй кодтон былысчъилæй æмæ йæ мæ фæдыл дзагъырæй кæсгæйæ ныууагътон. Иннæ редактор та ‘ндæр радзырды тыххæй фæхыл и мемæ:

– Ды куыд æнхъæл дæ?! Капиталистон бæстæты дæр адæмæн фатертæ махау лæвар дæттынц?!

– Лæвар ничи никæмæн ницы дæтты ам дæр æмæ уым дæр. Хуымæтæг къуымы тыххæй мæгуыр фæллойгæнæг цæргæбонты йæ уыргтæ фæхойы, æмæ уый дæр йæ къухы тыхтухæнтæгæнгæйæ куы бафты, куы – нæ.

– Фæсарæнты сын ахæм гæнæнтæ дæр нæй.

– Уынджы куы хуыссиккой, уæд нæм сæ кæрæдзи сæртыл хауиккой, фæлæ нæм сæ гæлхæрдтæ дæр нæ тырнынц. Стæй мæн уыдонимæ ницы хъуыддаг ис. Æз, мæхи цæстæй цы уынын, уый æвдисын.

– Дæ хъайтар типикон нæу. Æнæзæрдæхудт фæллой чи кæны æмæ адæмæн циндзинад чи хæссы, уыдон æвзæртæй фылдæр сты, æмæ нæ хæс уыцы фæзминаг сылгоймæгты рухс сурæттæ аразын у, цæмæй иннæты дæр разæнгард кæной сæ фæдыл цæуынмæ.

– Литературæмæ «циндзинад хæссыны» цæстæй куы кæсæм, уæд æппæлæн очерктæй дарддæр нæ ацæудзыстæм, æмæ нæ чиныгкæсджытыл хуыссæг бафтаудзыстæм. Типикон хъайтары тыххæй дæр раст нæ дæ. Достоевскийы рæстæг алы Раскольниковтæ се ‘ппæт зæронд устыты фæрæттæй нæ мардтой. Фыссæджы хæс нымæцтæй хатдзæгтæ кæнын нæу, фæлæ йын йæ хъайтары фыдракæндмæ чи тæры, уыцы уавæртæ царды цы бынат ахсынц, уый раиртасын æмæ сын сæ уидæгтæ равдисын у. Уымæй сæйрагдæр та мæм кæсы, уацмысæй цы хъуыды ‘взæры, уый.

– Гъы, гъы, æмæ цы хъуыды ‘взæры дæ радзырдæй? Æдзæсгом ус æдылыты ‘хцатæ куыд сайы, уый æвдисыс, æндæр дзы цы ис?

– Хъуыдыйæдты бын цы ‘мбæхст и, уый дæр кæсын хъæуы.

– Æмæ дзы цы ‘мбæхст и?

– Цалынмæ паддзахад йæ адæмæн хорз цард нæ сараза, уæдмæ йын алыхуызон фыдгæнджытæ пайда кæндзысты йæ къуыхцытæй, йæ хъæндзинæдтæй, йе ‘нæсæр хицæутты æдылы митæй.

– Хæлиудзыхтæ аферистæйæн сæ капеччытæ ссивын кæй уадзынц, уым дæр та паддзахад æмæ йæ хицæуттæ сты аххосджын?

– О.

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ уыдон хъомыл кæнынц марджыты, давджыты, авантюристты, се ‘нарæхст политикæйæ сæ уыдон амидин кæнынц æлгъаг митæ кæнынмæ. Нæ хъæздыг бæстæйы алчидæр хъуамæ йæ сыгъдæг фæллойæ цæрын фæраза, æмæ фыдгæнджытæн æвзæрдзинад саразыны фадат ма уа, фæлæ нæм хицау дæр нæй, æгъдау дæр. Æхцайæ дзы балхæнæн ис алкæй дæр.

– Ахæм зондимæ дын нæ бæстæйы иу радзырд дæр ничи рауадздзæн.

– Скъæрут уæдæ уæхи уацмыстæ. Æрыгон лæппу автобусы куыд бады, хистæртæ йæ уæлхъус куыд лæууынц æмæ йын куыд уайдзæфтæ кæнынц, лæппу æнæдзургæйæ куыд сысты æмæ сæræзты къуылыхæй куыд ацæуы, уыдæттæ фыссут æмæ сæ стыр чингуытæй уадзут. Уæ бонæй ут, цæхæркалгæ курдиат кæмæ и.

– Æмæ дæм цы хъуаг кæсы мæ радзырд?! – фесхъиудта редактор, йæ бынатæй фæгæпп ласта æмæ уаты дыууæрдæм фæчепп-фæчепгæнгæ скатай.

– Куы ницы зæгъын. Газеты уацхъуыд æмæ аивадон уацмыс кæрæдзийæ чи нæ иртасы, уыдонæн æгæр хорз дæр ма у.

– Иу гуырд ма куы ракæнай, уæддæр афтæ нæ ныффысдзынæ!

– Афтæ фыссын мæ сæрмæ куы хæссин, уæд дæу хуызæттимæ мæ нервытæ нæ халин, – цæугæ-цæуын ма йæм ме уæхсчы сæрты радзырдтон æмæ йыл дуар бассыдтон. Йæ бассонын æнцон у, фæлæ адæймагæн йæ маст куы ‘ртайы, æмæ йæ зонд йæ бынаты куы ‘рбады, уæд фæстæмæ йæ байгом кæнын зын вæййы. Куы нал сæ хъыгдарин, уый мæ фæнды, фæлæ мæхи бауромын нæ фæразын. Мæ хуылфы цыдæр хæйрæг бады æмæ мæ тынгæй-тынгдæр цырын кæны. Царды хæрзтæй мæ æппындæр ницыуал хъæуы. Æрмæстдæр ма мын дзы баззади фыссыны хорзæх, æмæ йæ мæ бон ныууадзын нæу.

Мæ фыды хæдзар гæныстонæй куы баззади, уæд дзы цы куыдзы федтон, уый мæ цыдæр хъуыдытыл бафтыдта, æмæ йыл радзырд ныффыстон. Мæ цыппаркъахыг хæлар мæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыди, æмæ ма йыл фырбуцæй Мила ном дæр сæвæрдтон. Раздæр тынг амонджын уыди. Йæ уарзæттæ йæ фæдыл рæувадæй згъордтой æмæ йыл цинæй мардысты, стæй йæ ныууагътой, æмæ уынджы къæйыл йæ сагъæстимæ иунæгæй баззади. Йæ къæбылаты цæмæй схæсса, уый йын нæй, æмæ стонгæй митфæлдзæгъдæны хæдзæрттыл зилы. Æхсызгондзинад кæмæн лæвæрдта, уыдон къуымты бæзджын хæррæгътыл æфсæстæй батымбыл сты æмæ адджын фынæй кæнынц. Йæ тæфæй йæ куы банкъарынц, уæд сæ сæртыл æнæбары схæцынц, æнæразыйæ йыл бахъуыр-хъуыр кæнынц æмæ та сæ мукъутæ фæстæмæ сæ зæнгты ‘хсæн батъыссынц. Милайы дæр сæ фарсмæ æрхуыссын бæргæ фæнды, фæлæ йæ йæ лæппынты мæт æрлæууын нæ уадзы æмæ хъызты йæхи размæ æппары, сгары, смуды, агуры хæринаг. Иу ран дзидзайы тæф йæ фындзыл ауад, æмæ йæ тас дæр ницæмæуал æрдардта. Йæхи æрæмбæрста, æгъатыр лæджы фæрæт ын йæ фарс куы ‘рфаста, уæд. Йæ къæбылатæм ма йæ фазыл тыххæйты бабырыди æмæ се ‘хсæн амарди. Уыдон ын йæ хус дзидзитæ зыдæй цъирынц, фæлæ дзы сæ хъæлæсы ницы цæуы, æмæ хъист-хъист кæнынц…

Фыст æй куы фæдæн, уæд мæхицæй хуымæтæджы хъал ныдтæн. Газеты культурæйы хайады сæргълæууæг Мыртазмæ йæ радтон æмæ йын йæ дзуапмæ æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастæн. Мæ цæстытыл уади, мæ радзырд Милайы нывимæ куыд рацæудзæн, æмæ йæ адæм цымыдисæй куыд кæсдзысты, уый, фæлæ рæстæг цыди, æмæ, мæ зæрдæйы цы зарæг райгуырди, уый куыдфæстæмæ хъарæгмæ раивта. Нæ бæстæйы æдзæлгъæд митæй дзы куы ницы равдыстон,

уæд дзы цæмæй тæрсы? Ацы хатт та мын цы ‘фсон скæндзæн? Цыма сырддонмæ хъуызын, уыйау æм иуцасдæры фæстæ ныгъуылдтытæгæнгæ мæхи байстон, æмæ мын æй мæ къухты фæсагъта.

– Ахæсс æй æмæ йæ фесаф! – срæцыгъта æлгъгæнгæйæ æмæ йæ бынатæй фестади, ома ныхас фестæм æмæ цæугæ ардыгæй.

– Дæ зæрдæмæ цæмæй нæ фæцыди? – бафарстон æй ныхкъуырдæй æмæ йын йе знæт цъæх цæстытæм аивæй бакастæн.

– Æмæ цæмæй хъуамæ фæцæуа?! Дзæгъæлдзуаг гаццайы миниуджытæ дзы равдыстай, æмæ уыдон кæй хъæуынц?!

Мæ фырдиссагæй дзурын дæр ницыуал сфæрæзтон. Æрфæндыди мæ рудзынгæй йæ арæцугъын, фæлæ мæхи тыххæйты баурæдтон. Уынгмæ уæззау зæрдæйæ ахызтæн, мæ радзырд лыстæг пырхытæй бырондоны ныппæрстон æмæ сæргуыбыр, уæнтæхъилæй араст дæн. Мæхицæн ард бахордтон, мæ къах дæр æм кæй никуал æрбавæрдзынæн, уый тыххæй, фæлæ та мын рæстæг мæ зæрдæйы рыст бамынæг кодта.

Мæнгард хуы йæ хин миты фæрцы сырдты хицау куыд сси, йæ алыварс йе ‘мцæдисон чъизи хуыты, хъахъхъæнæг бирæгъты æмæ дымысдæр рувæсты куыд æрæмбырд кодта æмæ замманай цæхæркалгæ цъæхфæлыст хъæд зауыаты бынатмæ куыд æртардта, уый тыххæй аргъау ныффыстон æмæ та йæм æй бахастон. Уый мын æй мæйы фæстæ мæ дæларм тарстхуызæй атъыста æмæ дзагъултæгæнгæ мæ цурæй алыгъди. Мæ зæрдæ нытталынг и, æмæ мæстæлгъæдæй ме ‘рдхордмæ ацыдтæн. Уый йæ институты журналы рауагъта, æмæ мæм мæ ахуыргæнджытæ ахæм цæстæй кæсын райдыдтой, цыма паддзахадон фыдгæнæг дæн, æмæ мын æрцахсынæй тæрсынц.

– Æдасдзинады комитетмæ дæм куы фæсидой, уæд дæхи сраст кæнын бафæраздзынæ? – тыхстхуызæй мæ бафарстой цалдæрæй, æмæ сæ æрсабыр кодтон:

– Нæ сæргъы цы æнаккаг хуы лæууы, уый хуызæттæ зæххыл иу æмæ дыууæ нæй, æмæ йæ уыдонмæ аздахдзынæн.

* * *

Уæнгдыхæй архайын кæм хъæуы, ахæм уæззау куыст райсыны тыххæй иу адæймагæн дæр никуы балæгъстæ кæнын. Æнæрвæссонхуызæй мæ къахæй-сæрмæ йæ былысчъил цæстæнгасæй ничи сбары, йе ‘дылы зонд мын мæ сæры ничи фæтъыссы, иу зулдзыхы ныхас дæр мын ничи фæзæгъы. Куыддæр йæ уæлхъус æрлæууын, афтæ мыл хицæуттæ сæ мадызæнæгау бацин кæнынц, уымæн æмæ

фысджыты хуызæн хæдад не сты. Уыдоны сæхи йеддæмæ ничи хъæуы. Се сæфт мæ кæй уынынц, уый мæ æмбæхсгæ дæр нæ кæнынц. Æмбæхсгæ нæ, фæлæ ма мын æй фыддæрагæн кæнæгау æгæр æргомæй дæр æвдисынц æмæ мæ хъотырджынау сæхицæй сурынц. Тыхсæттæн куысты та мыл зæрдæйæ баузæлынц, æмæ мæхиуыл нæ ауæрдын. Дæргъæй-дæргъмæ фидæрттæарæзт вагонæй сæкæры голджытæ хæссын æмæ сæ машинæйы гуыффæмæ ме'мбæлттæм дæттын. Мæ хид мæ буарыл лæсæнтæ кæны, фæлæ йæ ницæмæ дарын. Райсомæй нырмæ хæринаджы хъæстæ кæй нæ фæдæн, уый дæр мæ нæ хъыгдары.

Фыссын бирæ зындæр у. Мæ сæры æдде ма дзы мæ дæндаджы фыдтæ дæр сриссынц. Хъæугæ дзырдтæ куы нал фæарын, кæнæ мын кæрæдзиуыл бæттын куы нал фæкомынц æмæ мæ удмарæн цъысыммæ куы батæрынц, уæд дзы рацæуын нал фæфæразын, мæхиуыл нал феууæндын, æмæ фыртыхстæй мæ нервытæ фæйнæрдæм фæцæйтонынц. Рухсы цъыртт мæм никæцæйуал фæкæлы, æмæ мыл рæстæг гæххæттытæ пырхгæнгæйæ аивгъуыйы. Ахæм уавæры дæ фæллад цасфæнды куы фæуадзай, уæддæр адæймагæн йæ буар уыцы 'мпылдæй баззайы, стæй йæ зæрдæйы тыхст нæ фесæфы, уымæн æмæ йæ мидхъуырдухæнæй нæ фервæзы, уæнгдых куысты та 'рмæстдæр буар ныууæззау вæййы. Æнцад æрбад, дæхи истæмæй аирхæфс æмæ та дарддæр дæ куысты кой кæ. Голджытæ хæссын æнцондæр у. Нæ дзы хæрам и, нæ – фыдæх, нæ дзы хæлæг и, нæ – гадзрахат, нæ дзы загъд и, нæ – хыл, нæ дзы даутæ и, нæ – хахуыртæ, фæлæ уæддæр зæрдæ йæхи стъолмæ рæдувы. Сæрымагъз иудадзыгдæр фæлгонцтæ агуры æмæ сæ аив ахорæнтæй ныв кæныныл архайы. Уый низ у, уæдæ циу? Лæгæн стыр цин чи хæссы, ахæм низ. Уды хъизæмар æмæ æгæрон æхсызгондзинад...

– Лæппутæ, рæвдздæр февналут. Цалынмæ нæ баталынг и, уæдмæ вагон равдæлон кæнын хъæуы. Цырддæр змæлут æмæ исты бакусат. Студент æдзухдæр æххормаг вæййы, – хъуысы мæм сæвджын лæджы барджын, фæлæ уыциу рæстæг хъазæн ныхас, æмæ мæхи размæ æппарын. Тынг ыл æууæндæм, уымæн æмæ нæ никуы фæсайы. Не 'хца нын фæстаг капеччы онг нæ къухты банымайы, стæй ма нын сæкæр дæр авæры, æмæ нæ удæй арт цæгъдæм, вагонæй машинæйы 'хсæн дыууæрдæм тыннывæндæгау кæнæм. Мæлдзыджытæ ма фезгъорынц афтæ. Æнусон цоппай гуыбыны хардзыл. Ахсæн гыццыл мур йеддæмæ

нæу, афтæмæй йæ байдзаг кæныны тыххæй зæххыл цас бæллæхтæ цæуы.

Æрæджы дæр ма голджытæ мæлæты рог уыдысты, ныр мæ сагъæстæй ныууæззау сты, зæхмæ мæ æлхъивынц æмæ мæ размæ цæуын нæ уадзынц. Ноджы ма стонгæй мæ сæр зилы æмæ мæ иуварсырдæм фæхæссы. Мæхи бауромын мæ фæнды, фæлæ мæ бон нæу. Мæ цæстытыл уайы, хæрзæрыгонæй уæлмæрдты цур картофы голлагимæ куыд атахтæн, æмæ мæ уæраджы туг куыд фемæхсти, уыцы ныв. Уæд мын ницы уыди, фæлæ ма ныр ихы къæрттыл дæр фæкалдтæн, мæ галиу къах фæзылын и, æмæ мæ зæнг фадхъулы сæрмæ тæккæ нарæджы ‘рбасасти. Лæппутæ мыл тарстхуызæй амбырд сты æмæ мæ зæххæй фелвæстой, тагъдæххуысы машинæйы мæ авæрдтой æмæ мæ рынчындонмæ аскъæфтой.

Ахуыр кæнгæйæ мын фыссынмæ рæстæг никуы сфаг и. Æнæбары гæбæзтæ-иу ратыдтон гыбар-гыбургæнгæ изæртæй, стæй ма-иу кæд хуыцаубонты мæ къухы исты бафтыди, уæд хорз. Ныр мын æгæр бирæ рæстæг дæр ма ис. Æнцад-æнцойæ уæлгоммæ хуысс æмæ кус. Кæннод ын цы зæгъон, кæд рынчындон адæймаджы йæ райст-бавæрд хъуыдытæ æмбырд кæнын нæ уадзы æмæ йæм уæлмонц æнкъарæнтæ нæ гуырын кæны. Мæ фыдгул дзы æнæниз адæммæ хæлæггæнгæйæ йæ бонтæ æрвитæд, уæлдайдæр, мæ уавæры. Уымæй ма зындæр цы уа, пъолмæ æрхизæн дæр дын ма уæд, дæхи азилæн дæр. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ буар иууылдæр гипсы æвæрд и, æмæ хъæбæр сынтæгмæ ставд зæгæлтæй хуыд у, цыма æдзухдæр ме уæлæ уыдзæн, æмæ дзы мæ амæлæты бонмæ нал фервæздзынæн. Рæстæгæй-рæстæгмæ мæм искæй хъæрзын æрбайхъуысы. Мæ алыварс чи хуыссы, уыдонæй кæмæн йæ сæрыкæхц у саст, кæмæн – йæ уæраг, кæмæн – йæ бæхбæттæн, кæмæн – йæ бæрзæй, æмæ арвмæ асинтæ æвæрынц. Æддейы тынг уазал кæй у, уымæ гæсгæ рудзынг байгом кæнын нæ уæндæм, æмæ уатмæ зæрдæхæццæгæнæн уæззау тæфæй æрбацæуæн нæй.

Цард æрдзæн йæ тæккæ зынаргъдæр хæзна кæй у, æмæ йын кæй ницы аргъ кæнын, уый мæм хъарын райдыдта ‘рмæстдæр ам, рынчындоны удхаргæнгæйæ. Æххормаг æмæ бæгънæгæй дæр уынгмæ азгъорын æмæ хуры тынтыл бацин кæнын дæ бон куы уа, уæд дæхи æппæтæй амонджындæр хон æмæ де сфæлдисæгæй разы у,æз та ма дзы ‘ндæр цыдæртæ дæр домын. Æнæниздзинадæн дзы ‘мбал нæй. Мæ къæхтыл ма куы слæууон, уæд

никуыуал никæмæй рахъаст кæндзынæн. Мæ хъысмæт мын цы дæтта, уый исдзынæн æмæ дзы æгæрон бузныг уыдзынæн. Ныртæккæ мæ кæртмæ ахизынæй тынгдæр ницы фæнды. Сыгъдæг уæлдæфы ме ‘руад уæнгтæ куы айвазин, уæд ногæй райгуырин…

* * *

Дзылы, дам, авд æвзаджы зыдта, фæлæ йæ цъиусур куы ‘рсырдта, уæд ма дзы йæхи ‘взаг дæр байрох и. Ме ‘мкурсонтæ дæр уыцы æнæбон тæппуд маргъæй уæлдай не сты. Иуæй-иу хатт сæ чингуытæм æркæсын дæр кæй фæхъæуы, уый сæ зæрдыл æрлæууы ‘рмæстдæр семинары. Ахуыргæнæг аудиторимæ куы ‘рбахизы, уæд уаридзавд кæрчытау партæтæм сæхи нылхъивынц, æмæ адæргæй сæ дзыхы ныхас нал фæбады.

– Ирбег, исты фарстытæ ма йæм ратт, æмæ йæ мах фæрсынмæ мауал равдæла, – æрбайхъуысы мæм саст хъæлæсæй куы иуы мынæг хъæлæс, куы – иннæйы. Æдылы барæг – дон сгарæг мæ кæй аразынц, уый æмбарын, сæ цæсты мæ чи нæ бафтауа, ахæм фарстытæ æрхъуыды кæнын мæ тынг нæ фæфæнды, фæлæ иудадзыг уыцциухуызон æнæзæрдæрайгæ нывмæ кæсын дæр цас бæллиццаг у? Ахуыргæнæг сæ иуы сыстын кæны, стæй та дыккаджы, æртыккаджы, цыппæрæмы… Сæ къуымых дзуæппытæй сын разыйæ нæ баззайы, æмæ фырмæстæй цæттæ сынкъау фæкъæртт вæййы. Фидистæ, уайдзæфтæ, æлхысчъытæ, æртхъирæнтæ. Сæрдыгон фæлмæн къæвдайы ‘ртæхтæй уæлдай никæмæуал хъарынц. Адæймаг йæ дарæсыл куыд сахуыр вæййы, афтæ сыл сахуыр сты, æмæ, æвæццæгæн, сæ цард æнæ уыдонæй фидаугæ дæр нал скæнид. Мисхалы бæрц дæр сыл кæй нæ ахадынц, æмæ сæ кæй ницæмæ дарынц, уый ахуыргæнджытæ сæ фондз æнгуылдзы хуызæн зонынц, мæстæлгъæд рæхуыстыты фæстæ кæй фæзондджындæр уыдзысты æмæ æвæстиатæй чингуытæ кæсын кæй райдайдзысты, ууыл та æппындæр не ‘ууæндынц, фæлæ сæ уæддæр тъæпп-рæхуыстæй дарынц æмæ сын сæ зæрдæтæм хæрамдзинад хæссынц. Азæй-азмæ уаваæр хуыздæргæнгæ нæ цæуы. Фæлтæрæй-фæлтæрмæ студенттæ быхсынц æмæ кæддæриддæр быхсдзысты, уымæн æмæ сæхицæн фæсурынæй тæрсынц. Æфхæрæнт сæ, дæлæмæ сæ тæрæнт, хылты бын сæ кæнæнт, æрмæст сын æвзæр бæрæггæнæнтæ ма æвæрæнт, дипломтæ сын дæттæнт æмæ сæ скъолатæм æнæбахъыгдаргæйæ æрвитæнт. Уым сæхицæй æнæмбаргæдæр сывæллæттæм кæсгæйæ сæ худинаг

ферох кæндзысты, лæмæгъ уроктæ дæтгæйæ сæхицæй бæсты бикъ, комы дæгъæлтæ араздзысты æмæ се «дылы» ахуырдзауты фидистæ, уайдзæфтæ, æлхысчъытæ æмæ æртхъирæнтæй «рæвдаудзысты» – ноджы карздæр æмæ тызмæгдæрæй. Хистæртæй цы мæстытæ фæныхъуырдтой, уыдон кæстæртыл калдзысты æмæ сæ сæхи «ссыгъдæг» кæндзысты. Уый кæлæнгонд хуыдым у. Чи дзы ныххауы, уымæн дзы раирвæзæн нал вæйиы. Æрмæстдæр æм æвзаргæ адæм нæ комынц хауын, уымæн æмæ иннæтæй зонджындæр æмæ курдиатджындæр сты. Мæн фæнды уыдонимæ уæвын, æмæ мæ хъарутыл нæ ауæрдын. Нæ мын хуыцаубон и, нæ – бæрæгбон. Чингуытæ бирæ кæй кæсын, уый ме ‘мбæлттæ зонынц æмæ мæ иу хаттæй иннæ хатмæ тынгæй-тынгдæр амидин кæнынц:

– Ракъах та-ма йæ, Ирбег. Ды дзурынмæ дæсны дæ, æмæ та йæ кæд дæ фæдыл асаис.

Ахуыргæнджытæм æрмæст уыдоны ардыдæй нæ фæдæттын къахæн фарстытæ. Цы дзуæппытæ мын ратдзысты, уый мæхимæ дæр цымыдисаг фæкæсы. Бердзенты рагфыдæлтæй нырмæ мæнгард цæстфæлдахджытæ сау кусæг адæмы демократийæ сайынц. Алы æнусы дæр дзы сæ хæрджытæн фæлмæн хæдæттæ бахуыйынц, се уæлæ сын сæ скæнынц æмæ сын, хицæуттæ сымах стут, зæгъгæ, былдауæн ныхæстæй сæ зæрдæ æлхæнгæйæ, сæ бæрзæйыл уæззау æфсондз сæвæрынц. Нæ историйы ахуыргæнæг æппæтæй арæхдæр ацы иударон дзырдæй пайда кæны. Ахæм хуызы йæ фæдзуры, цыма, адæймаг зæххыл куы равзæрди, уæдæй фæстæмæ демократи йæ тыхы махæй тынгдæр никæмæ бацыди. Диссидент нæ дæн, фæлæ мын æцæгдзинадмæ мæ цæстытæ кæй æхгæны, уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы, æмæ йæм цæхгæр ныллæууын. Профессор кæй у, уый дæр мæ нæ тæрсын кæны. Æмæ дзы тæрсгæ дæр цæмæй хъуамæ кæнон? Адæймаг йæ хъуыдытæ æргомæй зæгъын кæм нæ фæразы, уым цавæр демократи ис? Курдиатджын лæгæй нæм чи уыди, уыдон ахæстæтты цагъд æрцыдысты, æрдæгцъæрræмыхстытæй ма дзы чи раирвæзт, уыдон та тæрсгæ-ризгæйæ парти æмæ йæ фæтæгыл зарынц. Нæ бæстæйы сæргъы чи ‘рлæууы, уый йын йæ истори æмæ йæ конституци йæхи хæсгардæй кæрдын райдайы.

Коммунистон партийы истори афтæ лæмбынæг ахуыр кæнæм, цыма нæ сæйраг предмет у. Кæцы съезд кæд арæзт æрцыди, цæй тыххæй йæ сарæзтой, цал адæймаджы дзы архайдта, уазджытæ чи уыдысты æмæ кæцæйты ‘рцыдысты, цавæр фарстатæ лыг кодта,

цал докладгæнæджы дзы уыди, сæйраг доклад дзы чи скодта, æмæ йын дæргъвæтин къухæмдзæгъд цал хатты сарæзтой?... Афтæ мæм фæкæсы, цыма мæ ныртæккæ съездты галуанæн йе ‘фснайджытæй дæр афæрсдзæни, стæй йæ хъахъхъæнджытæй дæр. Æмæ ма дзы иу фарстæн дæр дзуапп ма ратт. Чысыл дæр куы фæрæдийай, уæд дæ гуырæй райгæ у. Æвзаг æмæ литературæ афтæ бæстон куы ахуыр кæниккам, уæд скъолатæм профессортæй цæуиккам. Ноджы ма йæ чиныг ахæм уæззау у, æмæ адæймаджы сæрыл куы ‘рхауа, уæд фæхуыдиртæст уыдзæн. Кандидаты æмæ докторы диссертацитæ дзы цал æмæ цал бахъахъхъæдтой! Алкæй дæр хорз цæрын кæй фæнды æмæ æнцонвадат уавæрæй спайда кæнынмæ кæй тырны, уый æмбарын. Замманай æхцатæ уæлæнгай æвæрд куы уой, уæд сæ цæуыннæ хъуамæ сиса? Фæлæ уыйбæрц былдауæн ныхæстæ фыссын æмæ рæзгæ фæлтæры сæрымæгъзтæ лæхъуг кæнын дæ сæрмæ хæсс. Цасфæнды куы фæцæрон, уæддæр ахæм «ахуыргæндты» никуы бамбардзынæн.

Нæ экономисты дæр не ‘мбарын. Искуы иу æгуыдзæгæй фæстæмæ капиталистон бæстæтæ махæй хуыздæр цæрынц, æмæ сæ сæдæ азмæ дæр нæ баййафдзыстæм, афтæмæй сын сахатмæ сæ экономикæйæ дур дурыл нал ныууадзы. Де знæгтæн дæр хъуамæ сæ хорздзинæдтæ уынай æмæ сæ фæзмай, мах та страустау нæ сæртæ змисы дарæм æмæ ницы уынæм, ницы хъусæм. Ахуыргæнæгæн бирæ бартæ нæй, фæлæ иу хатт дæ гæххæттытæ иуварс аваер æмæ дæхицæй иуцалдæр ныхасы уæддæр зæгъ. Нагъ. Хъуамæ мын чиныгæй ист джиппыуагъд хъуыдыйæдтæ мæ сæры тъысса æмæ мæ мæстæй мара. Иуцасдæр æй быхстон, стæй йемæ фæбыцæу дæн. Афтид лозунгтæй уæлдай цардмæ чи ницы бар дары, уыцы соцерысы æгъатыр конкуренциимæ куы абарста æмæ сæ экономикæйы мæцъистæ куы рахуыдта, уæд та бынтон фемæхстæн. Æнхъæл уыдтæн, нæ быцæутæ нæхицæй дарддæр никæдæм ацæудзысты æмæ мæ хъуыдытæ æргомæй дзырдтон царды тыххæй, капитализм æмæ социализмы тыххæй, партитæ æмæ литературæйы тыххæй, адæймаджы бартæ æмæ конституцийы тыххæй, сфæлдыстадон кусджыты сæрибардзинады тыххæй, истори наукæ кæй у, æмæ йæ хицæутты фæндæй раив-баив кæнын кæй нæ хъæуы, уый тыххæй, æппæт бартæ дæр йæхимæ цы парти исы, уымæн æнæ критикæйæ раст фæндагыл цæуæн кæй нæй, уый тыххæй, бæстæйы хицауы демократон уагыл æвзарыны тыххæй. Афтæ мæм касти, цыма, алчидæр кæй зоны, ахæм хуымæтæг хъуыддæгтыл дзурын. Мæхицæй дæс æмæ ссæдз азы хистæр ахуыргæн-

джытæ мæ диссидент кæй рахондзысты æмæ мыл къæбæда сывæллæттау ректоры кæй сардаудзысты, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Деканатмæ мæм куы фæсидтысты, æмæ мыл къабазджын гуымиры нæлгоймаг хъæртæ кæнын куы райдыдта, уæддæр æй нæма ‘мбæрстон, цæмæй мæ азымджын кæны, уый.

– Цавæр демократи дæ хъæуы, уый ма зæгъ! Дæ зæрдæмæ цæмæй нæ цæуы нæ цард?! Америкаг цардмæ бæллыс?! Цавæр æвзæрстыты кой кæныс?! Парти йæ йæхæдæг нæ зоны, цы кæнын æй хъæуы, уый?! Æгæр хорз уавæртæ нын аразы?! Истори чи куыд кæрды, уый ды ахуыргæндтæй хуыздæр зоныс?! Сæрибар уæвын дæ фæнды?! Ленины ныхæстæ никуы фехъуыстай?! Æхсæнады цæргæйæ æхсæнадæй сæрибар уæвæн нæй!

– Мæнмæ гæсгæ мæ кæимæдæр хæццæ кæныс. Цæй тыххæй мæ æфхæрыс, уый мын уæддæр зæгъ, – нал æм фæлæууыдтæн æз, æмæ фырмæстæй йæ цæстыты туг фæбадти. Йæ дынджыр къухæй стъол æрцавта, æмæ йæ тыхджын хъæлæс ноджы тынгдæр нынæрыди:

– Дæхицæй æдылы ма араз! Филологон факультеты бæстызмур чи у?! Ды! Ахуыргæнджытæм къахæн фарстытæ чи дæтты æмæ сæ студентты цæсты чи ‘фтауы?! Ды! Семинартæ кæнын сæ чи нæ уадзы?! Ды!

– А-а. Мæнæй афтæ мыл рæдыдæй хъæртæ кæныс.

– Иу хъаст ма дыл куы ‘рбацæуа, уæд дæ æрмæст хъæртæй нал ныууадздзынæн! Дæ къах дæр ам кæй нал уыдзæн, уый дæ бауырнæд!

– Ахуыргæнджытæн сæ предметтæ хуыздæр базонынмæ кæй тырнын æмæ сæм цымыдисаг фарстытæ кæй дæттын, уый тыххæй мæ тæрыс?

– Цымыдисаг нæ, фæлæ – ардауæнтæ!

Бирæ цыдæртæ мæ зæгъын фæнды ректорæн, фæлæ йæм мæ ныхæстæ кæй нæ бахъардзысты, уый æмбарын æмæ ницыуал дзурын. Йæ институтмæ йын цы зæрдæ дарын, уый куы зонид, уæд йе ‘ртхъирæнтыл йæхинымæр фæхудид. Уæвгæ, институт дæр нал у, фæлæ – университет. Академи йæ куы рахоной, уæддæр дзы ацæуыныл сразы уыдзынæн, фæлæ кæдæм? Ирыстонмæ тындзгæйæ мæ фæндагыл цы хидтæ уыди, уыдон иууылдæр басыгътон, æмæ мын цæуæн никæдæмуал ис, æндæр ыл дуар ныггуыпп кæнин æмæ йæ йæ къæбылаты ‘хсæн мæстæймæлгæйæ ныууадзин.

– Цалынмæ дæ хабæрттæ æдасдзинады комитетмæ нæ бай-

хъуыстысты, уæдмæ дæ дзыхыл ныххæц, науæд, кæм цы дзæгъæлдзуаг и, уыдонимæ уынджы лекка кæндзынæ! Цæугæ!

Мæ размæ æдзынæг кæсын, фæлæ дзы раздæрау æргомæй никæйуал уынын. Шифанерæй, стъолæй, бандонæй, ахуыргæнæгæй иуæн дæр дзы бæлвырд-бæрæг цæсгом нал и. Аууæттау фæлмæвæрдæй кæдæмдæр фæленк кæнынц æмæ мæ сæ фæдыл сæрсæфæнмæ фæласынц. Репресситы рæстæг ахæстæтты æнаххосæй чи удхар кодта, æмæ йæхи сраст кæныны фадат дæр кæмæн нæ уыди, уыцы мæгуыр адæмы бынаты мæхи æвæрын, æмæ æгæрон тас мæ буарыл хæлиу кæны. Афтæ мæм кæсы, цыма мæм ректоры хуызы калм æрбабырыди æмæ мын мæ уд сласынмæ хъавы. Йæ цуры чи лæууы, уыдоныл дæр мæ зæрдæ нæ дарын. Нырмæ сын куыд æнхъæл уыдтæн, уымæй æгъатырдæр сты æмæ мыл сæ хъарм бынæттæ хъахъхъæнгæйæ нæ бацауæрддзысты.

Æмæ ма уæддæр адон гыццыл кæлмытæ сты, æмæ сæ марг ахæм тæссаг нæу, фæлæ сæ сæрмæ цы егъау кæлмытæ ис, уыдон бирæ æгъатырдæр сты. Се ‘дылы митыл сын чи нæ разы кæны æмæ сæ ныхмæ чи дзуры, уыцы сæрæнгуырдтыл сæ марг бакалынц, стæй сæ хæдмæлхорты бар бакæнынц, æмæ сæ уыдон гæбазгай фæйнæрдæм фæхæссынц. Сæйраг калм та – сатæг-сау питон, кæуылфæндыдæр йе ‘ндон нуæрттæй æртыхсдзæн æмæ йæ æхсызгонæй аныхъуырдзæн. Бакæс æм, уæд та – æнæхсæст къупри. Кæм цы хамасхор и, уыдон нын æй нæ сæрыл сбадын кодтой, æмæ ныл уæле дæлæмæ йæ сæт калы.

Мæ цæстытыл уайы, иуæй иннæ æрттивагдæр рог машинæтæ кæрæдзи фæдыл куыд ныххал сты æмæ йæ мæ иувæрсты хъæуырдæм куыд аскъæфтой, уыцы ныв. Йæ лыстæг фæсдзæуинтæ йыл афтæ тынг цин кодтой, цыма сæм Есо Чырысти уæларвæй æрхызти æмæ сæ се ‘ппæт бæллæхтæй дæр бахизынмæ хъавы. Есо Чырысти нæ, фæлæ – бæстæ худинаггæнæг. Цы уыди, уый æз куы уыдтон, уæд æй уыдон нæ уыдтой? Бæгуыдæр æй уыдтой, фæлæ йæм ницы дзырдтой. Звеноводмæ уазæгуаты уæвгæйæ нартхоры хуымы астæу уырыссаг арахъхъы стыр агуывзæмæ æнæрхъæцæй куы фæлæбурдта æмæ йæ зыдæй куы аныз та, уæд дæр æй уыдтой æмæ йыл сæхинымæр худтысты, фæлæ йæм дзурын ницы суæндыдысты. Куыдзæппарæн былæй нæ куы арæцыгътаид, уæддæр ын ницы загъта иккой, уымæн æмæ се ‘ппæты дæр царв æмæ мыды ленк кæнын фæнды. Бакæсын дæр æм нæ уæндыдысты, фæлæ, йæ бынатæй куы фæхаудта, уæд сдомбай сты, æмæ йæ фыдгойæ нал

æфсæдынц. Æппæт æвзæрдзинæдтæ дæр ууыл ныххуырстой, æмæ сæхæдæг дзуары лæгтау сыгъдæгæй баззадысты, ног уæрдоны сбадтысты æмæ ныр та, æндæр бæхтæрæджы фæдджийыл хæцгæйæ, цæуынц коммунизмы бæрзæндтæм. Ахæм раздзæуджытæ мæ цæуыл хъуамæ сахуыр кæной, цавæр фæндагыл мæ хъуамæ саразой? Мæ хуымæтæг фарстытæй мын афтæ тынг кæм тæрсынц, уым семæ цæуыл дзурæн и? Гъе, уæууæй, гъе! Æз та сын царды æцæгдзинад равдисынмæ хъавын. Мæ бæллицмæ куыд дард дæн, уый ма мын ректор ноджыдæр иу хатт карзæй бамбарын кодта, æмæ мæ зæрдæ фырмæстæй фæтоны.

* * *

Егъау æвзист бæлас арвы риуыл æвиппайды цæхæр акалы æмæ мын цалдæр уысмы мæ развæндаг срухс кæны, стæй сау мигъты ‘хсæн зыр-зыргæнгæ атайы, æмæ уазал къæвдайы тыхджын сæхсæх тасæфтауæг къæр-къæримæ мæ хъусты зæлгæйæ баззайы. Ме ‘рвон цырагъ æгæр тагъд кæй ахуыссы, ууыл хъыггæнгæйæ куырмæджы цæуæгау мæйдары дарддæр æвæндонæй араст вæййын æмæ ног æрттывдмæ æнæрхъæцæй фенхъæлмæ кæсын...

Ацы ‘рдзы фæзындыл арæх сæмбæлын, æмæ мæ сæрымагъзы, дунемæ чи никуы ‘рцыд, ахæм курдиатджын къамисæджы тæмæссаг хуызистау ныффидар и. Бирæ æндæр нывтæй хъауджыдæр мын иу хаттæй иннæ хатмæ ме ‘ргом йæхимæ аздахы æмæ мæм вазыгджын ныхмæвæрд æнкъарæнтæ сæвзæрын кæны, мæ фæлгæнæнмæ мын цырынгæнæн тых бауадзы æмæ мæ мæхиуыл сдызæрдыг кæны. Мæ хъысмæтмæ кæй ницы бар дары, уый æмбарын, фæлæ сын уæддæр арф кæмдæр сæ мидахасты цыдæр иудзинад арын. Уый дæр мын йæ цæхæркалгæ мидбылхудтæй мæ зæрдæйы талынг къуымтæ афтæ срухс кæны. Кæцæйдæр мæм æнæнхъæлæджы уæнгроггæнæн уддзæф æрбахæссы, æнахуыр фæлмæн узæлдæй мыл баузæлы, æмæ мæ буары адджын фæлхъæзæн хъыдзыгæнгæ ахæлиу вæййы. Цалдæр уысмы мæм мæ амонды стъалы ирдæй разыны, стæй талынджы ‘рбайсæфы, æмæ мыл ныфссастæй ихæнриз бахæцы...

Мæ хивæнд хъысмæты сонт митыл сахуыр дæн æмæ йæм хорзæй ницæмæуал æнхъæлмæ кæсын, мæ амонд кæимæ бæттын, уыцы чызджытыл дæр нал æууæндын, фæлæ уæддæр æвзонг зæрдæ æнæ рæвдыдæй нæ фæразы æмæ ног цин бавзарынмæ йæ уды быцъынæг скъуыны. Бон-изæрмæ дзы цæст цынæхуы-

зоныл æрхæцы. Сæ иуæй иннæ – дзæбæхдæр, сæ иуæй иннæ – хæрзконддæр, сæ иуæй иннæ – цыбæлгæнæндæр, фæлæ йын се ‘ппæт дæр æцæгæлон сты, туг та йæхионы домы, йæ тых-йæ бонæй йæ агуры æмæ нæты. Лæджы къухы схъиуæццагæй исты куы бафты, уæддæр зæрдæ уыцы уазалæй баззайы. Цыдæр æй хъæуы, фæлæ йæ нæ ары æмæ тыхсы. Æрæджиау фæзынди, рагæй кæмæ бæллыди, уый – æвддæсаздзыд чызг уардихуыз къабайы. Йæ тымбыл рæсугъд цæсгом дæр – уардихуыз, йæ гыццыл къухтæ дæр. Афтæ мæм кæсы, цыма абитуриенткæ нæу æмæ университетмæ фæлварæнтæ дæттынмæ не ‘рбацыди, фæлæ, йæ дидинтæ нырма ныр кæмæн райхæлдысты, ахæм цардбæллон уарди у, æмæ йæ вазæйы æвæрынмæ æрбахастой.

Ардæм мæ сыхаг чызг Надинæйы тыххæй æрбафтыдтæн, æндæр мæ фæлварæнты рæстæг хæдзыкъайæ дæр ничи ‘рбаластаид. Мæ зæрдæ сæ фæцъæх и, æмæ мæ нал хъæуынц. Уæвгæ, уымæн дæр ницы пайда дæн. Мæ бон ын баххуыс кæнын нæу, фæлæ йын кæд йæ тæппуд зæрдæйы чысыл ныфс бауадзин, зæгъгæ, йæ фарсмæ лæууын. Уый дæр мæ хуызæн сидзæрæй баззади, æмæ йын тæригъæд кæнын. Йæ дурзæрдæ ныййарджытæ йæ кæрæдзийы фыддæрагæн ноггуырдæй ныууагътой, æмæ йæ йæ фыдыфсымæры идæдз ус йæ судзгæ цæссыгтæй æхсад къæбæртæй схаста. Сæумæрайсом-иу æй хуыссæнæй авдæнмæ æриста, йæ зырнæйзылд морæбын хъæдæй йын-иу хæлтъамæйы мур кæрдæны тыхтæй йæ дзыхмæ æруагъта æмæиу зæрдæхсайгæйæ колхозы хуымтæм йæ уыргтæ хойынмæ ацыди. Сывæллон бон-изæрмæ æгомыг уаты ‘ххормаг мыстыты хыбар-хыбурмæ хъуыста, æхсæв-бонмæ та, йæ уарзон лæг хæсты кæмæн басыгъди, æмæ йæ рæвдыдæй чи нæ бафсæсти, уыцы æнамонд сылгоймаджы тыхулæфтытæ æмæ хъарджытæм.

Хуырджын хус зæххæй сырæзгæ хуыздзыд кæрдæджы халау мæгуырæй схъомыл и æмæ тихалæджы хуызæн у, бурхил, дзыгъуыр, цъæхдзаст. Йæ былыцъæрттæ хæры ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг суæвынмæ æмæ катай кæны. Гæнæн æмæ мын амал куы уаид, уæд ын мæ бынат раттин. Мæн хъæугæ нæ кæны, уый та йæм йæ бæттæнтæ тоны. Æцæгæйдæр ахуыргæнæг суæвын кæй фæнды, хъуамæ ахæмты исиккой, уыдон та бынтон æндæрты исынц. Уæд та сæм бацæуин æмæ сын ныллæгъзтæ кæнин? Мæхи ма сæ цæсты цы бафтауон, æндæр мæ къухы ницы бафтдзæни. Цæй, кæд йæхæдæг исты сæнтауид. Иу фæлварæн ма йын баззад историйæ æмæ йæ, чи зоны, ратта. Æххуысæнхъæл мæм

ærбакæсы, фæлæ йын зæрдæ ницæмæй баваæрын, æмæ æрæнкъард вæййы. Йæ бон мæ базыдта æмæ кæфхъуындары дзыхмæ цæуæгау тæрсгæ-ризгæйæ мидæмæ араст и. Куыддæр къæсæрæй бахызти, афтæ дзы йæ хæдуæлвæд рагæпп ласта мæнæй чысыл хистæр æмæ ныллæгдæр лæппу. Студенттæ йæ фыдгойæ фылдæр не сты. Иу дзырд дæр æнæ рæдыдæй фыссын нæ зоны, фæлæ ректоры хæстæг у, æмæ йæхи афтæ дары, цыма Хъарсы фидар басаста. Ноджы ма йæ фæскомцæдисон организацийы секретарæй «равзæрстой», æмæ ма дзы студентты æдде ахуыргæнджытæ дæр стъæлфынц. Цыдæриддæр ын æфсымæрæй, хæстæгæй, зонгæйæ, зæрдæмæдзæугæ чызгæй ис – се ‘ппæты дæр университетмæ йæ фæдыл ласы, æмæ йын «ма кæ» зæгъæг нæй. Къæйных, æдзæсгом, хъæрæйдзураг, æдылы. Фæсивæд ыл æргомæй худынц, фæлæ сæ ницæмæ дары кæнæ сæ не ‘мбары. Мæ сыхаджы йын йе ‘вджид бакæнин, фæлæ мæ мæхи æгады бынаты æвæрын нæ фæнды. Ме сæфт дзы кæй уынын, уый зоны æмæ мын мæ хъуыддаг нæ сараздзæн. Дзæнгæдацæгъдæг фæскомцæдисон разамонджыты тыххæй мæ йæ цуры карз æфхæрæн ныхæстæ арæх схауы, æмæ мæм ахæм каст æрбакæны, цыма йын марыны тæрхон рахæссын. Мæ цæст кæуыл æрæвæрдтон, уыцы чызгмæ йæхи байста æмæ йемæ рагон зонгæйау ронбæгъдæй уæндон ныхас кæны, уый та йæм æфсæрмытæгæнгæ æцæгæлоны цæстæй кæсы. Куыдфæстæмæ йæ цæстæнгас фæфæлмæндæр и, æмæ рæстæгæй-рæстæгмæ йæ сæр банкъусы. Æнхъæл уыдтæн, зæрдæ фыды мур йеддæмæ ницы у, æмæ йын амæй фæстæмæ йæ рохтыл хæцдзынæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Кæрæдзимæ куыд хæстæгдæр кæнынц, афтæ мæ риуы знæтæй-знæтдæр кæны æмæ тынгæй-тынгдæр стъæлфы.

Фырадæргæй Надинæйы дæр ницæмæуал æрдардтон. Йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ мæ иувæрсты куыд аивгъуыдта, уый ма бафиппайдтон, стæй та ме ‘нæзонгæ чызгмæ ме ‘ргом аздæхтон. Кæрцæй хæдон – хæстæгдæр. Цыфæнды куы фæуа, уæддæр адæймаг фыццаджы-фыццагдæр йæхиуыл мæт кæны. Афтæ куынæ уаид, уый мæ фæнды, фæлæ мæхиуыл мæ бон нæ цæуы. Цы мыл æрцыд, уый мæхæдæг дæр не ‘мбарын. Ацал-ауал азы мæ мæ уацмыстæй уарзондзинадмæ нæ равдæлди, æмæ ныр мæ зæрдæйы дуæрттæ фегом сты. Лæппумæ чидæр бадзырдта, æмæ йæм æвæстиатæй атындзыдта.

– Ахуыр кæнын куы райдайай, уæд нæ ныхас дарддæр ахæццæ кæндзыстæм, – цъæхснаг хъæлæсæй ма срæцыгъта хиуылæрвæссонхуызæй æмæ къæлидоры фæмидæг и. Нæ дзы конд и, нæ –

уынд, нæ дзурын зоны, нæ – хъуыды кæнын, афтæмæй йæхи ахæм уæлоз æвæры, цыма университеты сæйраг цæджындз у. Æвæлтæрд чызджытимæ та – Нарты Хæмыц йе ‘рхъызы дæндагимæ. Уыцы æгъуыз бæрбæрайы æнæгуырысхо æууæнкæй дæм иу æртау дæр ма уæд. Цы мæрддаг дæн, цы? Хæрзарæзт дзæбæх чызг куы фенын, уæд мыл тæфсæг бахæцы, æмæ мæ дзыхы ныхас нал фæбады. Гъер æм куы бацæуин, уæд мæ хæргæ бакæнид? Кæд мыл фесчъил кæна йæ был. Æмæ мын уымæй цы уыдзæн? Мæ ныфс асæтдзæн, æмæ йæм нал бауæнддзынæн. Нæ, фæлтау ног ахуыры азмæ банхъæлмæ кæсдзынæн. Бирæ йæм нал баззади, æмæ кæд йемæ исты хуызы базонгæ уаин. Хъуыддаг фæстæдæрмæ æргъæвын тæппуд адæймаджы миниуæг кæй у, уый æмбарын, фæлæ мæ лæмæгъдзинадыл фæуæлахиз уæвын нæ фæразын мæхицæй кæстæр чызджытимæ дæр.

– Дæ Хуыцауы хатырæй, уыцы рæучи сылвазимæ афтæ зæрдиагæй цæуыл дзырдтай? Йæ риуыл дæ сасымæй баныхæста? Дæхи дзы атонын куы нал фæрæзтай, – рæхуыстæмхиц хъæлæсæй йæ бафарста йæхи карæн къæйныхарæзт сырхдзыкку чызг æмæ йæм уайдзæфгæнæджы цæстæй кæсгæйæ бацыд.

– Сасым нæ дæ, сасым. Ды дæр лæппутыл дæхи фыццаг фембæлдæй баныхасыс?

– Æз дæу хуызæн рæсугъд куы уаин, уæд сын сæ удтæй схъазин, уæлдайдæр мæнæ ацы æнæфæнык хъалæн.

– Уагæр æм афтæ тынг цæуыл смæсты дæ?

– Мæ хæстæджы мын фæхудинаг кодта. Фæхъазыди дзы, æмæ чызг йæхи марынмæ æрцыди.

– Мæнæ ацы гæлхæрды тыххæй?!

– О. Ды йын куыд æнхъæл дæ, ахæм гæлхæрд нæу. Зæххы бынты цæуы, æмæ дзы дæхи хъахъхъæ.

– Уый мæтæй мæлын. Йæ дзæгъæл дзырдæй йын сфæлмæцыдтæн, фæлæ йæ мæ цурæй куыд атардтаин? Ноджы ды дæр нал æмæ нал зындтæ…

– Емынæйы ад мын кæны, æмæ дзы мæхи бафæсвæд кодтон. Æ-æ, бирæгъæн хъæдбын – йæ кой. Фæлтау нæ хæдзæрттæм ацæуæм æмæ нæ бинонтæм хæрзæггурæггаг фæуæм. Уæвгæ, дæуæн циу? Дæ фатер дæ фындзы бын и, мæн та мæ райгуырæн хъæумæ авд хохы сæрты ахизын хъæуы, – йæ хъазæн ныхасыл бахудт чызг æмæ æнæнхъæлæджы мæнмæ фæкомкоммæ, цингæнгæ мæм æрбауад æмæ мæ дисхуызæй афарста: – Ды та ам

цы кусыс? – Йæ хуызмæ гæсгæ йæ мæ бон базонын кæй нæу, уый бамбæрста æмæ фæкъæмдзæстыг. – Æз Байтугъаны чызг дæн – Иринæ. Сымахæй цалдæр сыхы фалдæр цæрæм, стыр гæдыбæлæсты цур.

– Дæ фыды дын хорз зыдтон, йемæ ма гутондарæй дæр акуыстон, фæлæ Уæрæсемæ цардагур афтыдтæн, уыйфæстæ та мæнæ ацы зонындзинæдты галуанмæ æрбацыдтæн æмæ кæстæрты уыйбæрц нæ зонын.

Цæмæй мын мæ сусæг фæнд ма бамбара æмæ мыл йæхинымæр ма фæхуда, уый тыххæй йын дзургæ-дзурыны къухæй йæ хæларырдæм ацамыдтон, иунæгæй læууы, æмæ аив нæу, зæгъгæ.

– Дæ радзырдтæ мыхуыры куы фæзынынц, уæд дын сæ æз æхсызгонæй бакæсын. Мæ мад та сыл мæнæй тынгдæр бацин кæны. Ирбег, дам, йæ дыууæ хæйрæджджын фыдыусы къухты удхаргæнгæйæ схъомыл и æмæ, дам, сын йæхи сафын нæ бауагъта, – мæ фарсмæ цæугæйæ мæ райдзастхуызæй æппæлы Иринæ. Уыцы ихсыд ныхæстыл зæронд дзабыртау сахуыр дæн, æмæ мæ нал æндавынц, фæлæ сæ йе ‘мбалы раз кæй дзуры, уый мын мæ риуы цыдæр сабыргæнæн хос уадзы æмæ мæм зæрдæдарæн æнкъарæнтæ гуырын кæны. Куыддæр йæ цуры ‘рлæууыдтæн, афтæ кæрæдзимæ фемдзаст стæм, æмæ йын йæ хъарм цæстытæм куыд кастæн, афтæ мæ туджы змæлд фегуыппæг и.

– Базонгæ ут, – хъуысы мæм ме ‘мхъæуккаджы хъæлæс. Чызг зына-нæзына йæ къухыл мæнырдæм схæцыди æмæ къæмдзæстыгхуызæй дзуры:

– Алетæ.

Мæхи йын амонын, æмæ цæмæдæр гæсгæ мæ цæстытыл уайы Тиминæйы цæсгом. Уый къæсхуырдæр у, ай та – хæрзхуыздæр, фæлæ сæ цæстæнгасы иумæйагæй цыдæр и. Мæхинымæр æй агурын, фæлæ йæ мæ бон æрцахсын нæу.

– Иринæ, æз цæуон, науæд де ‘мбал мæ дзæгъæл дзырдæй дæр сфæлмæцдзæн æмæ мæ нæ фыццаг фембæлдæй йе сæфт фендзæн, – къахын мæ ног зонгæйы æмæ мæ мидбылты хинхудт кæнын.

– Уымæй ма тæрс. Æппæт læппутæм æмхуызон зæрдæ нæ дарын, – йæ мидбылты худы уый дæр, йæ сау цæстыты хуры тынтæ ферттив-ферттив кæнынц æмæ мын мæ фæлмæст риуы ныфсы цырæгътæ судзынц...

Уыдзæн ма

ХÆМЫЦАТЫ Албег

МÆ УД ÆНЦОЙДЗИНАД НÆ АРЫ

* * *

Кæдæм тæхыс, мæ зыгъар бæх, фæлæуу.
Цы мæ скъæфыс къæдз-мæдз фæндагыл хъæумæ?
Дæ цæфхæдтæй дзæгъæлы нæмыс нæуу, –
Мæнмæ нæ кæсы саурæсугъд æнхъæлмæ.

Фæлтау уал донбыл аулæф æнцад,
Уадз хъаза Терк йæ уылæнтæй нæ фарсмæ.
Ам цардæй раджы ахицæн нæ мад, –
Нæ рауайдзæни раздæрау нæ размæ.

Мæ сабидуг дæр дурты бын фæци.
Кæсы уырдыгмæ рох къуыппæй нæ мæсыг.
Æмæ ма ныр цæуыл кæнон æз цин? –
Мæ ивгъуыд мысгæ, фемæхсти мæ цæссыг.

Нæ бафыстон фыдыбæстæн йæ хæс,
Лæууын æрхæндæг цавддурау йæ разы.
Ныккалди комы хъæугæрон нæ къæс, –
Йæ хæлддзæгтæй йын уазал дымгæ хъазы.

Æмæ дæ курын: бамбар мын мæ зын,
Фæлæуу уысмбæрц дæ тагъд тъæбæртт-тæхынæй.
Гыццыл мæ бауадз урс хæхтæм кæсын, –
Ам баззади мæ уды къæртт гыццылæй...

ЦХИНВАЛЫ 5-ÆМ СКЪОЛАЙЫ КÆРТЫ

Мæ зæрдæ риссы, банцайæн ын нæй,
Ызгъæлы цæссыг гагатæй, нæ сысы.
Кæнынц ам Иры сахъ гуырдтæ фынæй.
Сæ ингæнтæй мæм тохы зарæг хъуысы.

Хъæбатыр сахар цавддурау ныхъхъус.
Нæ уыны тарбын мигъæргъæмттæй хуры.
Кæугæ ныддæлгом ингæнкъæйыл ус,
Йæ тыппыртæ уæззау хъарæгæй суры.

Кæсын æнкъардæй дур цыртытæм æз.
Мæ цæстыл уайынц тугæрхæм фыдбонтæ:
Кæны æмбу хæцæнгæрзты хъæлæс,
Лæгæрдынц размæ Иры саг хæстонтæ.

...Фæлæ æваст цыбыр урок фæци.
Дзæнгæрæджы хъæр азæлыди кæрты.
Мæ цуры стынг и хъал сабиты цин,
Сæ хъæлдзæг ныхас ивылыд мæ сæрты.

Лæвæрдтой мын, æцæг лæгтау, салам,
Æмæ фæци мæ уды сагъæс рогдæр:
Дæттынц сын Иры мард хæстонтæ ам
Лæгдзинад æмæ намысы уроктæ...

*** * ***

Ф-йæн

Цæмæн дæм кæсынц рагбæллицтæ худæг?
Æнхъæлдтон, дардмæ азæлдзæн мæ зард.
Фæлæ ма аззад рухс фæндтæй æртхутæг, –
Ныггуыпп сыл кодта карз дуджы цъæх арт.

Уæддæр нæ сæттын рæстæджы цæлхъытæн.
Дæтты мын тых æхсæрдзæнты хъæлæс.
Уадз хъазæнт удæй ме ‘нарæхст рæнхъытæ,
Сæ уæззау мастæн бабыхсдзынæн æз.

Ыслæудзæн зарæг, сабийау, йæ къахыл,
Ыссардзæн искуы зæрдæтæм фæндаг.
Нæ фидауы æнæныфс барæг саргъыл,
Нæу зæйцæуæнты балцвæндаг зæлдаг.

Мæ цинæй хъуамæ барухс уа дæ зæрдæ.
Фæлæ мæ цард изæрырдæм фæкъул,
Æмæ куыд зарон? Байрæджы, мæ сæрмæ
Фæныгуылы, мæстæймарæгау, хур...

БÆХЫ СТÆГДАР

Паддзахад бæхы мардæй уæлдай нæу. Чи йæм куыд æххæссы, афтæ дзы тона кæны.

Ирон æмбисонд

Бæх уыд, мæгуырæг, саргъыбæх кæддæр.
Фæллад нæ зыдта дард фæндæгтыл балцы.
Бæрзæндты хаста рæгъауы йæ сæр,
Фæлæ йыл хинæй ‘нæууæнк хъысмæт рацыд.

Хызтис изæрæй доны был æнцад,
Нæ банкъардта, кæуылты атахт рæстæг.
Хæстæг æрдузыл тарбын мигъ ныббадт,
Æрбаталынг, мæйдар æхсæвау, бæстæ.

Ныккалдта уарын, сонт дымгæ ысхъал!
Æрмæст ма хъуыст фынк уылæнты хъæр-дзурын.
Æртыхсти бæхыл стонг бирæгъты бал,
Хъæрццыгъатау æм райдыдтой лæбурын.

Бæргæ ма ‘ххуыс йæ Хуыцауæй куырдта,
Фæлæ йыл дуне, сау лæгæтау, батар:
Куыд æм чи ‘ххæссыд, афтæ йæ тыдта,
Æмæ ма бæхæй аззади ыстæгдар.

Кæны йыл дымгæ къуылдымæй æхситт,
Ысхъомпал вæййынц халæттæ йæ цуры.
Зымæг ыл уары урс тъыфылтæй мит,
Сæрдыгон судзы хуры тынтæм дуртыл...

* * *

Мæ уд сайынæй бафæлладтæн æз.
Æрцъипп мæ кодта, хъал кæсагау, хыз.

Дзырдтон мæхицæн: «Адджын у дæ уарзт»,
Цыма мæм хур дæ мидбылхудтæй каст.

Фæлæ æваст нæ рухс аргъау фæци,
Цыбыр фынау æрбадæлдзæх мæ цин.

Æмбал, æрдхордыл никуы систон къух,
Уыдтæн сын ныфс зын сахаты æдзух.

Фæлæ мæ хъул нæ бадти семæ сах,
Ыскъуырдтон-иу сæ гадзрахатыл къах.

Æууæндыдтæн: мæ амонд мæм зындзæн,
Ыстыр хæрзтæ уый ракæндзæн мæнæн.

Фæлæ йыл никуы, никуы ‘рхæцыд цæст,
Фæлывта мæ дæлимонау æрмæст.

Æз никуы ‘руагътон дудгæ бон цæссыг,
Нæ дуг мæм каст рæстдзинады мæсыг.

Фæлæ уыдис мæ ныллæг къæс æнкъард,
Сыгъди тыххæй мæ хаст къонайы арт.

Хъыцъыдæттæ мын бадардта хъысмæт,
Уæддæр дзырдтон: дзæгъæлы кæнын мæт.

Фæлæ æууæнк хæйрæг-хъысмæтыл нæй, –
Ыскодта хинæй хъазæнхъул мæнæй.

Мæхи сайдтон æдзухæйдæр, мæхи,
Гъе ныр ма цы? Мæ цыбыр цард фæци...

ДАЙРАНЫ КОМЫ

Ныддаргъ и Десмæ сахарæй нæ балц.
Æрæййæфта нæ уазал æхсæв комы.
Ыстъыста мигъты урссæр хох йх арц.
Фынкбарц æхсæрдзæн бамбæхста йæ роны.

Къæдз-мæдзы фæндаг комнарæджы хылд.
Зынд ма йæ сынæг дуруæйыг къæдзæхæн.
Нæ саст уæрдон тыххæйты, узгæ, тылд,
Æккуырсын размæ нал æнтыст нæ бæхæн.

Фæлæ фæзынд ыстъалыуаццаг – арв.
Кæдæмдæр дымгæ доны сæрты атахт.
Æрныгъуылдтæн бабайы кæрцы арф,
Йæ даргъ аргъаумæ афынæй дæн уайтагъд.

Мæ фыны хъуыстон цæлхыты хъыррыст,
Бæлццон лæгау мæ фыды фарсмæ бадтæн,
Мæ цурмæ хæхтыл сабидуг æрхызт,
Мæ уисын бæхыл Терчы былмæ тахтæн...

ХЪУГ

Кæй ма хъæуы мæллæг хъулон хъуг ныр?
Ныззæронд, бахуыскъ, нал кæны æхсыр.

Кæнынц ыл хъомтæ рæгъауы æвварс,
Цыргъ сыкъатæй йын бацæвынц йæ фарс.

Ысси, мæгуыр, ыстджытæ æмæ царм,
Уый нал æнкъары хъомдоны дæр хъарм.

Йæ дынджыр фæздон сагæхты нымпылд,
Зыгъуыммæ йыл хъысмæты цалх æрзылд.

Вæййы æдзухдæр сидзæрхуыз, æнкъард
Фæныгуылы, дыдзыхурау, йæ цард.

Кæрдæгджын фахсыл разилы йæ сæр.
Æрцæуы, цудгæ, хизæнæй уæддæр.

Кæд иу искæмæ бахъарид йæ зын.
Фæлæ йæ хъомгæс не ‘мбары æппын:

Нымад æм не сты искæй зынтæ, рис,
Тæлмытæ скæны хъуджы рагъ йæ уис...

*** * ***

Цыдтæн тыххæй бæрзонд хохæн йæ сæрмæ.
Нæ хъæу дæлиау баззади кæмдæр.
Фæкъуырма-иу дæн зæйы цæлхъ, йæ хъæрмæ,
Фæлæ хызтæн тæссаг рæттыл уæддæр.

Мæ бынмæ дымгæ мигъы скъуыдтæй хъазыд,
Мæ хид фæрдгуытау дондæппæлттæй тагъд.
Зæххыл мæнæй сæрæндæр хохаг нал уыд!
Фырцинæй уд æвзист тæрæзтæм тахт.

Æнхъæлдтон, цъупмæ схаудзынæн æз комæй,
Зæрин хуры скаст фендзынæн фыццаг,
Уыдзæн сæрыстыр хъæубæстæ мæ номæй,
Ныссæнддзынæн сын урс хохмæ фæндаг.

Уысмбæрц нæ сæфтон их къæмбыртыл рæстæг,
Тæссæй нæ ивтон сæрсæфæны фæнд.
Фæлæ нæ зынди иу лæг дæр мæ фæстæ,
Æмбæрзта тагъд-тагъд миттъыфыл мæ фæд...

*** * ***

Хæдзаргæнæджы мард – фæсдуар.

Ирон æмбисонд

Нызæронд бирæгъ, бахаудтой йæ фæрстæ,
Зынг цæстыты рухс ахуыссыд бынтон.
Æххормагæй йыл аивгъуыйы рæстæг,
Мæлы рынчынæй хуыккомы кæрон.

Йæ læппынтæ кæнынц хъылдымтæ ‘фсæстæй,
Æхсыдæй дæр ын нал дæттынц ыстæг.
Йæ хус хуыфынмæ рафыцынц фырмæстæй,
Сæ лыстæнмæ йæ нал уадзынц хæстæг.

Йæхи сыл уæгъды, дзæгъæлы фæхордта,
Нæ уыдысты цæстдард, рæвдыдæй цух.
Йæ дзыхы комдзаг ‘нæ уыдон нæ кодта,
Æдас бынат сын агуырдта æдзух.

Мæйдар æхсæв-иу тархъæдæй зымæгон
Ныллæг уæтæрмæ бахъуызыд æваст:
Ыскодта-иу йæ læппынтæн бæрæгбон, –
Нæ зыдтой, циу æххормаг кæнæ маст.

Сæ зæрдæ хъæды царды хæрзтæй ради,
Ныр байрæзтысты, нал тæрсынц зынтæй.
Сæ мад, мæгуырæг, къæсæрмæ ныссалди,
Фæлæ йæ ‘ппын æрхъуыдыгæнæг нæй...

ÆДЗÆРÆГ ХЪÆУ

Рох хъæуы дыууæрдæм дымгæтæ кæнынц,
Уæлкъуыппæй йæм дары хæлд мæсыг йæ фындз.

Фахсæй йæм æвзиды, удхæссæгау, зæй,
Куыйтæй дарддæр уынгты цъиуызмæлæг нæй.

Халæттæ йæ сæрмæ схъомпал вæййынц хатт,
Хæдзæрттыл ыскæны мигъпъæззы бæхбадт.

Цæрджытæй нæ хъуысы хорз хабар æппын,
Хъæубæстæ сын фестад рухс сахары рын.

Уым цæрынц сæхицæн хъæлдзæгæй, дзæбæх,
Нал фæлдахынц уалдзæг гутонæй сæ зæхх.

Ферох сæ бынтондæр райгуырæн къæсæр,
Баззад, мæгуыр, рохæй сидзæрау кæмдæр.

Тымыгъты къуыс-къуысмæ федзæрæг бынтон,
Арвы бын ын дуне басгуыхти зындон.

Къæйдуртæм дæр хъары уый тæригъæд, маст,
Бонырдæм ыскæны сахармæ йæ каст,

Цыма уым нымбæхсти цæрджытимæ хур,
Цыма баджих мадмæ ‘ххормагæй хъæбул.

МÆ ТЫХСТЫ САХАТ

Сау дуг мæ пиры йæ «пирæнæй»,
Нал дæн мæхи хуызæн, нал.
Ма мæ фæрс ивгъуыдæй, фидæнæй,
М’ амонды мæсыг ныккалд.

Цардвæндаг донау ныкъкъабæзтæ,
Сцына и зæрдæйы маст.
Рухсы цъыртт нал уынын а бæсты,
Басгуыхт хæйрæджы цин уарзт.

Бадын æнкъардæй мæ хаст къæсы,
Сдон и фыдцæрдтыты сæр.
Хур дæр мыл аныгуылд, нал кæсы, –
Сау мигъты бамбæхст кæмдæр.

Хъуысы мæм арвы нæрд арф кæмтты,
Сæмбæлы хохыл йæ цæф.
Дзурын æм: ма гуымс кæн дард рæтты, –
Тагъддæр мæ рыст уд æрцæв...

* * *

И-æн

Кæйдæр зæххыл, фæлладуадзæн хæдзары,
Мæ уд æппын æнцойдзинад нæ ары.

Йæ фæдыл мæ æрхæндæг хъуыды сайы,
Дæумæ мæ зæрдæ дард ранæй æхсайы.

Æмгæрон хуыссæг, марадз зæгъ, нæ цæуы,
Фынк уылæнты дзæхст былгæрон фæцæуы.

Нæу хъарм дымгæ дæр бафынæйыл разы,
Мæ рудзгуыты бын пальмæтимæ хъазы.

Дæ рæсугъд сурæт февзæры мæ цуры,
Цыдæртæ мын нæ сусæг уарзтыл дзуры.

Æмæ ныррухс и талынг æхсæв уайтагъд,
Мæ уд дæ цурмæ урсхъуыр маргъау атахт...

МИДРАВГ

(Рынчындоны рудзынгæй кæсгæйæ)

Æртахтысты сæ рох ахстæттæм мæргътæ,
Æмæ та комы базмæлыди цард.
Æрттивынц хурмæ митæфцгуытæ, хæхтæ.
Нæуæг та хъуысы ‘хсæрдзæнты хъæр, зард.

Тагъд дидинджытæ сдардзысты сæ сæртæ,
Хъуысдзæни дардмæ цæвджыты æхситт.
Сæумæрайсомау барухс уыдзæн зæрдæ,
Æртайдзысты цъæх ихфæзгъæртæ, мит.

Ныллæудзæн уалдзæг, бахъарм уыдзæн бæстæ,
Бæгънæг бæлæстыл рахæцдзæн сыфтæр.
Хæсдзæн лæгæн рæсугъд бæллицтæ рæстæг,
Ныхъхъус уыдзысты тымыгътæ кæмдæр.

...Æртахтысты сæ рох ахстæттæм мæргътæ,
Сæ цин, сæ зардæн нал зонынц кæрон.
Фæлæ мæн размæ нал хæссынц мæ къæхтæ,
Нытталынг мыл, мæйдар æхсæвау, бон...

* * *

Моргуаты Эльбрусæн

Ирон зарæг дæ мæт уыдис, дæ цин,
Дæ туджы цардысты йæ зæлтæ.
Хуыцауæй дæу ыстыр амонд фæци, –
Уыд фарнæй йемыдзаг дæ зæрдæ.

Ирон зарæгыл бахордтай дæ уд,
Дæлæмæ йын йæ кад нæ уагътай.
Дæ хъæлæс дардыл зæлыди рæсугъд,
Фæлтæртæн æй нæргæ ныууагътай.

* * *

Бон та бахудтау ысцыбыр.
Нал ис хурыскастæн аргъ.
Миты бафынæй ис быдыр.
Æхсæв – салд боцъо – ныддаргъ.

Фесæфт арвы цъæх, ысхъызы.
Бады атагъайыл мигъ.
Бирæгъ дарæнтæм æрхъуызы.
Дуртыл цæугæдон ныйих.

Урс кæрц бамбæрзтæуыд зæххыл.
Æрдуз бамбæхста йæ гуыр.
Кауын хордонæй ыстæхы
Тарст сырддонцъиуты дзыгуыр.

Дымгæ нал зоны æрфынæй,
Хъæды – йе ‘нæнцой къуыс-къуыс.
Къахкъæлæттыл та бырынæй
Хæрды нал æфсæдын æз!

РАГУАЛДЗÆГ

Боныхъæд бахуызæн, нал хæлы,
Нал хъуысы уады къуыззитт.
Къалиутæй уигъæгау ‘рызгъæлы
Зæхмæ хæмпуспакъуы мит.

Мигътæртты хуры цалх не ‘мбæхсы,
Сисы цъæх арвмæ йæхи.
Цæугæдон ихцъарæй фемæхсы,
Атайы дуртыл йæ цин.

Малусæг банкъары уаз рæстæг,
Митæй ысдары йæ сæр.
Уалдзæг бæрæг у – æрбахæстæг,
Зæлдзæни арвнæрды хъæр.

Дардæй зæрватыкк æртæхдзæни.
Фесæфдзæн уазал æд маст.
Зæрдæ дзæнгæрæг ныццæгъддзæни,
Дидинæг ракалдзæн уарзт...

ТЕДЕТЫ Ефим

АГУЫРДТОН ДÆ БУЛÆМÆРГЪТЫ ЗАРДЫ

ПОЭЗИ

Агуырдтон дæ булæмæргъты зарды,
Дæу æнхъæлдтон уардитæм кæддæр,
Дунейыл кæм нæ фæзылдтæн царды,
Нæй, дæ гуырдз дын не ссардтон уæддæр.
Гутоны цыргъ æфсæнтæ-иу зæххы
Асагътон, мæ арм-иу дыл фæхæст,
Царддæттæг сырх мæнæу дæ фæзæгъынц,
Нæй, уæддæр дæ не ссардтон æххæст.
Де сфæлдисæг хурзæрдæ, фæрныг уа!
Цæй ныр дыл кæм фæхæст уа мæ къух?
Кæд вæйыс цыкурайы фæрдыгау
Сау калмы дæндæгты бын æмбæхст...
Охх, цы кæнон?
Царддæттæг ныфсытæй
Чи сафдзæни зæрдæйæн йæ рыст?
Уалынмæ цыдæр тыхджын гуыппытæй
Хæхты рæнхъ æвиппайды ныррызт.
Уый вулкан? Вулканы сцæфтæ хъусын,
Фæлæ аххос уый фыдæй дæр нæу.
О поэзи, сау хæхтæ нынкъусæг
Фенхъæлын вулканы бæсты дæу.

УЫГÆРДÆНЫ

Дидинджытæ уыгæрдæны –
Алы хуыз, æнæхин:
Бур, сырхытæ, чи та – растдæр
Копрадзау цъæх-цъæхид...

Диссаг ысты, уыцы хуызтæ
Зæххы ‘мбæхст кæм ысты!
Æрдзы сконд, æвæццæгæн дæр,
Уымæй у сæрыстыр...

Аххосæгтæ ахæм ысты:
Дидинæгæн райсом
Боны цъæх куы ныбба кæны,
Уый цъæх хуыз уæд райсы...

Фæлæ, оххай, ацы сырх хуыз!
Зæрдæйæн зын вæййы:
Туг кæм ныккалд, сырх дидинæг
Уыцы ран æрзайы...

Дидинджытæн хуыз æвзаг у,
Кодтон сыл мæ сагъæс,
Алчидæр сæ хаты цыма:
Цæй, мæнырдæм ракæс...

Æрдз рæдау у, узæлыд мыл,
Куыд чындздзон чызг, афтæ
Рустæ русыл аныдзæвдау,
Диссаг фæлмæн батау...

Дуне сидти бауддзыдмæ,
Уарзта æмæ хъазыд,
Æмæ фестад уарзæтты уат
Уыгæрдæн мæ разы...

Цард! Йæ уарзт у стыр дунейæн
Уый диссаг фæлысты.
Уымæн раст йæ дыууæ ‘мбисы
Нæл æмæ сыл ысты...

МАДЫ ЛÆГГАД

Хæхтыл бады уазал цъити,
Асины ысхизæнтау,
Зынд уырынгтæй,
Рацамæхсти,
Урс хыссæ-æнхъизæнау...

Хохрæбын нæ ныллæг хæдзар
Æз зыдгæнгæ агуырдтон:
Сисамад, къæйдурæй конд цар...
Ацы ран æз райгуырдтæн.

Ам-иу федтон барæмвæндæй
Æз гыццийы донхæсгæ,
Кæнæ къухтæ дзуарæвæрдæй,
Къæртайы гуымбылахсгæ...

Ехх, гыцци, зæрдæрыстимæ
Нал басастай царды зын, –
Бамыр дæ дæ бæллицтимæ
Сау уæлмæрды тулдзы бын.

Касти дæм: дæ арм дын искæд
Искæй чызг фæрог кæндзæн,
Уый хъæбул дæм, цин æвдисгæ,
Хуры тынау бахуддзæн.

Мады цард, – бæргæ-иу загъта
Зæрдæ, – фаг ысрухс кæнон,
Фæлæ мæ куы нæ бауагъта
Цард рæстæгыл ус курын.

Азым ис дæумæ дæр, гыцци:
Арвыстай дæ барæджы
Амондагур дард фæндагыл,
Уый тыххæй мын байрæджы.

Æмæ ныр дæ уæздан дзырдтæ
Маройгæнгæ сног кодтай...
Атыхстæн дæ ныллæг цыртыл, –
Баззадтæн фæсмонгондæй.

ТУЛДЗ

Тулдз бæлас арвы цъæх, арвы сау
Не ‘взары, зары сæрбæрзондæй,
Дугтæ, æнустæ уый дарæсау
Батоны бирæ цæрæнбонтæй...

Иу тулдз ис махæн нæ хохрæбын,
Фараст ивазны йæ бындзæфхад...
Уымæн, дам, иу хатт йæ тæккæ бын
‘Рæнцад ызгъæрджын Аланты ‘фсад...

Тулдзы куы ныздухы уадтымыгъ, –
Йе стыр уæйыг цæнгтæ, фидарау,
Басæттынц уады æгæндæг тых,
Дардмæ фæлгæсы дзæбидырау...

Уымæн йæ гуыркъотæ, цингæнгæ,
Цардхъом тых равдисынц фæззæджы:
Топпы нæмгуытау, æхситгæнгæ,
Аныхсынц зæххы тымбылæджы...

Тулдз бæлас – кадæг, мæ зæрдæ мын
Йе ‘фсæйнаг зарæгæй сагайы...
Нæй йын тыхгæнæг, æрмæст, дам ын
Арвы ныццæфæй тæссаг вæййы...

ЗАРД ÆМÆ КÆУЫН

Уарзын кæд æргом нæ вæййы,
Цин уæддæр нæ ивгъуыйы мæнæй,
Маст налат у, тохвæллад зæрдæйы
Батайы мæ зарджыты зæлтæй.

Алкæуыл мæ уды хъарм ныхасын,
Хорз фысым – кæрдзын æмæ цæххæй.
Цин мын цин у, зианы бон æрхæссын
Уæлмæрдæй мæ уæхсджытæ цъæхæй...

Зонæм мах: куы фæлдæхы нæ мæсыг,
Искæй зынг куы ахуыссы æваст,
Уæд тыхджындæр чи калы йæ цæссыг,
Уымæн цардмæ тынгдæр у йæ уарзт.

Мæн фыдбылыз удæнцой нæ уадзы,
Чи лæууы фыдохы бон æнцад?
Бакæнын «Иронвæндаг» мæрдадзы,
Охх, мæ зынг куыд бахуыссыди, Цард?

Фæлæ зарæг хъарæджы ныгæны,
Уый хъармæй æрæгас вæйиы лæг.
Хаттæй-хатт зианмæ дæр фæкæнынц
Цардæгæстæ, гъери-гъа, хæлæг!..

ДЗУЛ

Ис мæ фынгыл урс дзулы гуыдын,
Уымæй зæрдæ цины мондаг хаты, –
Хурыскастау уый равзæрд уынын,
Ацы диссаг амондджын сахаты.
Райхъал та ис уалдзыгон хуымзæхх,
Сыстад арвмæ урскъуымбил æврæгътæ, –
Хъустыл уайы къæвдайы сæх-сæх,
Уæнгтыл хъазынц хъарм хиды æртæхтæ...
Циу хæмпус дзул?
Стыр куыст æй хæссы,
Уый ныййары уарзон зæхх хъæбулау,
Мæр фæдары æфсиртæн æхсыр,
Уый сæ тавы мады цинæй хурау.
Афтæ мæм фæкæсы, цыма ис
Хойраджы æмбæхст хуызы лæджы цард,
Урс ыссадæй куырæйттæй цыдис
Æмæ ныр нæ дзаг фынгыл æрæнцад.
Мæнæ диссаг?! Адæймаджы цæст
Рафæлгæсыд незаманты дугæй,
Уæд хъæддаг лæг амондыл фæхæст
Æмæ хом фыд баивта фых дзулæй.

Дзаджджын фынгыл дзул бады сæрæй,
Сомыгæнæн уый басгуыхти махæн,
Уый ардæн нын басæттæнтæ нæй,
Дзулæй сомы ахæм тых у, ахæм.

УАРЗОНЫ САГЪÆСТÆ

Зарæджы сæр мын дæ, о, чызгай,
Де уæнгты ахаст, дæ хъæзтытæ
Дуне, фыдæнæн ми кæнæгау,
Радта нæлгоймаджы цæстытæн...

Хур у дæ худгæ хуыз зæрдæйæн,
Нæй мæн дзырды тых дæу фауынæн,
Фаг у дæ иу тызмæг фæкаст дæр
Зæхмæ цæргæсау æрхауынæн...

Нæй мын æнæ дæу цæрыны хос,
Ратт мын дæ сыгъдæг уарзт, ма мæ сай.
Зилыс мæ фæдыл, мæ уды мын
Де ‘рвон цæстыты бын бамбæхстай.

Федтон дæ ратæхгæ, стъалыйау,
Хатт-иу дæ арф фынты фесæфтон,
Дунейау де ‘гæрон хъуыдыты
Сусæг æлхынцъытæ не ссардтон.

Дард дæ фæлидзон, дæ сурæт мын
Хохау мæ фæндаг æрæхгæны,
Цæй, ныр цы кæнон, цы ма фæуон?
Рох дæ фæкæнон, нæ рох кæныс.

Афтæмæй уарзоны сагъæстæ
Рахастон цардмæ мæ рагбонтæй.
Æмæ дæ зæрдæмæ цæугæйæ
Баззадтæн иунæг фæндаггонæй.

АУАДЗУТ МÆ

Судзынц риуы бæллицтæ цыренæй,
Денджызау æнæбын ысты – арф.
Зæххыл æз нæ бафсæстæн цæрынæй,
Афтæмæй мæ сцыбæл кодта арв.

Хур йæ зынг цæст фæсцъити æрсагъта,
Саджил хох æй ахордта кæфау,
Сау цæргæсау сау æхсæв æруагъта
Дунейыл йæ базыртæ уæззау...

Арвыл байтыгъд стъалытæ – куыристау,
Уым фæкарста хуры чызг йæ хуым,
Мæкъуылæй йæ дзаумæттæ куы ‘риста,
Баззади уæд йе ‘ндон æхсырф уым...

Ауадзут мæ!
Бауæндут мæ ныфсыл!
Домы мæ ыстыр тыхтæ мæ дуг.
Уæлæ арвыл къæлæтмæй-æхсырфыл
Хъуамæ ахсæв бавæрон дзæбуг.

ТАГЪД КÆНЫН

Поезды ‘хситт... Вагæтты сыффыттытæ...
Уарзын фæндаг, арæзтон æй, тахтæн ыл.
Нæй, уæддæр мын фаг нæ кæны уыцы згъорд, –
Æз бæлццон дæн, дардыл зилын, тагъд кæнын.
Мигъты сæрты ацъелф кæны ‘взист цæргæс,
Галуæрдоныл даргъ зарджытæ нал уафын...
Нæй, уæддæр хæдтæхæгæй, ракетæйæ
Нæу сæ бон мæ цырд бæллицтæ-баййафын...
Не ‘фсæдынц мæ цæстытæ фæлгæсынæй,
Тынг сæ фæнды дун-дунетыл ацæрын, –
Мæн фæнды: кæдæм фæнд кæнон дунетæй,
Февзæрын цæстыныкъуылдмæ, уыцы ран...
Гъей, дæсны, тæхæн дзаумæттæ аразæг?!
Баив тагъд дæ хæдтæхæджы истæмæй,
Науæд æз къадзони лæдзæг райсдзынæн, –
Балцы цæуын райдайдзынæн фистæгæй.

НÆ ЧЫСЫЛ ХУРТÆН

ТОМАЙТЫ Адæ

ДЫУУÆ ХÆЛАРЫ

–Дзыкъы, Дзыкъы! – сиды Уæлинка.

Кæрты дуарæй æрбайхъуыст дзæнгæрæджы мынæг хъæр. Æрбазынди сæныкк. Урс-урсид къæбæлдзыг къæдзил ын. Йæ сæфтджытæ зæххыл хойгæ æрбацæуы. Цæмæй дзæгъæл ма кæна, уый тыххæй йын Уæлинка йæ хъуырыл бакодта дзæнгæрæг.

– Дзыкъы, æз мæхи ныхсадтон, ныр иумæ аходæн скæнæм æмæ хъазынмæ цом.

Йæ иу къухы хъарм кæрдзыны къæбæр, иннæйы ногдыгъд æхсыры къус, афтæмæй æрбадт, дуармæ цы даргъ бандон ис, уый кæрон æмæ хæрын райдыдта. Сæныкк дæр сойджын кæрдæгæй аходæн кæны. Кæрдæджы хъыррыст райхъуысы дæндæгты æхсæнæй. Йæ уымæл фындз æрттивы. Хæларцæстæй бакæсы чызджырдæм.

Хæдзарæй сæм рацыди зæронд ус. Чызджы къухæй афтид къус райста æмæ загъта:

– Ныр хъазут, цас уæ фæнды, уыйас. Æрмæст дардмæ ма ацæут. Мæнæн уæ фæстæ рацу-бацу кæнын мæ бон нæу. Къанаумæ ма ныххизут.

– Æдзух та афтæ дзурыс: «Дардмæ ма ацæут, мæнæн уæ фæстæ рацу-бацу кæнын мæ бон нæу. Къанаумæ ма ныххизут». Хорз, нана, кæдæм ацæуæм, уырдыгæй

дæм нæ дзæнгæрæджы хъæр хъуысдзæн. Æццæй, Дзыкъы? – чызг ныххудт æмæ къахвæндагыл азгъордта къанауырдæм. Сæныкк дæр йæ фæстæ. Къанауы сæрты фæйнæгæй хид. Чызг хиды цур фæлæууыд, сæныкк æй бафæзмыдта.

– Цы кæнæм, Дзыкъы? Ацы фарс нын зындгонд у, ныр та фаллаг фарс басгарæм!

Сæныкк скафыди.

– Дæу дæр фæнды уæдæ, нæ? – азгъордта хидыл. Хидæй ахызтысты къахвæндагмæ. Къахвæндаг цæуы рагъмæ. Сæныкк фæразæй. Чызг ноджы тагъддæр азгъордта æмæ йæ баййæфта. Æз фæраздæронæй згъорынц дыууæйæ дæр.

Уæлинка бафæллад æмæ дзуры сæныкмæ:

– Дзыкъы, афтæ раст нæу. Ды æппындæр нæ фæллайыс, фæлæ æз бафæлладтæн. Иугыццыл аулæфæм, – хъæддаг кæрдобæласы бын ауоны æрбадт, афтæмæй зæгъы Уæлинка. Йæ къабайы дымджытыл цы къæмдзыджытæ нынныхæсти, уыдон сыгъдæггæнгæйæ дзуры дарддæр. – Дзыкъы, ацы къæмдзыджытæ нын баба куы фена, уæд ын цы базонын хъæуы, кæм уыдыстæм, уый.

Цалынмæ Уæлинка йæ гыццыл æнгуылдзтæй йæ къаба сыгъдæг кодта, уæдмæ сæныкк та хъылдымтæ кодта арф сойджын кæрдæджы.

Бæласы бын хуыры хуызæнæй зынынц рæгъæд кæрдотæ. Бæласæй гыццыл дарддæр, уырдыджы – стыр хосы мæкъуыл. Мæкъуылы рæбын сæмбырд сты кæрдотæ.

– Дзыкъы, ахæр ма дзы.

Сæныкк кæрдотæм басмыста æмæ размæ азгъордта. Йæ фæстæ асайдта чызджы дæр.

Рагъæй бынмæ кæсгæйæ, чызгмæ хорз зынынц сæ хæдзар, сæ кæрт дæр, кæрты алыварс – дыргъбæлæстæ.

Далæ нана кæрты сæрдыгон хæдзары цур. Йæ къухы сасир. Кæрты астæу æрлæууыд.

– Дзиу-дзиу-дзиу! – райхъуысти нанайы хъæлæс, раст цыма Уæлинкайæн йæ тæккæ цур лæууыд.

Кæрчытæ уайтагъд йæ алыварс амбырд сты. Сæ зынгхуыз уасæг быруйы сæрæй кæсы. Уæзбын æртахти кæртмæ, æмæ, æцæг уасæгæн куыд æмбæлы, ахæм сæрыстырхуызæй араст и кæрчытырдæм. Уæздан æвнæлд æркæны зæхмæ.

– Хъо-хъо-хъо! – басиды кæрчытæм æмæ сæ домы, цæмæй зыд ма кæной.

Рагъы сæрæй кæсгæйæ, кæрчытæ зынынц хъазæнты хуызæн, уасæг та – бæлоны йас.

Уæлинка сыстад. Йæ къабайы дзыппытæ дыууæ дæр сæ тæккæ дзаг сты хъæддаг кæрдотæй.

– Цом дарддæр! – зæгъы чызг. Сæныкк рог фезмæлыд йæ бынатæй, æмæ та дзæнгæрæджы хъæр райхъуыст.

Хъомыл адæмæй сæ алыварс ничи ис, сæумæцъæхæй ацыдысты хос кæрдынмæ.

Чызг цъæх-цъæхид кæрдæгæй æмбæрзт къуыбыртыл згъоры æмæ зары. Дзыкъы дзæнгæрæгæй цæгъдгæ йæ разæй кафгæ цæуы. Сæ алыварс бæстæ дидинæг фестад. Цы рæсугъдтæ æмæ алыхуызæттæ сты!

– Дидинджытæ æртонæм. Мæ мад дæр сæ бирæ уарзы. Кæсма, Дзыкъы, æрвхуыз дидинæг. Цы гыццыл у, афтæмæй та фыдрæсугъд.

Тонгæ-тонын дидинджытыл ныхæстæ хъуыды кæны æмæ уыцы ныхæстæ зары.

– Дзыкъы, кæс-ма, мæнæ цы дидинæг и! Куыд рæсугъд æмæ сæрыстыр у! Байхъус, æмæ дын ацы дидинæджы тыххæй аргъау ракæнон.

Сæныкк ын цы хъуамæ загътаид? Уæлинка райдыдта йæ аргъау кæнын:

«Ацы дидинæг царди æмæ рæзыди хохы цъуппыл. Тынг рæсугъд дидинæг уыд. Хохы бынмæ, доны былгæрон та царди æмæ рæзыди бынтон гыццыл дидинæг. Уæллаг дидинæг сæрыстыр æмæ былысчъилæй касти бинаг дидинæгмæ. Йæ рæсугъддзинадæй хъал уыди. Фæлæ иухатт ахæм уазал дымгæ ракодта, стæй æрвгæлæнау ныссæххæтт кодта уарын. Дуне баталынг. Уæллаг дидинæг фыруазалæй ныкъкъæдз æмæ тæрсын райдыдта мæлæтæй. Бинаг дидинæг хохы бын уыд, æмæ йæм уазал дæр нæ хæццæ кодта æмæ уарын дæр.

Уæллаг дидинæг бинагæн лæгъстæ кæнын райдыдта:

«Фехху ыс мын кæн! Тæрсгæ кæнын! Искуы мæ бамбæхс!»

Бинаг дидинæг тынг зæрдæхæлар уыди. Фæтæригъæд кодта уæллаг дидинæгæн æмæ загъта: «Æрхиз дæлæмæ, ам дын мемæ ницы тас у. Дымгæ æмæ дæм уарын не ‘рбаххæсдзысты».

Уæллаг дидинæг æрхызти бинаг дидинæджы цурмæ æмæ уым бамбæхсти. Стæй, къæвда куы фæци æмæ та хур куы ракасти, уæд фæстæмæ афардæг йæхи бынатмæ. Фæлæ бинаг дидинæгмæ

сæрыстыр æмæ былысчъилæй нал касти фыццаджы хуызæн. Йæ рæсугъддзинадæй дæр нал æппæлыди. Тынг балымæн сты, æмæ абон дæр сæ хæлардзинад нал сæфы».

Чызг йæ аргъау конд фæци. Ныхæстæгæнгæ адард сты. Сæныкк æппындæр фæллайын нæ зоны. Размæ згъоры. Уæлинка йæ нал æййафы. Уынгæ дæр æй нал кæны. Хъæр æм кæны:

– Дзыкъы, цы фæдæ? Нæхимæ цæуын афон у!

Дзуапгæнæг нæй. Чызг тыхсы. Азгъордта та размæ. Дис кæны, уæдæ цы фæуыдаид, зæгъгæ. Йæ алыварс бæстæ сабыр. Змæлын никуыцæй хъуысы. Тæрсын райдыдта.

– Дзыкъы, Дзыкъы!

Кæцæйдæр райхъуыст дзæнгæрæджы мынæг змæлд. Азгъордта уыцырдæм. Иу ран йæ размæ дзыхъхъ февзæрди. Фæлæуыд. Стыр адæймагæн арф дзыхъхъ, бæргæ, нæ уыдаид, фæлæ дзы сæныкк йе ‘мдæргъæй аныгъуылди.

– Мæнæ кæм ис, мæнæ! – чызг дзыхъхъы тæккæ был алæууыд. – Сыст æмæ цом нæхимæ! – йæ къух æм бадаргъ кодта.

Дзæнгæрæг фезмæлыд. Сæныкк архайы сыстыныл, фæлæ йæ бон нæу. Чызг ныггæпп кодта дзыхъмæ, архайы сæныччы йæ къæхтыл слæууын кæныныл. Сæныккæй цыдæр мæгуырхуыз хъæрзын райхъуысы. Йæ раззаг къах фæдыдагъ вæййы.

– Нæ дæ фæнды нæхимæ? – æрбамæсты чызг. Федта: сæныккæн йæ сæфтæгæй туг кæлы. Бамбæрста, фыдæнæн нæ кæны. Йæ бон цæуын нæу.

– Мæгуырæг! – йе рагъ ын къухæй æрлæгъз кодта. – Ма тæрс, æз дæ ам иунæгæй нæ ныууадздзынæн. Ахæсдзынæн дæ. – Схæцыди йыл, фæлæ йæ нæ фæразы. – Риссы дæ къах? Ныр цы кæнæм, уæдæ? Чи нын феххуыс кæна? Нæхимæ дæр куы ничи ис зæронд нанайы йеддæмæ. Æмæ нæ уый дæр куынæ зоны, кæм стæм, уый. Æниу æй куы зонид, уæддæр цы? Уый дын ардæм фæразы цæуын.

Уæлинка йæ сæрæй йæ лент фелвæста æмæ дзы сæныччы цæф къах абаста.

– Ныр дын кæд фенцондæр уаид. Афæлвар-ма цæуыныл. Афонмæ нæ нана агуры, – стыхсти чызг. Йæ зæрдæ суынгæг, стæй йæ хъарм цæстысыгтæ æрызгъæлдысты сæныккыл. Уæлинка йæхæдæг, бæргæ, ацæуид сæхимæ, фæлæ йе ‘мбалы ам куыд ныууадза иунæгæй?

Цы кæна, уый нæ зоны. Хур уæлæуæз ссыди. Хæрын æм

цæуы. Йæ дзыппыты хъæддаг кæрдотæ ис, уый фæхъуыды кодта. Систа сæ. Дзыкъымæ сæ дары, ахæр, зæгъгæ, фæлæ уый йæ бырынкъ акъуырдта. Чызг дзы йæхæдæг цалдæр ахордта æмæ афынæй.

Куы райхъал, уæд хуры цæст нал зынд. Йæ фарсмæ базмæлы сæныкк. Чызг йæ къæхтыл слæууыд. Йæ сæр дзыхъхъы æмвæз у. Йæ алывæрстæм акаст. Хъæд фæсау. Къудзийы рæбын йæ базыртæ тилгæ атахт сауцъиу. Чызг фæтарст, йæ зонгуытыл æрбадт. Дыууæ къухæй йæ сæр амбæрзта. Фезмæлын нал уæнды. Дымгæ къалиуты базмæлын кæны. Цыдæр хъæртæ йæм хъуысы. Талынг кæнын райдыдта. Чызг фыртæссæй йæ цæстытæ дæр сæхгæдта. Сæныкк базмæлыд æмæ та дзæнгæрæджы хъæр фæцыд.

– Дзыкъы, хорз æмæ фынæй нæ дæ, – мынæг хъæлæсæй дзуры чызг. – Æз тынг тæрсын. Бынтондæр баталынг. Цыма уæле ныр бынтон тæссаг у, афтæ йæм кæсын райдыдта. Сæныччы рагъ къухæй æрсæрфы æмæ та фæзæгъы:

– Афонмæ нæ зæронд нана мах агурынæй бафæллад. Мæгуыр йæ бон!

Уалынмæ кæйдæр хъæлæс айхъуыста. Цыма йæм чидæр йæ номæй хъæр кæны:

– Уæлинка! Уæлинка!..

Чызг сæныкмæ фæлæбурдта æмæ йæ фырцинæй бауыгъта.

– Хъусыс, Дзыкъы? Агурынц нæ! Æрбацæуынц нæм! Хъусыс?

Хъæр хæстæгдæрæй хъуысы.

– Уæлинка, кæм дæ?

Чызг йæ фыды хъæлæс базыдта. Фестад æмæ ахъæр кодта:

– Баба, ардæм. Мæнæ стæм!

Æрбазындис æм фанары рухс. Чызг фæуæндондæр æмæ адзырдта йæ фыдмæ:

– Баба, ам стыр дзыхъхъ ис. Ма дзы ныххау!

– Уæлинка, Уæлинка! – Цины хъæлæстæ хъуысы. – Мæнæ кæм ис, мæнæ!

Æппæты фыццаг ауыдта йæ фыды. Стæй сæ сыхæгты дыууæ læджы. Уыдоны фæстæ йæ хистæр æфсымæр Къостаны. Фыд æмæ сыхаг лæгтæй иу дзыхъмæ ныггæппытæ кодтой. Уæлинка фæтарст сæныккæн æмæ фæхъæр ласта:

– Дзыкъыйыл ма ныллæуут!

Фыд фанар ссыгъта, чызджы фелвæста йæ хъæбысмæ. Фырцинæй йæ къухтæ зыр-зыр кæнынц. Сыхаджы æххуысæй раласта йæ пиджак æмæ дзы Уæлинкайы æрбатыхта.

– Кæм стут абондæргъы? Цæмæн рахæццæ дæ ардæм? Дæ нанайыл та цæуылнæ ахъуыды кодтай? Куы бафæллад дæу агурынæй! Уæд исчи афтæ кæны?..

Сыхаг лæг сæныччы Къостанмæ слæвæрдта, æмæ араст сты сæхимæ. Сыхæгтæ хъæрæй ныхас кæнынц фыдимæ. Чызгмæ дзурын нæ цæуы. Арвмæ кæсы æмæ стъалытæ се ‘мдзу куыд кæнынц, уымæ кæсгæйæ йæ хуыссæг æрцахста, фæлæ йæ разæй ауыдта Къостаны æмæ йæм лæгъстæгæнæгау дзуры:

– Сындæгдæр цу. Згъоргæ ма кæн. Дзыкъыйæн йæ къах цæф у.

– Мæгуыр йæ бон! – тæригъæдгæнæгау загъта фыд. –Уæдæ уыл уымæн баталынг, æвæццæгæн... – Цыдæртæ ма дзырдта фыд, фæлæ уæдмæ чызг афынæй. Æмæ йæ фыны уыны: «Хохы цъуппыл лæууы Уæлинка уæллаг дидинæджы раз æмæ кæсы бинаг дидинæгмæ. Бинаг дидинæг æм дзуры:

– Ды тынг фæлмæнзæрдæ чызг дæ! Хорз бакодтай, уæллаг дидинæджы кæй не ‘ртыдтай, уымæй. Уадз æмæ цæра. Уадз, йæ рæсугъддзинадæй адæмы зæрдæтæ рæвдауа. Ды дæхæдæг дæр дидинæгау рæсугъд дæ! Гыццыл, хæларзæрдæ дидинæг!»

Рудзынгæй йæм æрбакасти хуры цæст. Фын цыдæр æрбаци. Уæлинка фестад, йæ дзаумæттæ рæвдз-рæвдз акодта æмæ разгъордта уатæй. Къæсæргæрон йæ нанайыл фембæлд. Нанайы къухы стыр тæбæгъы тæвд уæлибæх. Нана тæбæгъ стъолыл æрæвæрдта. Чызг нанайыл йæхи баппæрста, йæ хъæбысы йæ акодта æмæ загъта:

– Бахатыр кæн! Ма мæм загъд кæн, нана! Афтæ никуыуал бакæндзынæн. Мæхи дæр нæ фæндыд...

– Æгайтма дзæбæхæй баззадыстут! – арф ныуулæфыди зæронд ус.

– Дзыкъы кæм ис? – афарста чызг æмæ тыргътæй кæртмæ азгъордта.

– Дзыкъы, Дзыкъы! – сиды сæныкмæ.

Сæрыстырæй кæрты рацу-бацу кæны се стыр зынгхуыз уасæг. Хъуыддагхуызæй æхсныфтæ змæнты. Цыма йæ хæзнатæ фесæфтысты æмæ уыдон агуры. Бафæллад. Куы йæ иу къах амбæхсы йæ базыры бын, куы та йæ иннæ. Йæ сырх боцъо куы иуырдæм атилы, куы иннæрдæм.

– Дзыкъы, кæм дæ? – ногæй та адзырдта чызг. Кæмдæр кæрты кæронæй райхъуыст дзæнгæрæджы хъæр. Дзыкъы чызджырдæм æрбацæуы æртæ къахыл. Баст ын цы къах у, уымæй зæххыл не ‘нцайы.

Чызг тынг бацин кодта сæныккыл. Йæ цуры дзуццæджы æрбадт, æрбахъæбыс æй кодта æмæ йæ лæгъзытæ кæны йæ гыццыл армæй, тоны йын йæ ичъитæ.

– Мах доны фаллаг фарсмæ никуыуал ацæудзыстæм. Изæры баба куы æрбацæуа куыстæй, уæд дæ дохтырмæ ахæсдзыстæм æмæ дæ уый адзæбæх кæндзæн. Æмæ та иумæ хъаздзыстæм, хорз, Дзыкъы?

Сæныкк дзæнгæрæг базмæлын кодта, цыма «о», зæгъгæ, загъта. Чызг фырцинæй æгæр хъæрæй ныххудт.

Уасæг сæм зулмæ æрбакаст, фæлæ сын уый сæ цины сæр никуы бамбардзæн.

Уырыссаг æвзагæй
Хъæрæцаты Зæирæйы *тæлмац.*

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ДАРЕДЗАНТЫ КАДДЖЫТÆ

ДАРЕДЗАНТЫ АМРАНЫ РАЙГУЫРД

Даредзанты Йамон авд æфцæджы æддæ æрхаста ус. Байдыдтой цæрынтæ, æмæ йын дзы райгуырди дыууæ лæппуйы. Амарди сæ мад, баззадысты сидзæрæй. Сæ фыд Йамон сæ байдыдта сырды фыдæй хъомыл кæнын.

Иу бон ацыди Йамон Сау хохмæ цуаны. Амардта Сау хохы æстдæссион саг. Æртылди лæгæты дуармæ саг. Талынг кæнын байдыдта. Æрæхсæвиуат кодта уым. Саджы мард дæр аргæвста.

Райсом, карк куы ныууасыд, уæд рараст и. Фæзылди фæстæмæ: æхсæв нырма мæйдар, æмæ хохы дуарæй рухс кæлы. Аппæрста саджы мард æмæ катай кæнын байдыдта: «Ацы рухсы фæдыл бацæуин, æмæ дзы исты фыдбылыз куы уа, уæд мæ аргæвддзæн. Нæ йæм цæуон, æмæ ацы диссаг Даредзанты ‘хсæн æнæ дзургæ нæ фæуыдзынæн æз. Уый чи фехъуса, Даредзанты кадджын Йамон арты рухсмæ нæ бауæндыд, уый мын хисты нуазæн нал ратдзæн».

Бараст кодта хохы дуарыл æмæ цæуын байдыдта рухсы фæдыл.

Ахæм хæдзармæ бафтыди æмæ йæ бын – æргъæу, йæ фæрстæ – цъæх авг, йæ сæр – сæууон стъалы кæмæн уыдысты.

Уым царди Хуыцауы хæрæфырт Мариа. Пылыстæг сынтæгыл хуыссы, сызгъæрин чыргъæды йæ дзыккутæ, болат хæсгард сæ уæлæ. Хæд-зилгæ уæхстытæ артмæ зилынц æмæ фыцынц.

Уæд райхъал чызг. Йамоны куы федта, уæд æм рагæпп кодта сынтæгæй æмæ йæ ныхъхъæбыс кодта:

– Даредзанты Йамон, æз абонмæ дæумæ куы æнхъæлмæ кастæн. Мæнæн дæу йеддæмæ æндæр мой скæнæн куы нæ ис. Гъеныр цæрдзыстæм Хуыцауы цардæй, кæд мыл барвæссай, уæд.

Уæд æм Йамон дзуры:

– Æз ныууагътон дыууæ сидзæр лæппуйы æмæ уыдон хъуамæ скæнон.

– Уыдон кæд дзæбæх уой, уæд дæ агурдзысты сæхуыддæг.

Байдыдтой æхсæв-бонмæ хъазын, минас кæнын. Райсом

кæркуасæны сыстад Йамон æмæ æрдын бакодта йе ‘фцæгыл.

Уæд æм Хуыцауы хæрæфырт Мариа дзуры:

– Кæдæм цæуыс, Йамон, сæрæй мæ цардыл не ‘рвæссыс?

– Мæнæн нæй гæнæн, хъуамæ алы кæркуасæны хохмæ цæуон цуаны.

Байдыдта цæуын Йамон æмæ Сау хохы сæрмæ сфардæг. Бонизæрмæ цуан кæны, изæры саджы мæрдтæ ‘рхæссы.

Цардысты афтæмæй.

Уæд Йамоны дыууæ фырты, Бадыри æмæ Мысырби, бахъомыл сты сырды фыдæй. Даредзанты мыггаг бон уыдисн рæзти, æхсæв уылынг. Фат æмæ ‘рдынæй хъазынхъом фесты.

Иухатт къулыбадæг усы чызджытæ рацæуынц донмæ, дурынтæ рахæссынц семæ. Бадыри фыдуаг куыннæ уыд æмæ сæ фатæй фехста: дурынтæ бацъæл сты.

Баздæхтысты фæстæмæ кæугæ, æмæ сæ сæ мад фæрсы:

– Цы кодтат, цæуыл кæут, уæ дурынтæ цы фесты?

– Сæ бон ныккалæнт, Йамоны дыууæ фырты нæ фехстой æмæ нын сæ бацъæл кодтой...

– Ахæссут дыккæгтæ, æмæ ма уын сæ кæд фехсой, уæд-иу сын зæгъут: «Уæ, Йамоны дыууæ фырты! Кæд уый бæрц гæрзарæхст стут, уæд уæ фыд Хуыцауы чызджимæ Хуыцауы цардæй цæры, æмæ уый æркæнын базонут».

Байдыдтой дыууæ ‘фсымæры кæуын: «Уæдæ нæ фыд æгас куы у, æмæ йæ мах мард куы æнхъæлдтам. Бахæссæм къулыбадæг усмæ æхца æмæ нын кæд бацамонид, цы ‘гъдауæй йæ ракæнæм, уый».

Загътой къулыбадæг усæн:

– Раттæд нын дæ хорзæх Хуыцау, нæ фыды цы ‘гъдауæй æркæнæм, уый нын зæгъ.

Уæд сæм дзуры:

– Ацæут æмæ ссæут Сау хохы сæрмæ мæйдар æхсæвы. Хохы дуарæй рухс кæлдзæн æддæмæ: уым уæ фыд Хуыцауы чызджимæ Хуыцауы цардæй цæры. Бамбæхсут æдде. Карк куыддæр ныууаса, афтæ уæ фыд цæудзæни цуаны. Стыр æфсæн дуар куы бакæна, уæд-иу йæ иувæрсты мидæмæ багæпп кæнут, куыннæ уæ базона, афтæмæй.

Ссыдысты læппутæ æмæ бамбæхстысты дуарæн æддейæ. Кæркуасæны рараст Йамон цуаны.

Læппутæ багæппытæ ластой мидæмæ. Хуыцауы хæрæфырт пылыстæг сынтæджы хуыссы, сызгъæрин чыргъæды йæ дзыккутæ,

болат хæсгард сæ уæлæ. Уымæн уыд дзыккутæй йæ мæлæт. Бадыри сыл фæхæцыди дзыккутыл, Мысырби сыл хæсгард февæрдта æмæ сæ атæхын кодта. Чызг ныцъцъæхахст ласта. Хохмæ фехъуысти. Хохæй Йамон æртæ гæппæн æрхæццæ.

Бадыри æмæ Мысырби усы уым фæуагътой, сæхæдæг рафардæг сты сæ хæдзармæ.

Йамон бацыд хæдзармæ кæугæ æмæ дзуры:

– Цы кодтай, Мариа?

– Фыдæбон дын фæуæд, Йамон, дæ фырттæ мæ амардтой. Мæ дзыккутæй ма иу æрду фæхæцыди, æмæ мын цæрæнбон ис стъалы скæсынмæ. Мæнæн дæуæй мæ хуылфы равзæрди лæппу. Уый мæ дзидзийы хъæстæ куы фæцадаид, уæд ын не ссардтаид тыхгæнæг тых. Ныр стъалы куы скæса, уæд амæлдзынæн, æмæ мын мæ рахиз тæн бакъæртт кæн, райс мæ хуылфæй судзгæуыраугæ лæппу æфсæн æртыскæнæй æмæ-иу æй Сау денджызмæ фехс. Уый кæд уым схъомыл уа, уый йеддæмæ йын схъомылгæнæн нæй. Хуыцауы зондæй фæстаджы бонмæ куы бафта дæ къухы, уæд-иу ыл сæвæр ном Даредзанты Амран.

Куы амарди ус, уæд ын Йамон æфсæн æртыскæнæй йæ хуылфæй лæппуйы райста æмæ йæ Сау денджызмæ фехста. Сау фурд ныххуыскъ кодта йæ тæвдæй.

Уым бавæрдта усы, йæхæдæг афардæг йæ бæстæм. Йæ хæдзармæ æрцыд æмæ йæ фырттимæ хыл кæны:

– Цæмæн амардтат Хуыцауы хæрæфырты, не ‘рвæссыдыстут мах цардыл сымах?

– Цы кæнæм, къулыбадæг ус нын афтæ бацамыдта.

Бацыд къулыбадæг усмæ Йамон æмæ йæ хъæмпын арты басыгъта.

Базæронд Йамон, ныууагъта йæ цуаны цæуын. Йæ фырттæ байдыдтой цуан кæнын. Фæцæуынц иу бон Сау фурды былтыл, фурдмæ кæсынц, æмæ фурдаг галтæ калы хæрдмæ, фурдаг бæхтæ, фурдаг къамбецтæ æмæ сæ йæ галиу къухæй ахсы лæппу.

Ныр сæ цуаны мæт нал уыд, фæлæ бон-изæрмæ кæсынц уымæ. Изæры фæстæмæ æрбаздæхтысты афтидæй, æмæ сæ сæ фыд Йамон фæрсы:

– Иу ингæны уæ баныгæнон, цæмæн афтидæй æрыздæхтыстут ацы бон?!

– Нæ фыд, Йамон, мах цуаны мæт нал уыди, федтам мах диссаг Сау фурды мидæг. Уым федтам мах иу лæппу, æмæ йæ бынатæй цъæх арт, цъæх фæздæг уадзы æмæ Сау фурды тымбылтæ кæны.

Скъæтмæ ныууад Йамон, урс гал сдавта æмæ Хуыцаумæ кувы.

– Хуыцау, нывонд дын фæуæд ацы гал. Уый у дæ хæрæфырт Амран, æмæ мæ къухы кæм бафта!

Æхсæв схуыссыдысты. Райсомы куы сбон ис, уæд йæ фырттæм дзуры:

– Ацæут ныр сымах, ахæссут сæрдасæн æмæ бацæут Сау фурды былмæ. Уым уæ иу иннæйы сæр дасæд. Амран сымах куы фена, уæд уæм æрбацæудзæн æввахс. Тæрсгæ ма фæкæнут йæ уындæй, фæлæ йыл фехсут сæрдасæн. Кæд уæ амонд уа, уæд сæрдасæндзæф фæуыдзæн æмæ йын фæдæлдонгæнæн нал уыдзæн. Рахиздзæн уæм, æмæ йæ ракæнут уемæ.

Бацыдысты дыууæ лæппуйы, æрбадтысты Сау фурды былыл. Сæ иу иннæйы сæр дасы. Амран дæр та хъазы доны. Куы сæ федта, уæд æм фæкасти диссаг. Лæппутæ йæ сæрдасæнæй фехстой, æмæ йыл сæрдасæн ауад. Сау фурд ма ныффæйлыдта, фæлæ лæппу нал фæдæлдон.

Уæд сæм рахызти сурмæ. Лæппутæ йæ куы федтой, уæд фæтарстысты æмæ лидзынмæ фесты. Дзуры сæм Амран:

– Тæрсгæ ма фæкæнут, Хуыцауы хæрæфырт дæн æз.

Æрлæууыдысты йæм лæппутæ æмæ ‘рфарстой кæрæдзийы. Дзуры сæм Амран:

– Кæй лæппутæ стут, кæнæ кæмæй стут?

– Мах стæм Даредзанты Йамоны фырттæ – Бадыри æмæ Мысырби.

– Уæдæ æз дæр дæн Йамоны фырт, Хуыцауы хæрæфырт Амран.

Æрбацыдысты сæ хæдзармæ. Йамон куыннæ фæкодтаид дынджыр куывдтæ.

Байдыдтой æртæ лæппуйы цуан кæнын. Амранæн тыхгæнæг тых нал кæны.

ДАРЕДЗАНТЫ АМРАН ÆМÆ ÆФСÆН УÆЙЫГ

(Вариант)

Даредзантæ сыскъуыдысты æмæ ма дзы баззад дыууæ лæджы – Мысырби æмæ Бадыри. Баззадысты калачы иунæгæй æмæ хъыг кодтой.

Кæрæдзийæн загътой:

– Цом, денджызы нæхи аирхæфсæм.

Сыстадысты æмæ ацыдысты.

Денджызы былтыл рацу-бацу кæнынц, æмæ сæ Амран фурдæй ауыдта. Æхсызгон ын уыди сæ фенд æмæ загъта йæхицæн:

– Адон хъуамæ базонон – æндæр хос мын нæй. Сæ хуыз мах хуызæн куы у, æмæ нæ мыггаг куынæуал хуыдтой, уæд чи сты?

Амран фурдæй рахызти. Лæппутæ йæ куы ауыдтой, уæд дзы фæтарстысты æмæ кæрæдзийæн дзурынц:

– Циу ай, цы нæм рахызт, ай нын хорзæн нæ уыдзæн.

Амран бамбæрста, кæй дзы тæрсынц, уый, æмæ сæм дзуры:

– Ма тæрсут, лæппутæ, æз уæм тыхмæ нæ цæуын. Уæ уынд мын æхсызгон у, æмæ уæ хæстæгмæ куы фенин, уæд уæ, чи стут, уымæй бафæрсин.

Лæппутæ æрлæууыдысты. Бацыди сæм Амран, сæ къухтæ сын райста æмæ сæ ноджы фылдæр бауарзта. Амран сын зæгъы:

– Мæнг дзырд мын ма зæгъут, фæлæ цы мыггаг стут, уый мын бæстон бацамонут.

Лæппутæ йын радзурынц:

– Мыггагæй бæргæ хорз стæм, фæлæ нæхи йеддæмæ нæ мыггагæй нал ис. Мах стæм сыгъдæгæй Даредзантæй.

Амранæн фырцинæй йæ зæрдæ суынгæг æмæ зæгъы:

– Лæппутæ, абон мæн тыххæй ам изæрмæ баззайут æмæ иумæ фæбадæм.

Лæппутæн дæр æхсызгон куыннæ уыди!

Бон-изæрмæ бадынц, ныхас кæнынц æмæ йæ фæрсын нæ уæндынц, ды цы мыггаг дæ, зæгъгæ. Афтæмæй фæбадтысты изæрмæ.

– Ацæут, лæппутæ, изæр уын кæны, æмæ та мæм райсом раджы æрцæут.

Лæппутæ рацæуынц. Кæрæдзийæ куы ахицæн сты, уæд сæ цæстысыгтæ æрызгъæлдысты Мысырби æмæ Бадырийæн:

– Тæхуды, ай хуызæн кæй мыггаджы ис.

Амран зæгъы йæ зæрдæйы: «Адон иунæгæй уагъд мæнæн худинаг у, фæлæ ма мæ дæлæрттæ сты æнæсæрыд, æмæ афтæмæй куы ацæуон, уæд мын фæстагмæ нæ рацæудзæн хорз».

Æмæ фæцыдысты фæйнæрдæм. Лæппутыл æхсæвы Амраны уарзындзинады тыххæй хуыссæг нал æрхæцыди.

Райсом æхсæвыщæстæй фестадысты æмæ ныццыдысты денджызы

былмæ. Амран сæм цæрдæг рагæпп ласта. Бон-изæрмæ фæбадтысты дзæбæхæй. Ноджы фылдæр бауарзтой сæ кæрæдзийы.

Изæры ацыдысты фæйнæрдæм, дыууæтæ дæр кæугæйæ.

Мысырби зондджын уыди, йе ‘фсымæрæн куы зæгъы:

– Къулыбадæг усы бафæрсæм: цæмæй ракæндзыстæм уыцы лæджы, уый нын куы бацамонид, уæд фæцæриккам дзæбæхæй.

Ссыдысты къулыбадæг усмæ æмæ йын радзурынц:

– Иу лæг нæм денджызæй сурмæ рахизы, æмæ йæ хуыз Даредзанты хуыз у, фæлæ нæ уæндæм бафæрсын, чи дæ, кæмæй дæ, зæгъгæ, æмæ нын æй куы рахизын кæнис фурдæй.

Ус сын зæгъы:

– Уый уын æнцон хъуыддаг у: райсом æм куы цæуат, уæд уемæ ахæссут айдæн æмæ сæрдасæн, æмæ-иу йæ цуры уæхи рæсугъд даст ныккæнут. Даст куы фæуат, уæд-иу айдæн раттут, уыцы лæг чи у, уымæ. Уый уын бабæлдзæн уæ уындмæ, уæ рæсугъдмæ æмæ уын зæгъдзæни: «Мæн дæр ма уæхи хуызæн ныдздзæбæх кæнут, кæддæра æз та куыд уаин». Сымах æй ныддасут, æмæ йæ денджыз йæхимæ нал бауадздзæн. Афтæмæй изæры рацæудзæн уæ фæдыл. Уый уыдзæни уæхицæй, йæ ном Амран.

Лæппутæ раздæхынц. Æхсæв схуыссынц. Райсом семæ ахæссынц айдæн æмæ сæрдасæн.

Амран сæм рацæуы. Лæппутæ кæрæдзимæ бадзурынц:

– Цæй, нæ сæртæ ныддасæм.

Лæппутæ сæ кæрæдзи дасынц, айдæны кæсынц, афтæмæй. Амран сæ дастæй куы федта, уæд ноджы хуыздæр фæцыдысты йæ зæрдæмæ.

–Æрисут-ма уæ айдæн, цæмæ дзы кастыстут, уый фенон.

Авæрынц æм сæ айдæн. Амран айдæны акастис, йæ хуыз йæ зæрдæмæ нæ фæцыд:

– Лæппутæ, мæн дæр ма адасут!

Цæрдæггомау фæгæпп кæнынц æмæ йæ сæхицæй рæсугъддæр ныддасынц.

Бон-изæрмæ фæбадынц. Изæры фæйнæрдæм фæцæуынц.

Амран денджызмæ ныццыд, йæхи дзы баппары – денджыз æй фæстæмæ раппары: «Мæнмæ дын фæндаг нал ис, фæлæ, кæм цæрдзынæ, уырдæм фæцу!»

Амран лæппутæм радзуры:

– Фæлæуут мæм, иумæ цом! Фыдæбон уын фæуæд, æз уын мæхи уымæн нæ хъæр кодтон, мæ дæлæрттæ ма гом сты, æмæ

ма мæ рæстæгмæ куы ныууагътаиккат, æндæра æз дæн уе ‘фсымæр Амран, æмæ иумæ ацæуæм.

Лæппутæ сцин кодтой.

– Цæй, уæдæ нын кæд афтæ у, уæд мах дæр цæрдзыстæм, адæмы ‘хсæн уæнддзыстæм!

Рацыдысты уырдыгæй æмæ калакмæ æрцыдысты.

Байдыдтой дзы цæрынтæ. Сырды фыды йеддæмæ сæм ницы уыд.

Иу бон куы уыд, уæд кæрæдзийæн загътой:

– Абон цуаны æппындæр мауал фæцæуæм. Мах дæр баулæфæм.

Нал фæцыдысты цуаны, сæхицæн хорз аходæн сарæзтой, хорз цæл фæкодтой. Стæй зæгъынц сæ кæрæдзийæн:

– Цомут, нæ мæсыджы сæрыл æрбадæм, алырдæм дзы акæсæм.

Æртæ мæсыджы сæрыл рæнхъытæй сбадтысты. Уыдонæн уыд иу фыдыхо æмæ уый загъта:

– Цон, æмæ ме ‘рвадæлтæм акæсон. Змæлæг ма сæ ис æви нæй, уый базонон.

Ракасти зæронд ус, йæхи саг фестын кодта, афтæмæй кæсы Даредзанты калакмæ. Мæсыджы сæрмæ æртæ лæппуйы иумæ бадгæ куы федта, уæд загъта:

– Æрмæст уый куы базонин, нæхицæй сты, æндæртæ сты.

Лæппутæ йæ куы ауыдтой, уæд загътой:

– Ай абоны фæнд фæхорз и, нæ сырды хай нæм йæхи къахæй æрцыди.

Æртæ æмхызт ракодтой. Схъуызыдысты йæ сæрмæ. Мысырби йæ фехста, йæ фæсарм сæмбæлд, йæ игæры кæрдихтæ йын акалдта.

Саг фæлыгъди.

Лæппутæ æрцыдысты сæ фехсæнмæ, æмæ мæнæ йæ игæры кæрдихтæ пырхæй лæууынц.

Амран сæм бадзуры:

– Лæппутæ, уыцы кæрдихтæ рауидзут æмæ сæ уæ дзыппы рахæссут, æмæ нæ цæф сырды фæдыл цæуæм. йæ тугвæд зыны æмæ нын нæ фесæфдзæн.

Цæуынтæ байдыдтой йæ фæдыл æмæ сæ тугвæд бакодта йæ хæдзары дуармæ. Мидæгæй дзы адæймаджы хъæрзын цæуы.

Амран лæппутæн зæгъы:

– Мидæмæ бацæуæм, тæрсгæ ма кæнут.

Бацыдысты хæдзармæ. Хæдзары иу зæронд ус хуыссы. Амран ын зæгъы:

– Цы кæныс, нæ мады хай, цæмæй хъæрзыс уыцы тыхджын?

Ус æм радзуры:

– Цы кæнон, мæ хъæбултæ, æз дæн Даредзанты чызг, æмæ мæм æрыхъуысти, Даредзантæй мыггаг нал и, зæгъгæ! Æз мæ мид-зæрды загътон: «Цон æмæ акæсон искуыцæй, кæд ма дзы искуы змæлæг ис». Дардæй сæ мæсыджы сæрмæ акастæн, æмæ æртæ лæппуйы мæсыджы сæр бадти. Æз загътон мæхицæн: «Цон, хæстæгдæр ныццæуон æмæ ‘ххæст уый базонон, нæхицæй ма сты æви кæд æндæр исчи сты». Мæхи саг фестын кодтон, сæ сæрмæ стыр фæтæн, уырдæм ныццыдтæн. Лæппутæ мæ ауыдтой, æртæ æмхызт æркодтой. Æз сæ уарзоны тыххæй сæ калакмæ кастæн, уыдон мæм æрхъуызыдысты, сæ иу мæ фехста, мæ фæсарм сæмбæлд æмæ мын мæ игæры кæрдихтæ иннæрдыгæй акалдта. Уырдыгæй ралыгътæн æмæ ардæм æрхæццæ дæн. Ныр куыннæ хъæрзон, æнæ амæлгæ мын хос нал ис.

Амран æм бадзуры:

– Цымæ дын хос æппындæр ницыуал феххуыс кæнид?

– Цыма мын феххуыс уа, мæ игæры кæрдихтæ ма мын куы уаиккой, уæд бæргæ ферваезин, кæннод мæнæн ферваезæн нæй.

Амран йæ дзыппытæм февнæлдта æмæ сæ уырдыгæй фелвæста. Хъарм донимæ йын сæ адардта: ус цы уыд, уый фестади.

Амран ын зæгъы:

– Æмæ уæдæ нæ хо куы дæ, уæд куыд иунæгæй цæрыс?

Йæ хо йын зæгъы:

– Бæргæ нæ уыдтæн иунæг, фæлæ мæ мойы Æхсон уæйыг амардта, æмæ уый фæстæ баззадтæн иунæгæй.

Амран ын зæгъы:

– Цымæ уыцы Æхсон уæйыг æгас у?

Ус æм радзуры:

– Æгас у, дæ нывонд фæуон, ме ‘фсымæр, уымæн мæлæтæй тас нæу!

Амран ын зæгъы:

– Амонгæ мын æй бакæн, хъуамæ райсон ме сиахсы туг.

Ус ын зæгъы:

– Æппындæр дын æй нæ амонын, ницы йын ракæндзысты дæ хуызæттæ!

Амран фæмæсты æмæ ныцъцъæхахст кæны йæ хойыл:

– Æз дæ уымæй нæ фæрсын, ракæндзынæн, нæ ракæндзынæн!

Ус дзы фæтарсти:

– Дард нæ цæры, Тесы къæдзæхты ис, фæлæ йæ куыд амардзынæ? Йæ дуарæй йæм куы бадзурай, уæд дæм стгæ дæр не скæндзæн: йæ хъæлæсыдзаг цæхæр ракалдзæн, æмæ æгас бæстæ схæцдзысты, æмæ дæ афтæмæй басудздзæн. Æртæ фæлтæры дын афтæ бакæндзæн, стæй дæм ралиуырдзæн, æмæ йын тыхгæнæг цы ракæндзæн! Иууыл у æхсонæй арæзт. Дæ цирхъ æй, мыййаг, куы нæ фæкæрддзæн. Мæнмæ цæуыл фæхъыг дæ, æз дын æй уымæн нæ амыдтон.

Амран йе ‘фсымæртæм бадзуры:

– Мемæ рацæут, лæппутæ!

Фæгæпп кæнынц æмæ раздæхынц хæдзарæй. Лæппутæ куы рацæуынц, уæд сæм сæ хо фæсте радзырдта:

– Кæнгæ йын ницы ракæндзыстут, фæлæ йыл куы фæтых уат, уæд æй дзурын ма суадзут.

Уыцы уæйыгæн йæ дзугтæ уым йæ быдыры ныййæфтой. Амран йæ цирхъ фелвæста, стырдæр къамбецтæй æртæ æрбаргæвста æмæ сæ дзæкъулыстыгъд бакæны. Донæй сæ байдзаг кæны æмæ сæ йæ дæлæртты бакæны. Æхсон уæйыджы дуармæ сæ бахæссы, йæхæдæг фæстæмæ йе ‘фсымæртæм фездæхы, йæ зæвæтæй зæхх нытътъæпп кæны æмæ сын зæгъы:

– Хæстмæ куы бавналон, уæд уыцы дзыхъхъæй уæлæмæ ма схизут, кæннæуæд уæ дымгæ фæхæсдзæн. Æрмæст-иу æз куы ныхъхъæр кæнон: «Гъæтт, цы фестут, лæппутæ?», уæд-иу æмдзыхæй ныхъхъæр кæнут: «Хæц нын ыл фидар, мах дæр фæхæццæ кæнæм!». Уæлæмæ схизыны фæнд ма скæнут.

Йæхæдæг баздæхт уæйыгмæ æмæ йæм бахъæр кæны:

– Æхсон уæйыг, æддæмæ мæм ракæс!

Æхсон уæйыг йæ хъæлæсыдзаг æддæмæ цæхæр ракалы. Амран йæ иу дзæкъулмæ февналы æмæ йæ цæхæрыл ауадзы. Цæхæр æппындæр нал фезмæлыд, ахуыссыд.

Амран ма ноджы бадзуры:

– Æддæмæ мæм ракæс, æз сурдымæн дымæг мыййаг нæ дæн. Дæ зынджытæй цы хъавын?

Дыккаг хатт ыл ракалы йæ цæхæртæ. Амран февналы æмæ сыл йе ‘ннæ дзæкъул ауадзы: цæхæр ахуыссы. Æртыккаг хатт бадзуры:

– Æддæмæ мæм ракæс! Æз дæ зынджытæй цы хъавын, ихæн мын мыййаг куы нæ у?

Тыхджындæр сулæфыд уæйыг æмæ йыл фылдæр цæхæр ракалдта. Амран сæ ахуыссын кодта. Амран ыл мæсты хъæр ныккодта:

– Æддæмæ ракæс, æмбыд хæрæг, кæй мæстæй марыс, уый нæ дæн.

Уæйыг мæстæй фæтæррæтт кодта, йæ цирхъ йæ къухы радавта. Амранмæ куы разынди, уæд ыл Амран хъæбысæй йæхи ныццавта, йæ цирхъ ын йæ къухæй стыдта.

Байдыдтой хæцынтæ: хъæдæй, быдырæй рахæсс-бахæсс кæнынц кæрæдзийы. Уæйыг Амраны фелвæста æмæ йæ зæххыл æркъуырдта. Амран йæ фадхъултæм сыджыты аныхсти.

Амран йе ‘фсымæртæм ныхъхъæр кодта:

– Гъæтт, лæппутæ, цы фестут!

Лæппутæ ныхъхъæр кæнынц:

– Уадзгæ нын æй мауал акæ, мах дæр дæм фæхæццæ кæнæм.

Уæйыгæн йæ зæрдæ фæтарст, æмæ йæ тыхæн йæ фылдæр фæхъаджджын. Амран дæр уæйыджы фелвæста, зæххыл æй ныццавта æмæ йæ йæ уæрджытæм сыджыты ныссагъта.

Уæйыг æй фелвæста æмæ йæ уый дæр йæ уæрджытæм ныссагъта.

Амран та йе ‘фсымæртæм ныхъхъæр кодта:

– Цы фестут, уадзгæ уын æй нæ акæндзынæн. Уыдон æм схъæр кæнынц:

– Фæцæуæм дæм!

Уæйыгæн йæ зæрдæ тыхджындæр фæтарсти.

Амран æм фæлæбурдта, зæххыл æй æркъуырдта, йæ астæумæ йæ сыджыты асагъта.

Ныр дзы нал тæрсы Амран æмæ йе ‘фсымæртæм дзуры:

– Уе ‘ддæ йæ дуармæ йæ цирхъ æрæппæрстон æмæ мæм æй тагъд рахæццæ кæнут!

Лæппутæ уырдæм бацыдысты, дыууæйæ йыл схæцыдысты æмæ йæм æй æрхастой. Уæйыгæн уыд фараст сæры. Аст сæры йын куы ракодта, уæд æм уæйыг дзуры:

– Маргæ мæ акодтай, фæлæ ма мæ иу дзырды бар суадз.

Мысырби Амранмæ дзуры:

– Æппын æй сыбыртт ма суадз.

Амран зæгъы:

– О, ме ‘фсымæр, цæмæй дзы тæрсыс? Цы ма мын ракæндзæн, мард куы у.

Уæйыгмæ дзуры:

– Зæгъ, цы зæгъыс, уый.

Уæйыг ын зæгъы:

– Уæдæ Тандет-Тундеты чызг буц Тамар цалынмæ усæн дæ къухы бафта, уалынмæ дæ тых мауал уæд!

Амранæн йе уæнгтæ ныззыр-зыр кодтой, æмæ ма йын йæ иу сæр тыххæй ныллыг кодта. Йæ тыхæй йæ бынаты æппындæр ницыуал уыд.

Аздæхтысты фæстæмæ, ссыдысты сæ фыдыхомæ Мысырби æмæ Бадыри кæугæ, Амран сæ фæдыл æнкъардæй.

Сæ фыдыхойæн радзурынц:

– Дæ мойы туг бæргæ райстам, фæлæ нын Амраны тых йæхæдæг айста.

Уый ныккуыдта тыхджынæй:

– Æнхъæл уæ нæ уыдтæн, ме ‘фсымæртæ, уымæн исты ракæнат, фæлæ уæм уæддæр адзырдтон: «Уæ бон ын куы бауа, уæд æй дзурын ма суадзут». Уæд æй куыннæ бамбæрстат?!

Амран æнкъардæй загъта:

– Кæнæ мæ уд сыджытмæ куы нæ ныххиза, кæнæ уый усæн куы нæ ссарон, уæд æз афтæмæй нæ ныллæудзынæн. Мæ фыдыхо, ахæм фæндаггаг мын сараз, хæрынæн адджын куыд уа, хæссынæн рог. Мæ дзырдыл уæлдай мацыуал зæгъ, кæннод дæ разы мæхи амардзынæн.

Йæ фыдыхо дæр уæлдай нал сдзырдта æмæ сæ сарæзта: фараст азмæ сæ цы бахъуыдаид, уый фæндаггаг сын радта.

Араст сты Амран æмæ йе ‘фсымæртæ: Тандет-Тундеты чызг буц Тамар кæм и, уый хъуамæ ссарой.

Цæуынц фæндагыл, æмæ сыл иу ран баталынг. Кæрæдзийæн загътой:

– Мæнæ ныл доны хъæлæба цæуы æмæ доны цур æрæнцайæм, æхсæвæр бахæрæм. Дойны нын куы уа, уæд нæ цуры ис.

Æрæнцадысты доны цур, талынджы. Æхсæвæр бахордтой æмæ сдойны сты.

Уæд Амран йæ донгарз фелвæста æмæ лæппутæм адзырдта:

– Исчи мын дзы дон æрбадавæд.

Мысырби цæрдæг уыди, фæтæрræст кодта æмæ йын æй йæ къухæй аскъæфта. Донмæ йæ бахаста, донæй йæ йедзагæй систа æмæ йæхицæн загъта: «Цæй, æз уал дзы ануазон, стæй йæ байдзаг кæндзынæн!» Доныл схæцыд æмæ йæ аныз та: цæхджын ад ын скодта. Йæхицæн загъта: «Ныр цы кæнон, ай доны ад куы нæ кæны. Ма дзы бахæссон Амранмæ, уæд зæгъдзæни: “Нæ йæм бауæндыди”. Хæссон æм æй, æмæ ай дон нæу. Цæй, уæддæр дзы ахæссон».

Рахаста уыцы донæй æмæ йæ Амранмæ радта. Амран дзы аныз та æмæ фæхъæр кодта:

– Мысырби, ай циу, цæй дон мын æрбахастай? Мысырби ныллæгæй загъта:

– Æз дæр æй базыдтон, фæлæ дзы нæ рахæссын нæ бауæндыдтæн дæуæй.

Амран зæгъы:

– Цомут æмæ йæ фенæм.

Мысырби зæгъы:

– Рухс нæм нæй, æмæ йæ цæмæй фенæм?

Амран зæгъы:

– Рацæут, рухс уын æз скæндзынæн!

Бацыдысты доны былмæ. Амран йæ къухтæ кæрæдзийыл æрцавта, æмæ уый рухсæй къуыппæй, дзыхъхъæй сегас федтой. Донмæ æркастысты æмæ иууыл – туджы леуахи.

Амран сын загъта:

– Ацы туг кæцæй цæуы, уый хъуамæ базонæм.

Ацыдысты йæ фæдыл, æмæ иу уæйыг ададжы сæрыл бады, хуыссæг æй ахсы. Афтæмæй арц йæ ныхмæ сæвæрдта, æмæ йæ сæр куы ‘рхауы, уæд арцы бырынкъыл сæмбæлы æмæ дзы æрхы дзаг туг акæлы. Уæд фехъал вæййы æмæ акæстытæ кæны. Афтæмæй йæ Амран сæййæфта æмæ йын зæгъы:

– Ай цы дæ, цæй æдылы дæ, цы аразыс, дæхи цæуыл марыс?

Уæйыг æм дзуры:

– Чи дæ, цы дæ?

Амран зæгъы:

– Ницы дæн, зæххон адæймаг дæн, фæлæ дын тæригъæд бакодтон, æмæ мын зæгъ, цы уынгæджы дæ, уый.

Уæйыг зæгъы:

– Æз дæн Бахъ-Бахъ-гуымиры, æмæ мæм уд йæ ныфс никуы бахаста. Ныр мын Пиллон-гуымиры мæ усы аскъæфта. Сæ рацæуæн ауылты у, æмæ сæ размæ бадын. Куы афынæй уон, мыййаг, æмæ йæ куы нæ базонон, уæд ноджы мæ худинаг ныхъхъæр уыдзæн. Къуыри бадын ам, æмæ мæ хуыссæг ахсын байдыдта. Мæ арц уый тыххæй дарын мæ ныхмæ. Куы мын фæриссы, уæд фехъал вæййын.

Амран ын зæгъы:

– Дæ ус куы рацæйцæуа, уæд æй цæмæй базондзынæ?

– Уымæй йæ базондзынæн, æмæ цыфæнды мæйдары рацæуа – ирд боны хуызæнæй рухсдæр радардзæн.

Амран ын загъта:

– Уæдæ æрфынæй кæн, æз хъахъхъæндзынæн æмæ дæ сыхъал кæндзынæн.

Уæйыг зæгъы:

– Алæ-ма, куыд мæ сыхъал кæндзынæ?

– Дæ хъусы дын тыхджын ныхъхъæр кæндзынæн.

Бахъ-Бахъ-гуымиры зæгъы:

– Гъеныр-ма ныхъхъæр кæ мæ хъусы.

Амран ныхъхъæр кæны. Уæйыг ын зæгъы:

– Уымæй дын нæ сыхъал уыдзынæн.

– Тыхджын дæ ныууигъдзынæн.

Уый йæм æрбадзуры:

– Уæдæ ма мæ бауигъ.

Амран æй йæ тых, йæ бонæй бауыгъта, фæлæ ма дзы цы тых уыди, мæгуыр йæ бон. Уæйыг загъта:

– Уымæй дæр дын нæ сыхъал уыдзынæн!

Амран зæгъы:

– Уæдæ дын куыд кæнон?

Гуымиры йын зæгъы:

– Де ‘дде мæ арцыл схæц æмæ мын дзы мæ дæларм ныццæв. Уымæй ма дæ базондзынæн.

Амран арц систа æмæ йын дзы йæ дæларм ныррæхуыста. Уæйыг ын уæд загъта:

– Гъеныр дын æрыхъал уыдзынæн, фæлæ мæ тæригъæды ма бацу, арвыл мæйрухсы хуызæн куы фæзына, уæд-иу мæ дæ тых, дæ бонæй ныццæв мæхи арцæй.

Уæйыг дын афынæй. Амран æй хъахъхъæнын байдыдта. Кæркуасæны размæ боны хуызæн срухс: фелвæста Амран уæйыджы арц, йæ дæларм ын ныццавта. Уæйыг фехъал. Амранæн зæгъы:

– Гъеныр мын раскъæфы мæ усы.

Йæ къах тыхджын æркъуырдта уæйыг, æртæ лæппуйыл фæхæцыд, йæ къахы уæрмы сæ ныппары æмæ сын зæгъы:

– Афтæ æнхъæл ма ут, фыдæнæндзинад уын бакодтон. Кæд мын сымах бацыдыстут хорзы, уæд æз дæр уæ тæригъæд нал исын. Нæ хæсты дымгæ уæ фæхастаид æмæ уæ уый тыххæй ныппæрстон!

Уалынмæ дын рацæуы Пиллон-гуымиры. Ракæны Бахъ-Бахъ-гуымирыйы усы.

Бахъ-Бахъ-гуымиры ралиуырдта, сæ кæрæдзийыл сæхи нын-

дæгътой, рахæц-бахæц байдыдтой, æртæ боны æмæ æртæ ‘хсæвы фæхæцыдысты, кæрæдзийыл нæ тых кодтой. Уалынмæ дыууæ дæр кæрæдзийы амардтой. Ус баззад иунæгæй.

Амран бавдæлд æмæ йе ‘фцæджы ныттыхсти:

– Ацы рæсугъд ус, Хуыцау дæ загъта мæнæн.

Ус ын зæгъы:

– Ацы дыууæ мæн тыххæй кæрæдзийы амардтой, æмæ мын уыдон баныгæн, стæй дæу йеддæмæ кæй уыдзынæн!

Амран æмæ йе ‘фсымæртæ ингæн къахынмæ бавнæлдтой.

Сæ иу агъды бæрц баныгæнынæн сæ бон къахын нæ баци.

Ус фæмæсты, йæ къахæй сыджыт æркъуырдтытæ кодта, æвдгай ивазнытæ сæ фæдзыхъхъ кодта, уæйгуыты уым фæйнæ раны ныппæрста, йæхæдæг арц фелвæста, Амранæн æй йе ‘фцæгготы атъыста, арцы кæрон зæххыл æркъуырдта æмæ Амраны ууыл æрцауыгъта, йæхæдæг æнцад ацыд.

Амран уым хъеллау байдыдта. Йе ‘фсымæртæн сæ бон нæу, æмæ арц рафæлдахой, афтæмæй Амран уым хъеллау кæны. Æрæджиау тыхдымгæ æрцыд æмæ арцы хъил рафæлдæхта. Амран уый фæрцы ралæсти.

Уырдыгæй рацыдысты æмæ цæуынц фæндагыл. Амбæлди сыл иу сæнласæг уæрдоны. Уæрдоны сæмæн асаст, æмæ æрдиаг кæны сæнласæг:

– Нырма цы саразон, сæмæн ссарин, фæлæ мæ лалым чи сфæраздзæн?

Амран ын загъта:

– Хуыпп æмæ мын æрдæг ратт дæ сæнæй, æмæ дын дæ лалым æз сисдзынæн.

Сæны хицау загъта:

– Хуыпп æмæ æрдæг та цы у? Цас дæ хъæуы, уый баназ.

Амран бацыди, сарæзта йын йæ уæрдон æмæ йыл йæ лалым сæвæрдта. Сæны хицауæн зæгъы:

– Цæй-ма, иу хуыпп æмæ æрдæг уæддæр аназон.

Уый йæм æрбадзуры:

– Де ‘дде дæ цы хъæуы, уый баназ.

Лалымы къахмæ йæ дзых бахаста, ныххуыпп кодта æмæ йе ‘рдæгæй фылдæр аныз та.

Сæны хицау йæхи фæмæсты кодта:

– Æмæ ма уæрдонæй цы кодтон, йæ сæн мын ды куы баныз тай, уæд!

Амран ын зæгъы:

– Дзырд ма фæивæм, æз æмæ ды фæтк ма скæнæм! Кæй мын загътай, уый сæххæст кæн!

Сæны хицау ын дзуры:

– Хуыппы ‘рдæгæй ницыуал фæуагътай, хуыпп куы ныккæнай, уæд мын сæ сæнæй, лалымæй аныхъуырдзынæ!

Дзургæ сæ сау уæйыджы фырт сæййæфта. Тызмæгæй сыл фæхъæр кодта:

– Чи стут, цы стут, адæмы хъæлæбайæ цæуыл марут?!

Сæны хицау æм хъаст хæссы:

– Мæ уæрдон фехæлд, æмæ мын æй мæ сæнæй хуыпп æмæ æрдæгыл сарæзта. Хуыппы ‘рдæг скодта, æмæ лалымы мидæг бирæ нал аззад.

Сау уæйыджы фырт фæхъуыдыйыл: «Ацы лæгæн йæ къубал сыскъуынин æмæ мæм дзæбæх зыны, мæ цæст æй нæ уарзы. Авдæны мын лæппу куы ис, уæд амæй дзæбæхдæр цæмæй фæхъаздзæн». Систа Амраны æмæ йæ йæ дзабыры хъусы нытъ-тъыста æмæ йæ схаста йæ хæдзармæ. Балæвæрдта йæ йæ лæппумæ, авдæны йын хуыссыди. Лæппу йæ иу къухæй Амраныл ныххæцыд æмæ йæ авдæны хъæдыл хойы.

Бинонтæ куы ‘рфынæй сты, уæд сывæллон дæр афынæй. Амран йæ къухæй зæхмæ æрхаудта æмæ рахъуызыд уырдыгæй. Рацыд Амран æмæ йе ‘фсымæртæм æрцыди. Кæугæйæ æмæ сæ дзыназгæйæ æрæййæфта. Мысырби йын зæгъы:

– Амран, аздæхæм фæстæмæ. Махæй дæ ныфс ма уæд, искуы дзæгъæлы фæмæлдзыстæм!

Амран сын зæгъы:

– Ма тæрсут, лæппутæ! Кæд уæм тых нæй, уæддæр мæнæн стут мæ ныфс. Мæнæй уый ма банхъæлут, Амран ус агурæг цæуы. Æз цæуын мæ тых агурæг. Кæд æй ссарон, уæд мын ма тæрсут, кæннод цас тагъддæр фæмæлæм, уыйас хуыздæр.

Лæппутæ ма цы сдзырдтаиккой? Араст та сты. Цæуынц æмæ сыл Уастырджи бамбæлд зæронд лæджы хуызы. «Уæ фæндаг раст» сын загъта.

– Дæ хъуыддаг раст уæд, зæронд лæг.

Уастырджи сын радзуры:

– Цымæ, ацы дзæбæх лæппутæ кæдæм сфæндараст сты?

Амран æм кæуын хъæлæсæй бадзуры:

– Мах цæй фæндараст стæм? Мæнæн мæ тых иу чызг басаста,

æмæ уый суадзынмæ цæуæм, æмæ кæм и, уый дæр нæ зонæм.

Уастырджи сын куыннæ зыдта сæ хъуыддаг. Фæндаджы был лæдзæгæй æркъуырдта æмæ фæндаг фестади:

– Гъе ууыл ныллæуут, æмæ ацы фæндаг уæ разæй цæудзæни, Тандет-Тундеты калакмæ уæ ныккæндзæн. Комкоммæ ма бацæут, йæ кæроны æддиау æрбынат кæнут. Уæ иу уæ бацæуæд калакмæ. Уыцы чызг бады æрхуы мæсыджы. Уый бынмæ бацæут. Стæй уын исты хос уыдзæни. Мæ дзырд бамбарут, зæронд лæг гæды дзырдтæ нæ кæны.

Бузныг ын загътой.

Ныллæууыдысты уый фæндагыл. Сæ размæ фæндаг нæ уынынц, афтæмæй сæ уыцы гыццыл фæндаг ныххæццæ кодта. Куыд сын загъта зæронд лæг, афтæ æддиау æрæнцадысты.

Тамар æй зыдта йæхæдæг: «Даредзанты Амран у мæнæн мæ мойаг».

Мысырбийы куы барвыстой, уæд бацыди мæсыгмæ. Тамар æй зыдта: «Гъеныр æрхæццæ мæ мойаг». Рудзынгæй ракаст æмæ лæппумæ æрдзырдта:

– Чи дæ, цы мæм кæсыс?

Лæппу йæ уындæй фæуадзыг æмæ йæм æрæджиау сдзырдта:

– Ницы, мæнæ мæсыгмæ рацыдтæн, дæумæ нæ кастæн.

Чызг йæ дзыккуйæ иу хъис ратыдта, раппæрста йæм æй æмæ дзуры Мысырбимæ:

– Гъеуыцы æрду ахæсс æмæ йæ де ‘мбал Амранæн ратт. Гъеуый йæ сæрыл æрбатухæд, стæй йын уый хос кæндзæни.

Мысырби йæ ахаста, радта йæ Амранмæ. Йæ сæрыл æй æрбатыхта, цы тых æм уыд, уымæй æртæ ахæмы тых ын радта. Йæ тых йæ бынаты куы абадт, уæд йе ‘фсымæртæн загъта:

– Ма тæрсут, лæппутæ, Хуыцауæй бузныг, гъеныр нал фесæфдзыстæм. Сымах мын ахсæв ам лæуут, тæрсгæ мын мацæмæйуал фæкæнут! Æз ахсæв уыцы мæсыг куы нæ фенон, уæд мæлгæ дæр акæндзынæн.

Æхсæвы ацыд. Чызг æй зыдта: «Амран ахсæв ардæм цæудзæн æмæ тыхæй, мыййаг, куы сархайа, уæд нæ дыууæ кæрæдзийы нал фендзыстæм». Мæсыджы дуæрттæ куы сæхгæдтой, уæд Тамар сыстади æмæ сæ бакодта, афтæмæй æрхуыссыд.

Амран бацыди, дуæрттæ иууыл гомæй баййæфта. Мæсыджы фæкуыси æмæ йæ сæрмæ ссыди. Тамар æй зыдта æмæ йе ссыдмæ бадгæ кодта.

Кæрæдзийы куы федтой, уæд фыруарзонæй фæйнæрдæм ахаудтой. Æрæджиау сыстадысты. Тамар Амранæн дзуры:

– Амран, хъуызгæйæ куы нæ фæцæуæм, æмæ мæ фыды арæнтæй хъуызгæйæ куы нæ ахизæм, уæд дзы дæ тыхæй нæ ахиздзынæ. Ныр цæуынвæнд скæнæм.

Амран зæгъы:

– Æмæ къахæй нæ бон кæм бауыдзæн, æз цæттæйæ не ‘рцыдтæн.

Чызг ын зæгъы:

– Бæхтæ уын хæрзтæ ссардзынæн.

Чызг фестадис, йæхæдæг йæ фыды бæхгæсмæ скуыси, зæгъы йын:

– Бæхтæн сæ хуыздæртæй цыппарыл хуыздæр сæргътæ сæвæр æмæ сæ тагъд мæ фæдыл ралас!

Бæхгæс сæ уайтагъд аифтыгъта æмæ сæ мæсыджы дуармæ сласта.

Тамар Амранæн зæгъы:

– Гъеныр тагъд цæугæ!

Бæхтыл абадтысты, дыууæ бæхы сæ фæдыл ласынц. Амраны æфсымæртæм бахæццæ сты. Уыдон дæр абадтысты бæхтыл.

Тамарæн уыди сызгъæрин уасæг – хъахъхъæнæг. Цалынмæ уыдон бæхтыл сбадтысты, уалынмæ йе ‘взаг ныххуыскъ æмæ йæ уасæн нал уыди. Бæхтыл куы абадтысты, уæд ныууасыд. Афтæ тыхджын ныууасыд, æмæ уыцы калак иууылдæр сыхъал сты. Зыдтой йæ уыцы калак, уыцы уасæг куы ныууаса, уæд Тамары чидæр фæкæны.

Калак æмхуызон сызмæлыдысты. Тамары мæсыджы фæкуыси сты: Тамар уым нал ис.

Йæ фыд Тандет-Тундет зæгъы:

– Фæдисы ацæут, ацы калак, æз дæр уæ разæй цæуын. Тамарæн фæдисы чи нæ ацæуа, уый арты басудздзынæн!

Ныххæррæтт кодтой, æмæ нæ зонынц, чердæм фæцæуой. Афтæмæй æмхуызон ныккуыдтой. Уыцы кæуынæй Тамар æмæ йе ‘мбæлттыл ахæм къæвда æрцыд, æмæ цæуын нал зыдтой.

Амран Тамармæ бадзуры:

– Æз афтæ фехъуыстон, Тамар, дам, æппæты ‘гъдау зоны. Уæд ацы къæвда цавæр у?

Тамар ын зæгъы:

– Дæ бæх размæ ма уадз æмæ дын æй зæгъон. Фæстейæ нæ чи суры, уыдон, чердæм цæуæм, уый нæ зонынц æмæ æмхуы-

зон скуыдтой. Гъеуый къæвда у.

Цæуынтæ байдыдтой, æмæ та сæ иу ран хуры тæвд суынгæг кодта.

– Ай та цы уыдзæн?

– Гъеныр нæ базыдтой æмæ æмхуызон ныххудтысты, æмæ сæ комы тæф рахаста, гъеуый тæвд у, гъе.

Цæуынтæ байдыдтой æмæ сæ дымгæ суынгæг кодта. Амран зæгъы:

– Ай та цавæр уыдзæн?

– Уый та æрбахæстæг сты æмæ сæ бæхты комы тæф. Ныр махæн лидзынæй нал уыдзæн, фæлæ нæ тыхы сæр бахъуыди.

Тамар бæхæй ралиуырдта æмæ Хуыцауæн скуывта:

– Ам мын ахæм бæстыхай фестын кæн, бæрзондæй æртæ æддæгуæлæ. Йæ цыппар фисыны – цыппар мæсыджы.

Уайтагъддæр дзы уыдон фестадысты. Куыд бацыдысты уыцы бæстыхаймæ, афтæ сæ æфсæдтæ дæр æрбаййæфтой. Амран Мысырбимæ дзуры:

– Иумæ ахизгæйæ нын худинаг у. Ахиз уал ды æмæ хæц.

Мысырби рахызт, бон-изæрмæ фæхæцыди, цæгъдгæ дæр бирæ фæкодта, фæлæ йын йæхи дæр амардтой. Бадырийæн зæгъы:

– Гъеныр та ды ахиз.

Ныххызти уый дæр, цæгъдынтæ сæ байдыдта, æрдæджы онг сæ фæцагъта, стæй уый дæр амардтой.

Амран мæстæй рагæпп кодта, цæгъдынтæ сæ байдыдта. Разæй сæ цæгъдгæ кæны, фæстейæ сæ туджы зæй ласы. Быныскъуыд сæ скодта, иу дæр сæ нал ауагъта. Йæ дыууæ ‘фсымæры равзæрста, йæ дæлæртты сæ мæсыджы бынмæ схаста. Уым сæ тæрхæгыл æрæвæрдта. Йæхæдæг сæ цуры æнкъардæй сбадти.

Мæрдты бынæй иу сауджын тугæйдзагæй слæсти. Дардæй лæгъстæгæнгæ æрбацæуы æмæ йын зæгъы:

– Æз мæгуыр лæг, маргæ мæ ма акæ, æмæ уын уæ къæхтæ æхсдзынæн.

Амран йæ мид-зæрды зæгъы: «Уæддæр мæнæ иунæг куы уыдзæн». Сауджын æрбацыд æмæ йын зæгъы:

– Æлдар, ды фæлмæцыд дæ æмæ гыццыл æрхуысс.

Амран фæлмæцыд куыннæ уыди, æмæ уайтагъд афынæй. Сауджын ныццыди, хæст кæм уыд, уырдæм, æмæ дзы иу арц рахаста. Фынæй Амранмæ ссыди, арц ын йæ дæларм ныццавта: лæг уым фæмард. Йæхæдæг усмæ бацыд æмæ йын зæгъы:

– Хуыцау дæ мæнæн радта, æмæ иумæ цæрдзыстæм!

Ус ын загъта:

– Уæдæ кæй уыдзынæн... цæгатаг мæнæн нал ис, сæрыхицау мæнæн нал ис. Дæуæй хуыздæр ма мын чи уыдзæн. Фæлæ цалынмæ мæ хъынцъымзæрдæ ссыгъдæг уа, уалынмæ мæм æппындæр æмгæрон ма ‘рцу!

Сауджын дын ныббуц æмæ усы зæрдæ цæмæй дзæбæх кæна, ууыл архайы.

Иу бон фæндагыл фæцæуы сауджын, æмæ иу лæг кæсæгтæ æрбахæссы. Сауджын зæгъы: «Адон мæ усæн куы нæ балхæнон, йæ зæрдæйæн æхсызгон уыдзысты æмæ мæ фылдæр бауарздзæн».

Балхæдта кæсæгтæ. Рахаста сæ йемæ, æмæ йын фæндаджы рыгыл æрызгъæлдысты. Рыджы мидæг стылдысты. Сауджын загъта: «Рыгæй мын сæ куы фена, уæд мын йæ зæрдæйæн хъыг уыдзæн». Йæ цуры суадон. Сауджын сæ уырдæм бадавта. Кæсæгты доны куы ‘ркалдта æхсынмæ, уæд кæсæгтæ фæйнæрдæм нытътъыбар-тъыбур кодтой æмæ адымдтой.

Сауджын ныххудти: «Ацы диссаг мæ усæн куы радзурон, уæд ма уымæй хуыздæр диссаг цы фехъусдзæн! Мæ кæсæгты бахастæй йын уыцы дзырд æхсызгондæр уыдзæн».

Худгæ-худгæ бауад æмæ йæ радзырдта Тамарæн.

Тамар ын загъта:

– Æз фехъуыстон, æртæ боны ахст кæсаг уазал доны куы стула, уæддæр ын æнæ сыгас нæй. Ныр базармæ ацу æмæ мын дзæбæх дыргътæ æрбахæсс, цъус мæ зæрдæ фæхъæлдзæг æмæ мын дыргътæ æрымысыд.

Сауджын ныццин кодта: «Æгайтма мæ усагæн йæ зæрдæ фæхъæлдзæг!»

Уый уырдæм куы ацыдис, уæд Тамар цæрдæг фестад, суадонмæ бауад æмæ фыццаг Мысырбийыл æркалдта дон. Мысырби цы уыди, уый фестад. Иннæ æфсымæрты дæр æрæхсадта æмæ, цы уыдысты, уый фестадысты.

Сауджын æрбахæццæ. Куы ауыдта, уæд йе ‘фсæр æрхаудта æмæ дзуры:

– Ма мæ амарут, фæрæдыдтæн.

Амран æм дзуры:

– Дæ номыл цирхъ рариуыгъын тæригъæд у, фæлæ мын æнæ ариуыгъæ нæй. Иу дурцæджындзы фарсмæ æрбалæуу, æмæ

æз иннæрдыгæй ныццæвдзынæн: дурцæджындз кæцæй ахауын кæндзæн мæ цирхъ, фæлæ мæнæн мæ маст уымæй ацæудзæн.

Балæууыд сауджын, æмæ рариуыгъта цæджындзы Амран.

Цæджындзы дæр ахауын кодта, æмæ сауджын дæр йæ астæуыл ахауд. Сауджын йæ цæф нæ базыдта.

Уый куы амардтой, уæд сбадтысты сæ бæхтыл, рацыдысты æмæ æрцыдысты сæ фыдыхомæ.

Сæ фыдыхойæн æхсызгон куыннæ уыди, арвыста алы калакмæ: иу мин хъом фæцагъта, æртæ мины – лыстæг фос.

Чындзæхсæв сарæзта, æртæ мæйы сæ нæ ауагъта.

АМРАН ÆМÆ ЦУАНОН

Даредзанты Амран зæххыл тых кæмæн не скодта, ахæм ын нал баззад. Æрмæст ма йын Хуыцау уыд æнæ фæлвæрдгонд, æмæ байдыдта хъавын Хуыцаумæ, кæм ыл æрхæст уыдзынæн, зæгъгæ.

Уæд фæндагыл æрбацæуы Хуыцау, йæ бæхыл бадгæйæ. Сæмбæлд Амраныл æмæ йæм дзуры:

– Дæ фæндаг раст, Амран, мæ хæræфырт.

Амран æм дзуры:

– Дæ хъуыддаг раст, мæ мадырвад! Рахиз ма дæ бæхæй æмæ рахæцæм хъæбысæй, кæддæра нæ чи фæтыхджындæр уаид.

Уæд æм Хуыцау фæхудти:

– Амран, мемæ хæцынæн ницы скæндзынæ ды, – Хуыцау æм ехс раппæрста æмæ дзуры Амранмæ: – Уæдæ ма мæм гъеуый сдæтт.

Амран æрæвнæлдта ехсмæ æмæ йæ змæлын дæр нæ фæкодта. Уæд æм Хуыцау фæмæсты, йемæ хъæбысæй кæй хæцыд, уый тыххæй, æмæ йыл дзуæртты бафтыдта. Уыдон Уæрсæджы хохыл бабастой Амраны.

Афтæмæй Даредзанты Амран абон дæр Уæрсæджы хохыл бастæй лæууы лæгæты. Афæдзæй афæдзмæ йæ дуар иу гом кæны.

Иу цуанон ацыд цуаны Уæрсæджы хохмæ. Бараст кодта хохы комы æмæ бафтыд лæгæты дуармæ. Лæгæты дуар фегом и Хуыцауы зондæй. Бакасти, æмæ Даредзанты Амран æфсæн рæхыстæй баст, йæ бынаты цъæх арт, цъæх фæздæг уадзы. Йæ цæстытæ

сты галы къæлæтыйæстæ, йæ цæнгтæ – хъæды стæвдæнтæ. Цуанон дзы фæтарст æмæ фæстæмæ рацæйлыгъди.

– Тæрсгæ ма фæкæн æппындæр, æз Даредзанты Амран дæн æмæ мæм рацу æввахсдæр.

Цуанон æм бацыд æввахс æмæ йæ афæрстытæ кодта рагон заманы хабæрттæй.

– Уæртæ къулыл мæ кард ис, æмæ мæм æй æрбахæстæг кæн.

Кардмæ бавнæлдта цуанон Кудзи Дзудты, æмæ йæ змæлын дæр не скæнын кодта.

– Мæ бон нæу уый райсын æмæ цы кæнон?

– Дæ иу къухæй карды босыл хæц, иннæ къух æри ардæм.

Цуанон йæ иу къухæй карды босыл ныххæцыд, иннæ радта Амранмæ. Æрбахæцыд ыл Амран йæхимæ, æмæ фæцæйскъуыдысты йæ цæнгтæ. Ныхъхъæр кодта Дзудты Кудзи:

– Мæ цæнгтæ мын фескъуыныс!

Феуæгъд æй кодта Амран æмæ йæм дзуры:

– Цæугæ кæн тагъд. Уæларвæй рауадзгæ рæхыс кæд искуы зоныс, уæд мæм æй хæццæ кæн ардæм, усы хъæлæба дыл куыннæ сæмбæла, афтæмæй. Æз уын кæд аирвæзон, зæххон адæм, уæд уæ амонд æрцæудзæн.

Кудзийæн уæларвæй рауадзгæ рæхыс йæхимæ уыд æмæ байдыдта уырдыгæй згъорын. Æрхæццæ сæ хæдзармæ, раппæрста сæ рæхыс æмæ йæ фæхæссы. Йæ ус æй куы федта, уæд æм фæсте ныхъхъæр кодта:

– Кæдæм мын фæхæссыс мæ рæхыс?

Афтæмæй хохы дуар сæхгæдта Амранылæмæ баззад бастæй уым.

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Нæ равдысты фендзыстут зындгонд скульптортæ, фыд æмæ фырт ***Хайаты Владимир æмæ Ибрагимы*** *куыстытæ.*

Хайаты Владимир йæ кусæн æрмадзы.

Пушкины цыртдзæвæн Дзæуджыхъæуы.



Уататы Бибо.

Нывгæнæг Хетæггаты Марат.



Кусæг лæг.

Къоста.

Номарæн къæй.

Цæголты Георги.

Хортауæг.

Æндонфыцæг.

Хайаты Ибрагим.

Автосурæт.

Ибрагимы мад Долорес.

Н. Э. Бауманы бюст.

Г. К. Жуков.

Тогуызты Хъауырбеджы бюст.

Нардæтæй хъазджытæ.

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

МЗОКТЫ Аслæнбег

«АНГЛИСАГ ЗÆГЪЫ – ШЕКСПИР...»[1]

(Цæрукъаты Алыксандры сонетты цикл «Шекспирæн»)

VI. Ахуырдзауы реферат «Аивады темæ Цæрукъаты Алыксандры сфæлдыстады».

Ныр цыппар æнусæй фылдæр поэзийы гени Шекспир дисы æфтауы дунейы дзыллæты. Фæрныг сты, ахæм поэт кæмæ ис, уыдон, цардхъом æмæ уæлахиз сты, йæ поэтæн аргъ кæнын чи зоны, уыцы адæм.

Йæ сонетты зындгонд циклы Алыксандр æрæмных кодта хæст æмæ аивад, алы дугты «згъæрджын тыхгæнджыты» – Атиллæ, Чингисхан, Македойнаг, Наполеоны æмæ поэзийы «бардуаг» – Шекспиры. Фыццæгтæ арт æмæ арцæй хъавыдысты историйы сæ фæд ныууадзын, гуымиры тыхы фæрцы домдтой сæхицæн хуыцæутты кад. Уый сын нæ бантыст. Æлгъыстаг фæци сæ ном, уымæн æмæ «зæххон цотæн фыдбойнаг» уыди сæ архайд. Шекспир аивады хъомысæй басаста æппæт бæстæтæ æмæ адæмыхæттыты. Фидæны фæлтæртæ дæр сæрыстырæй дзурдзысты йæ ном. Цы у Шекспиры æнтыстыты сæр? Уый нæ иста искæй сæрибар, йæ аивадæй рæстаудæг уыд адæмыл, лæггад сын кодта. Йе сфæлдыст фæлгонцты схайджын кодта йæ зæрдæйы хъарм, йæ зонды тыхæй æмæ баззади цæргæйæ сæдæ хуызты – «кæм худгæ, кæм дзыназгæ».

Алыксандр Шекспиры поэзи хоны, зæронд кæнын чи нæ комы, ахæм розæты цæхæрадон. Æцæг аивад æвзонг-æвидигæ у, рæстæджы бар ыл нæ цæуы. Ирон поэт ссардта диссаджы ныв – фæлгонц: Шекспиры розæтæ – йæ сонеттæ – «сывæллæтты зæрдæтау æппынæдзух æртæхдзæстæй тæлфынц». Англисаг генийы аив дзырды хъомыс Алыксандр бары æрдзы нæрæмон тыхтимæ: уаддымгæимæ – хъæдтæ æмæ хæхтæ бындзарæй чи срæдувы; артимæ – царды мæлинаг æууæлтæ (йæ «хъуына æмæ быронæ») æртхутæг чи фестын кæны; ивылд донимæ – зæххы чъизитæ чи фæласы; хурты хуримæ – йе ‘рттывдæй дуне чи срухс

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы фароны 11-æм номыры.

кæны. Уыцы рухсмæ ивайынц мæнг кад æмæ дымст авторитеттæ, уыйхыгъд йæ хуыз скалы æцæг цыт. («Фæкодтай ды мæнг гениты æвæд, Титан, æрхастай цард æмæ мæлæт!»).

Афтæмæй сонетты циклы рæнхъытæй сысты поэты идеал: егъау курдиат æмæ зæрдæйы хицау, хæрам æмæ фыдох сæфын йæ царды нысан кæмæн у, ахæм Адæймаг-аразæг.

Дарддæр урочы куыст цæуы Шекспиры сонетыл. Ныррыкон скъолайы ахуырдзаутæ арæх æмбæлынц тæлмацгонд уацмыстимæ. Аив литературæ ахуыр кæнгæйæ, сывæллæттæ тæлмацы фæрцы базонгæ вæййынц фæсарæйнаг фысджыты поэтикон æмæ прозаикон уацмыстимæ.

VII. Урочы цæудзæн тæлмацтæ абарыны куыст. Тæлмацтæ абарыны куыст скъоладзаутимæ:

а) практикон æгъдауæй æххуыс кæны аивадон уацмысæн йæ мидис æмæ формæйы иудзинад æмбарын;

б) ахуырдзаутæ хуыздæр бамбарынц, ивгæ цы литературон уацмыс фæкæнынц, уый текст бирæнысанон кæй у, алы тæлмацгæнæг дæр текст йæхи фæндонмæ гæсгæ кæй раивы, уый;

в) хъомыл кæны аивадон уацмысы стилистикон здæхтытæ æмæ миниуджытæ зонынył;

г) скъоладзауты курдиат раргом вæййы тæлмац кæныны куысты.

VIII. Ахуырдзауы реферат «Тæлмац – хæлардзинады хид иу адæмы культурæйæ иннæмæ».

Ирон национ литературæйы рæзтæн æвдисæн сты канд йæхи фысджыты уацмыстæ нæ, фæлæ зынгæ тæлмацтæ дæр. Æмæ дзы ис ахæм тæлмацтæ, сæрыстыр кæмæй стæм: Ф. Шиллеры «Вильгельм Телль» (Æмбалты Цоцкойы тæлмац), Лев Толстойы «Хаджи – Мурат» (Зæнджиаты Бæбуйы тæлмац), Ш. Руставелийы «Стайы цармдарæг» (Бестауты Гиуæргийы тæлмац), уырыссаг æмæ фæсарæйнаг æндæр классикты уацмыстæ. Цы пайда у национ литературæйæн аивадон тæлмац? Уый тыххæй йæ хъуыдытæ зæгъы зындгонд ирон поэт Джыккайты Шамил чиныг «Ныхасы фарн»-ы: «Тæлмацы руаджы иу адæмы литературон бынтæ свæййынц æндæр адæмы исбон, уыйадыл адæмтæ монон æгъдауæй хъæздыгæй хъæздыгдæр кæнынц кæрæдзи фæрцы. Уыцы стыр хъуыддаг сæ кæрæдзимæ кæны хæстæгдæр æмæ æнгомдæр. Афтæмæй тæлмац у хæлардзинады хид иу адæмы зæрдæйæ иннæ адæмы зæрдæмæ, иу культурæйæ иннæмæ«. Тæлмац у фарны хъуыддаг, уый руаджы кæсджытæ хайджын вæййынц, адæймаджы

зонд æнусты дæргъы цы сфæлдыста, уыцы аивадон хæзнатæй.

Тæлмац стыр æххуыс у æвзагæн дæр, уый руаджы фылдæр кæнынц йæ гæнæнтæ, афтæмæй свæййы мадзалджындæр æмæ, æппынфæстаг, цæрæццагдæр.

IX. Шекспиры ирон æвзагмæ чи раивта, уыдонæй иу уыди Плиты Грис. Уый у нæ дуджы зынгæдæр ирон тæлмацгæнæг. Æнтыстджынæй раивта ирон æвзагмæ Пушкин æмæ Лермонтовы, Мольер æмæ Шиллеры, Къостайы уырыссаг уацмыстæ. Грис тæлмац кæны, æрмæст кæй уарзы, йæ зæрдæмæ хæстæг чи у, ахæм авторты. Шекспирæй Грис ратæлмац кодта трагедитæ: «Отелло», «Ромео æмæ Джульеттæ», «Гамлет», «Кориолан», «Тимон Афинаг», «Цимбелин», «Æфхæрд æфхæрдмæ» æмæ комеди «Виндзойраг фæлитойтæ».

Джыккайты Шамил стыр аргъ кæны Грисы тæлмацтæн: «Грисæн йæ куысты сæйраг домæнтæ сты: уацмысы идейон-аивадон мидис æххæстæй бахъахъхъæнын; ирон æвзагæн тых ма кæн, афтæмæй, цы гæнæн ис, уымæй авторы стильмæ хæстæгдæр уæвын; дзырдæй дзырдмæ тæлмац кæнын нæ, фæлæ ирон æвзаджы фæрæзтæй оригиналы æмсæр-æмуæз уацмыс саразын».

Грисы руаджы Шекспиры геройтæ иронау сдзырдтой: Ягойы уынæм хин æмæ кæлæнæй, дыдзæсгом, фæлæ цыргъзонд адæймагæй, Отелло та у уæздан, æргомзæрдæ, йе ‘нкъарæнтæ – арф æмæ тыхджын. Ирон дзырды ирдæй зынынц Гамлеты арф куырыхон философи, йæ сагъæстæ, йæ судзгæ маст æмæ йæ хъыг.

Грисы тæлмац у æрдынбосау ælвæст, чъырын къулау æнгом æмæ фидар амад. Иу дзырдæй, Шекспиры уацмысты поэзи ирон æвзаджы ссардта ног цæрæнбон. Тæлмацгæнæг нæм æрхаста генийы нывæфтыд ныхасы рæсугъддзинад, йæ зонды рухс, йæ зæрдæйы рæдау æнкъарæнтæ. Ахсджиаг сты Шекспиры сонетты хъуыдытæ нырыккон царды.

X. Шекспиры сонеттæй иу – **«æхсай æхсæзæм сонет» (LXVI) – у иннæтæй номдзыддæр.** Уый тæлмац кодтой бирæтæ. Ахуыргæнæг рагацау бацæттæ кæндзæн ахуырдзауты аив кæсынмæ Шекспиры сонет англисагау æмæ уымæн йæ тæлмацтæ: фыццаг уырыссаг æвзагмæ раивта XIX æнусы поэт Владимир Бенедиктов, уый уыди А. С. Пушкины заманы зындгонддæр поэт, иннæйы автор – XX æнусы поэтты хуыздæртæй иу – Б. Л. Пастернак. Нæ мадæлон æвзагмæ Шекспиры сонет раивтой Ходы Камал æмæ Хъодзаты Æхсар.

Ахуырдзаутæй иу дзуры англисагау чиныгмæ æнæ кæсгæйæ Шекспиры 66-æм сонет. Уый фæстæ скъоладзаутæ фехъусдзысты ацы сонеты тæлмацтæ уырыссагау æмæ иронау.

William Shakespeare (1564 – 1616)

LXVI

Tired with all these, for restful death I cry, –
As, to behold Desert a beggar born,
And needy Nothing trimm'd in jollity,
And purest Faith unhappily forsworn,
And gilded Honour shamefully misplaced,
And maiden Virtue rudely strumpeted,
And right Perfection wrongfully disgraced,
And Strength by limping Sway disabled,
And Art made tongue – tied by Authority,
And Folly, doctor – like, controlling Skill,
And simple Truth miscall'd Simplicity,
And captive Good attending captain III:
Tired with all these, from these would I be gone,
Save that, to die, I leave my love alone.

LXVI

Я жизнью утомлен, и смерть – моя мечта.
Что вижу я кругом? Насмешками покрыта,
Проголодалась честь, в изгнаньи правота,
Корысть – прославлена, неправда – знаменита.
Где добродетели святая красота?
Пошла в распутный дом: ей нет иного сбыта! . .
А сила где была последняя – и та
Среди слепой грозы параличем разбита.

Искусство сметено со сцены помелом;
Безумье кафедрой владеет. Праздник адский!
Добро ограблено разбойнически злом;
На истину надет давно колпак дурацкий, –

Хотел бы умереть; но друга моего
Мне в этом мире жаль оставить одного.

Перевод ***В. Г. Бенедиктова***

LXVI

Измучась всем, я умереть хочу.
Тоска смотреть, как мается бедняк,
И как шутя живется богачу,
И доверять, и попадать впросак,
И наблюдать, как наглость лезет в свет,
И честь девичья катится ко дну,
И знать, что ходу совершенствам нет,
И видеть мощь у немощи в плену,
И вспоминать, что мысли заткнут рот,
И разум сносит глупости хулу,
И прямодушье простотой слывет,
И доброта прислуживает злу.
Измучась всем, не стал бы жить и дня,
Да другу трудно будет без меня.

Перевод ***Б. Л. Пастернака***

LXVI

Мылаз ингæнмæ, амондау, бæллын,
Мæнгард дуджы цъæх-цъæхид марджы тайын.
Йæ боны хъиутæ сау уæрмы хæры
Лæджы намыс; нæ рæстæджы гакк – сайын.

Фыдæх уæхски-уæхск фарнимæ цæры;
Тæссонд фидыц йæхи сырх туджы найы;
Æдых тыхджыны цъыссыммæ тæры;
Фæхонынц нæм уæларвон зæд æррайы.

Бæрзонд аивад – цæгъдæг рынау раст!' –
Куыдзы 'мгад сси, нæй ауайæг йæ цурты, –
Йæ сæр æййафы сау фыдæлгъыст, маст;
Рæстдзинадæн йæ дзыхыл дарæм цъутта.
Адзалæй мын мæ цард æнцондæр нæу, –
Мæ удлæууæн, кæмæн ныууадзон дæу?

Ходы Камалы *тæлмац*

LXVI

Мæхицæн курын удæнцой адзалæй.
Кæд онгбастæй мæгуыргур зилы ‘хсар,
кæд ницыуæвæг сæлдар и фырхъалæй,
кæд уарзт ысси гадзрахатæн цагъар,
кæд уаджы хуызы ‘вдыстæуы æнæуаг,
кæд у чызджы ном къæхты бын ыссæст,
кæд хъомысæн тыхми кæны æдзæллаг,
кæд саллайаг æппæтæй дæр æххæст,
кæд хурхбастæй, цæнкуылтæй хиты фидауц,
кæд зондæйцух у разагъдыл нымад,
кæд зондджыныл æррайы гакк ныффидар,
кæд хорзæх у фыдæхы цур æгад,
уæд а зæххыл мæнæн цæргæйæ нæу.
Фæлæ кæмæн, кæмæн ныууадзон дæу?

Хъодзаты Æхсары *тæлмац*

XI. Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ тæлмацтæм:

1. Сымах бакастыстут Шекспиры 66-æм сонеты оригиналон текст æмæ йæ цыппар тæлмацы уырыссаг æмæ ирон æвзагмæ. Кæй тæлмац фæцыди уæ зæрдæмæ тынгдæр æмæ цæмæй? Уырыссаг æмæ ирон тæлмацгæнджытæй кæцы равдыста йæ тæлмацы ирддæрæй Шекспиры хъуыдытæ, æнкъарæнтæ æмæ сусæгдзинæдтæ?

2. Кæд англисаг æвзаг зоныс, уæд лæмбынæг бакæс Шекспиры сонет æмæ байхъус поэты мадæлон æвзаджы зæлтæм æмæ йæ диссаджы мелодикæмæ. Уый йæ сонеты æвзагæй демæ ныхас кæны Шекспир йæхæдæг. Зæгъ, кæй тæлмац у хæстæгдæр англисаг поэты уацмысмæ? Цæй руаджы бантыст уый тæлмацгæнæгæн?

3. Цæуыл фыст у Шекспиры «зындгонддæр сонет»? Цæуыл у поэты катай? Куыд равдыста Шекспир сонеты йæ заманы цардыуаг, læджы намыс æмæ йæ æгаддзинад? Цавæр у сонеты сæйраг хъуыды?

4. Уырыссаг æмæ ирон тæлмацты кæрон у фæйнæхуызон. Ды та куыд хъуыды кæныс: цавæр хъуыдыйадæй хъуамæ фæуа сонет: таурæгъон (уырыссаг тæлмацты) æви фарстон (ирон тæлмацты) хъуыдыйадæй? Цæмæн? Раргом кæн дæ хъуыды.

5. Цы кæны иу æмæ хицæн Камалы æмæ Æхсары тæлмацтæ? Цæуынц дæ зæрдæмæ? Цæмæй? Зæгъ дæ хъуыдытæ фарстайы фæдыл.

6. Цавæр аивадон мадзæлттæй пайда кæны Ходы Камал тæлмацы? Ссар сæ тексты.

7. Шекспиры 66-æм сонет Æхсары тæлмацы амад у æрмæст æртæ хъуыдыйадæй. Цавæр хъуыдыйæдтæ сты? Цæмæн равзæрста Æхсар ахæм поэтикон мадзал?

8. Æхсары тæлмацы дыккаг хъуыдыйад у домгæвазыгджын, афоны фадат æвдисæг иуæндæс уæлæмхæст хъуыдыйадимæ. Цæмæн равзæрста Æхсар тæлмацæн ахæм хъуыдыйад? Æнæнхъæлæджы у уый? Цавæр поэтикон мадзал æмбæхст ис хъуыдыйады? Зæгъ æй.

(Анафорæ – грекъаг дзырд, амоны «рахæссын» – «единоначалие») – æмдзæвгæйы хицæн рæнхъыты кæнæ строфаты æмхуызон райдайæнтæ. Анафорæ вæйиы мырон, дзырдон, синтаксисон. Æхсары тæлмацы уынæм синтаксисон анафорæ – афоны фадат æвдисæг иуæндæс уæлæмхæст хъуыдыйады байдайынц ныхас «кæд»-æй).

9. Лæмбынæг куы æркæсæм уырыссаг æмæ ирон тæлмацтæм, уæд, æнæмæнгæй, ссардзыстæм, æнгæс чи у, ахæм текстæ. Ахæмтæ нæм кæсынц Пастернак æмæ Æхсары тæлмацтæ. Разы дæ? Цы иу кæны ацы тæлмацтæ, кæд æмæ ивд ысты – иу уырыссаг, иннæ – ирон æвзагмæ? Цавæр аивадон фæрæзты руаджы райхæлы Шекспиры сонеты нысаниуæг тæлмацты?

10. Уæлдæр лæвæрд цæуы 66-æм сонеты англисаг текст. Шекспиры æвзагыл кæсын æмæ фыссын йæ бон кæмæн у, уымæн зын нæ уыдзæн йæхицæн ацы сонеты алы рæнхъæн дæр раттын сæрмагонд тæлмац. Бафæлвар-ма дæ тыхтæ – раив ирон æвзагмæ Шекспиры номдзыддæр сонет. Дæ тæлмацы текст бакæс урочы.

11. Сахуыр кæнут Шекспиры сонет (66-æм) æнæ кæсгæйæ дзурын.

12. Цы зонут Шекспиры царды хабæрттæй? Бацæттæ кæнут цыбыр радзырд англисаг драматурджы царды тыххæй, пайда кæнут ахуыргæнæн æмæ наукон чингуытæй æмæ уацтæй.

13. Бакæсут И.С. Тургеневы ныхæстæ: «Мы, русские, празднуем память Шекспира, и мы имеем право ее праздновать. Для нас Шекспир не только громкое, яркое имя, которому поклоняются лишь изредка и издали; он сделался нашим достоянием, он вошел в нашу плоть и кровь. Ступайте в театр, когда даются его пиэсы...

ступайте в театр, пробегите все ряды собравшейся толпы, приглядитесь к лицам, прислушайтесь к суждениям – и вы убедитесь, что перед вашими глазами совершается живое, тесное общение поэта с его слушателями, что каждому знакомы и дороги созданные им образы, понятны и близки мудрые и правдивые слова, вытекающие из сокровищницы его всеобъемлющей души!»

Шекспиры пьесæмæ театры сценæйы куы кæсат, уæд уæ зæрдыл дарут Тургеневы фæдзæхст. Цæй тыххæй æмæ цæмæн уарзынц æмæ стыр аргъ кæнынц англисаг поэты драмон æмæ поэтикон уацмыстæн уырыссаг æмæ ирон театрдзаутæ æмæ кæсджытæ?

XII. Ахуырдзауы радзырд «Шекспир ирон сценæйы».

Рагæй фæстæмæ Шекспир у театры патриарх, йæ тырыса. Йæ æнæмæлгæ трагедиты æмæ комедиты тыхджынæй равдыста адæмы ‘хсæн ахастдзинæдтæ, рæстдзинадыл тохы карз æмæ фыдохы цæхæртæ, уарзæгой удты пиллон арт æмæ базырджын монцтæ, цардбæллондзинад. Карз тæрхон рахаста хахуыр, тыхми æмæ мæнгард митæн, адæймаджы сыгъдæг ном чъизигæнæг ælгъаг хъуыддæгтæн.

Англисаг генийы сфæлдыстадон бынтæ сты царды ахсджиаг скъола. Йæ трагедитæ æмæ комедитæ æрцыдысты тæлмацгонд алы адæмты æвзæгтæм.

1940 азы Ирон театры равзæрдыл сæххæст фондз азы. Уæд фыццаг хатт Ирон театры сценæйæ райхъуысти Отеллойы хъæлæс нæ мадæлон æвзагыл. Уæд æрыгон Ирон театры къухы бафтыди стыр сфæлдыстадон уæлахиз. Отеллойы ролы йæ разагъды хъазтæй йæхимæ æркæсын кодта Тæбæхсæуты Бало.

Нæ номдзыд трагик йæ аивадæй уæрæх фæндæгтæ ссардта канд Ирыстоны театрдзауты зæрдæтæм нæ, фæлæ Уæрæсейы æмæ суанг фæсарæйнаг сценæуарзджытæм дæр иттæг арф бахъардта йæ хъазт.

Отеллойы роль артистæн уыдис йæ курдиаты уæлдæр къæпхæны иттæг ирд æвдисæн. Уырыссаг поэт Лев Озеров Мæскуыйы ирон Отелломæ кæсгæйæ ахæм рæнхъытæ ныффыста:

Слежу за тем, как мечется Отелло,
Как гнев бежит от сердца по руке –
К возлюбленной, к высокой шее белой.
Старик Шекспир, видать писал умело
На звонком осетинском языке.

Фæстæдæр Бало ахъазыд Шекспиры иннæ трагедитæ – «Къарол Лир» æмæ «Макбет»-ы дæр. «Къарол Лир»-ы дæр артист куыд зæрдæмæхъаргæ хъазт кодта, уымæн дæр бæлвырд æвдисæн сты ацы рæнхъытæ:

... Идет гроза вблизи и вдалеке,
Теряет Лир семью, друзей, корону.
Не подготовлен к этому урону,
Он гол, о том твердят его уста,
Видать Шекспир писал в горах Ирона
На языке и нартов, и Коста.

Шекспиры хъайтартæ ирон æвзагыл сдзырдтой тынг дæсны. Уыцы хъуыддаджы стыр арфæйаг у Ирыстоны адæмон поэт Плиты Грис. Уый ратæлмац кодта Шекспиры «Отелло» ирон æвзагмæ.

Шекспиры тæлмац кæныныл куыстой зынгæ ирон фыссæг Мамсыраты Дæбе (раивта «Ромео æмæ Джульеттæ»), Ардасенты Хадзыбатыр (раивта «12-æм æхсæв»), Токаты Асæх, Гаглойты Федыр, Хуыгаты Геор, Малиты Васо.

Ирон сценæйыл Шекспиры пьесæтæй фæстагдæр æвæрд æрцыди трагеди «Тимон Афинаг». Уый нæ театралон культурæйы бацахста зынгæ бынат. Ацы трагеди ирон æвзагыл нæ адæмæн балæвар кодта Плиты Грис. Спектаклы фесгуыхтысты йæ режиссер Хуыгаты Геор, артисттæ Сланты Къоста, Икъаты Мæирбег, Мерденты Юри, Годжыцаты Исахъ, нывгæнæг Челæхсаты Магрез æмæ иннæтæ.

Ирон сценæйыл æвæрд æрцыдысты Шекспиры пьесæтæ: «Отелло» *(1940, реж. В. Фотиев)*, «Къарол Лир» *(1948, реж. Е. Маркова)*, «Много шума из ничего» *(1948, реж. Брытъиаты З.)*, «Отелло» *(1950, реж. Брытъиаты З.)*, «Дыууадæсæм æхсæв» *(1954, реж. Брытъиаты З.)*, «Къарол Лир» *(1959, реж. Е. Маркова)*, «Ромео æмæ Джульеттæ» *(1962, реж. Брытъиаты З.)*, «Макбет» *(1963, реж. Хуыгаты Г.)*, «Дыууадæсæм æхсæв» (1964, реж. Брытъиаты З.), «Кориолан» *(1968, реж. Хуыгаты Г.)*, «Виндзойраг фæлитойтæ» *(1971, реж. Хуыгаты Г.)*, «Гамлет» *(1974, реж. Хуыгаты Г.)*, «Тимон Афинаг» *(1982, реж. Хуыгаты Г.)*.

Ахæм уыд Шекспиры уацмысты фæндаг ирон театрдзауты зæрдæтæм.

XIII. Урокмæ цæттæ кæнгæйæ ахуыргæнæгæн пайда уыдзысты алыхуызон **чингуытæ** æмæ **уацтæ**:

1. *Джыккайты Ш.* Ныхасы фарн. Дзæуджыхъæу. Ир, 1996.
2. *Джусойты Н.* Бæркадджын курдиат. Фидиуæг. 1978, № 11.
3. *Дауыраты Х.* Æрвæрттывд. Дзæуджыхъæу. Ир, 1992.
4. Ирон литературæ 11 къласæн. Ахуыргæнæн чиныг – хрестомати. Дзæуджыхъæу.
5. *Мамиаты И.* Адæймаг æмæ дуне: Цæрукъаты Алыксандры философон поэзи. Ираф. 1998, № 3.
6. Рæстæг æмæ сценæ. Дзæуджыхъæу. Ир, 1990.
7. *Цæрукъаты А.* Фыдæй фыртмæ. Æмдзæвгæтæ. Орджоникидзе. Ир, 1978.
8. *Васильева Л.* Таинственный Шекспир и его самый известный сонет. Московская школа: вчера, сегодня, завтра. 2004, № 4.
9. *Фадеева А.* Кто не знает старика Шекспира! Экспресс газета. 2009, 13 апреля.

XIV. Урок фæхæццæ йæ кæронмæ. Ахуыргæнæг амоны скъоладзаутæн **хæдзармæ куыст:**

1. Зæрдывæрдæй сахуыр кæнын иу сонет Алыксандры æмдзæвгæты циклæй кæнæ та Шекспиры 66-æм сонет.

2. Ныффыссын нывæцæн ацы темæтæй иумæ гæсгæ:

а) «Поэт – Рæсугъдзинад æмæ Сæрибары бардуаг, адæмæн лæггадгæнæг».

æ) «Нæртон поэт» Вильям Шекспиры сурæт Цæрукъаты Алыксандры сонетты циклы».

б) «Куыд фæлвæрдтон мæ тыхтæ Шекспиры “номдзыддæр сонет” тæлмац кæнгæйæ».

в) «Мæ хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ Шекспиры пьесæ (“Гамлет”, “Къарол Лир” кæнæ “Отелло”) Ирон театры сценæйыл фены фæстæ».

АРВИСТОН

ХЪУЫДЫТÆ МАДÆЛОН ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

(21 февраль – Мадæлон æвзаджы æппæтдунеон бон)

* * *

Бирæ фæсарæйнаг æвзæгтæ ахуыр кæныны хъуыддаг абарæн ис фæрæтимæ: уый мадæлон æвзаджы лыстæг фæзилæнтæ æмæ ахорæнтæ адзæнгæл кæны бындзарæй.

Фридрих Ницше

* * *

Æппæт адæмтæй иу адæм саразæн куы уаид, уæд сæфт æрцæуид æппæтадæмон хъуыды. Бирæ æнкъарæнтæ иуæй баивæн куыд ис? Зæгъæм, адæймагæн-ма ныууадз æрмæст цæстæй уыныны кæнæ уырзæй сгарыны фадат. Уæд уый бæллæх нæ уаид? Адæймаг цæмæй цæра, уый тыххæй йæ хъæуы æндæр адæймæгтæ, адæм цæмæй цæрой, уый тыххæй сæ хъæуы æндæр адæмтæ.

Александр Потебня

* * *

Æвзаг у, адæмы идейæтæ, зондахаст æмæ удыхъæд кæм æфснайд цæуынц æмæ фæстагæттæн бынæн чи баззайы, ахæм хæзнадон.

Иоган Гердер

МАДÆЛОН ÆВЗАГ

О мæ ахсджиаг, о ме ‘взаг, о мæ фыдæлты хъæлæс!
Дæу лæджы ном æмæ фарнау хизын сæфты къахæй æз!

Узта цадæггай мæ авдæн, зарыд «алолай» мæ мад.
Хъуыстон й' аргъæуттæм æнайæн – æз уæд бамбæрстон дæ ад.

О мæ ахсджиаг, мæ уидаг! Удæн диссагдæр цы ис!
Зонын, сонтæй нырмæ зонын æз дæ цин æмæ дæ рис.

Мысын, зонгуытыл фыццаг хатт æз зæрдæбынæй куывтон:
де 'вджид, о Хуыцау, нæ сæртæ, знагæн мацы уæд йæ бон!

Габдулла Тукай

* * *

Æвзаг аргъæутты диссаджы айдæны хуызæн у. Равдисы нын, дугтæ, системæтæ, идеологитæ, фæлтæртæ куыд ивынц, уый. Уый ивы мах дæр, æхсæнады дæр, аразы нæ алкæйы хъысмæт дæр, стæй райгуырæн бæстæйы хъысмæт.

Людмилæ Жукова
ЛГ, 2011, № 36

* * *

Æвзаг цæттæ хъуыды æвдисæг фæрæз нæу, фæлæ хъуыды аразæн фæрæз.

Æнæзонгæ автор

* * *

Фыдæлтæй нын баззадис, аргъ кæмæн нæй, ахæм æвæджиауы лæвар: æвзаг. Райгуырæн бæстæ нæ зæрдæмæ куыд арф исæм, афтæ арф исæм æвзаг дæр. Уый цæуы фæлтæрæй фæлтæрмæ, мады æхсырау нæ буары, нæ туджы ахъары. Фæлæ йæм иудадзыг зилын хъæуы, хъомыл кæнын æй хъæуы суанг йæ райгуырдæй фæстæмæ.

Фыдыбæстæ базоныны хъуыддаг райдайы æвзаг базонынæй.

Æз иттæг бузныг дæн мæ ахуыргæнджытæй, дзырдæй пайда кæнын мын кæй бацамыдтой канд уый тыххæй нæ, фæлæ фыццаджы-фыццаг уый тыххæй æмæ мын дзырдæн йæ азæлд, йæ ад, йæ хæрздæф кæй банкъарын, бауарзын кодтой.

Нæ фыдызæххы бæзнаг саумæры сойæ йемыдзаг чи у, ахæм антоновкæ-фæткъуыйау дзырдæн армы дæр æрæвæрæн ис. Афтæ мын амыдтой мæ ахуыргæнджытæ, æмæ сæ ныхæстæ мæ зæрдыл лæудзысты адзалы бонмæ.

Фыдыбæстæн йæ рог уддзæф, йæ хуымты
Зæрдæхцон тæф, йæ тохынаты хъарм
Хæссын дæуæн мæ арфæты, мæ хуынты,
Хъуытазхъæлæс дзырд – рагфыдæлты фарн.

Мæ тыхсты сæр, мæ уды катай – Райсом,
Æнцой нæ уадзы иу исдуг дæр мæн:
Мæ фыдæлтæй быны номыл цы райстон,
Ныууадзон уый нæ бындартæн бынæн.

Николай Рыленков
ЛР, №43, 2011

ЦИТАТÆТÆ

* * *

Уæрæсейы адæм æхсæнадон институттыл цас æууæндынц, уый базонæн ис мæнæ ацы бæрæггæнæнтæм гæсгæ. 2004 азы кæй бафарстæуыд, уыдонæй хицауадыл æууæндыдасты 14 проценты, æфсадыл – 10, барадхъахъхъæнæг оргæнтыл та – 7. 2011 азы та хицауадыл æууæндыдысты 11 проценты, æфсадыл – 8, барадхъахъхъæнæг оргæнтыл – 4. Авд азы размæ президентыл æууæндыдысты уæрæсейæгтæн сæ 59 проценты, ныр та – æрмæст 20. Уыйхыгъд иу æмæ æрдæг хатты фæфылдæр скептикты нымæц: иуыл дæр чи не ‘ууæнды, уыдоны бæрц у 37 проценты. Хъуыддæгтæм æппæтæй критикондæр цæстæй кæсынц, рæстæмбис æмæ стыр æфтиæгтæ кæмæ хауы, уыдон.

«Огонек», 2011, № 41

* * *

Æхсæнадон æгъдау аразгæ у хицауады политикæйæ. Ныртæккæ уыцы политикæ здæхт у пайдайырдæм, тонайырдæм. Тона рынчындоны, тона скъолайы, тона тæрхондоны. Кæдæмдæриддæр бацу – алы ран дæр æлдариуæг кæны сом. Уыцы иу рæстæг хъæздгуытæ æмæ мæгуырты ‘хсæн фæзынди бæллæхы сæрсæфæн. Ахæм системæйы раст лæгæй баззайæн ницы хуызы ис: уайтагъд дæ цардæй разыввытт ласдзысты, уæлдайдæр, бæрзонд бынат куы ахсай, уæд. **Рæстзæрдæ уæвыны хъуыдыйыл не ‘хсæнад бынтондæр хъоды бакодта. Ома, уый куыд у: иууылдæр – гæртæмттæ куы исынц, уæд ай**

цы ныффæрск и?! Иууылдæр давынц, ай та нæ давы?!. Олигархтæ приватизацийы дуг куы æрымысынц, уæд фæзæгъынц: “Мах афоныл сæмбæлдыстæм, кæм хъуыдис, уыцы бынаты”. Æз та нæ сæмбæлдтæн. Стæй нæ адæмы фылдæр хай дæр нæ сæмбæлд. Хæлофмæ фæразæй адæмæн æрмæст сæ чысыл хай. Æмæ уый тонагæнджытæн сæ лæгдзинады нысан у? Удуæлдай куысты фæрцы сæм æрхауд ахæм нард хæйттæ?.. Нæ, æрмæстдæр тыхтонайы фæрцы, цæсгом, æфсарм, уаг сæм кæй нæй, уый фæрцы. Æгъдау, фыдæлты фæдзæхстытæ кæй ницæуыл нымайынц, уый фæрцы. Рæстæджы рæхысæн сæттæн нæй. Фарн хъуамæ фæлтæрæй фæлтæрмæ цæуа. Мах та йæ дыууæ хатты нæ къæхты бын фæкодтам: 1917 азы паддзахы Уæрæсе амардтам, 1990-æм азты та советон цард – кæд дзы бирæ æвзæрдзинæдтæ уыд, уæддæр дзы хорзæй бирæ цыдæртæ уыд. Хицауад дæр фæрæдыд уæд, стæй адæм дæр. Исты пайда ратоныны хъуыды сæ йæ фæдыл асайдта. Уæ зæрдыл ма æрлæууын кæнут ваучертæ. Алкæмæн дæр, дам, фæйнæ дыууæ «Волгæ»-йы. Цыдæр дæлимон, иблис адæмы афæлывта.

Даниил Гранин
АиФ, 2011, № 42

ЦАРДÆЙ ИСТ ХАБÆРТТÆ

1. Фыд-зæрдæ ус

Нæ сыхы иу фыд-зæрдæ æмæ хинæйдзаг ус царди. Мæ фыдымад мын дзы ахæм хабар ракодта. Ды, дам, куы райгуырдтæ, уæд дæм уыцы ус уынæг æрбацыд æмæ афтæ, уæ лæппуйæн, дам, æгæр гыццыл цæстытæ ис, æмæ йын операци скæнын хъæуы.

– Омæ ноггуырдæн галы цæстыты йæстæ вæййы? – сбустæ йыл кодта мæ фыдымад. – Уæхи ноггуырдæн-иу кæн операцитæ, махонимæ дæ ницы хъуыддаг ис!

Ныр дæс æмæ æртиссæдз азæй фылдæр цæрын, фæлæ никуыма никæмæй фехъуыстон, мæ цæстытæ стырдæрхъуаг сты, уый.

2. Амонджын лæг

Иухатт нæ хъæуы колхозонтæн æмбырд уыди. Трибунæмæ-иу чи рацыд, уыдон æгæр дæргъвæтин ныхас кодтой, æмæ адæм фæлмæцын райдыдтой. Залы чи бадт, уыдонæй иу лæг уæзхъусгомау уыд æмæ йæ фарсмæ бадæджы фæрсы:

– Цытæ дзурынц, цы?

Кæй фарста, уый дын йæ бынатæй куы фестид, æмæ йæ иууылдæр куыд фехъуыстаиккой, афтæ загъта:

– Хорз адæм! Мæнæ мæ фарсмæ иу амонджын лæг бады. Цæмæй амонджын у, зæгъгæ, куы бафæрсат, уæд уын æй зæгъдзынæн: сымах цæуылты радзур-бадзур кæнут, уыдæттæ нæ хъусы!

Æлхъацаты Аслæнбег

СОДОМ ÆМÆ ГОМОРРÆ

– Цæй, – зæгъы ахуыргæнæг, – чи нын радзурдзæни Содом æмæ Гоморрæйы тыххæй? Цæмæн бабын сты уыцы дыууæ сахары?

Къласы иунæг сыбыртт дæр нæ хъуысы.

– Горохов.

– Циу?

– Рауай-ма фæйнæгмæ.

Размæ рахызти фæлурсдзæсгом, дæргъындзæг лæппу, йæ цæстытæ фæззыгон асæст бонæй тардæр, цыдæр æнахъинон æрхæндæг дзы нындзыг. Дуары хæцæнмæ нымдзаст æмæ æдзæмæй лæууы.

– Дæ урок нæ сахуыр кодтай?

– Куыннæ йæ сахуыр кодтон? – бустæгæнæгау дзуры лæппу.

– Уæдæ цы ныхъхъус дæ?

– Бабын сты дыууæ сахары, – мæрдджыны хъæлæсæй райдыдта Горохов, – æд цæрджытæ. Стырæй, чысылæй – иу дæр дзы нал баззад... Бирæтæ та æнæбæрæгæй фесæфтысты...

Лæппу та дуары хæцæны йæ цæстытæ ныццавта æмæ хъусæй лæууы.

– Гъы, æмæ дарддæр цы? – фæрсы ахуыргæнæг. – Рухсаг сын зæгъæм? Æви уый аккаг не сты?

Æнаххосæй марыны тæрхон кæмæн рахæссынц, ахæм адæймаджы каст кæны Горохов йе ‘мбæлттæм, цыма сæ фæстаг хатт уыны. Æмбары йæ: уыдон ын мынæг хъæлæсæй цы амонынц, уый раст нæу, фæлæ фервæзынæн хуыздæр хос нæй æмæ дзуры:

– Сæ тæригъæдты тыххæй бабын сты. – Йæ цæсгомыл гæлир мидбылхудт фæзынди лæппуйæн.

– Цавæр тæригъæдты тыххæй?

Горохов фæныфсджындæр:

– Куыд цавæр? Сæ тæригъæдтæ бирæ уыдысты. Се ‘фсарм бахордтой, сæ цæсгом суагътой. Сæ митæм зæрдæ хæццæ кодта.

– Æмæ цæмæн афтæ систы?

– Хъæддæгтæ уыдысты. Нæ эрæйы размæ цардысты. Худинаг сæм ницыуал касти.

– Бæлвырддæр-ма радзур уый тыххæй.

– Сæ тæригъæдтæ сын нымайон æви?

– Ранымай, ранымай.

Горохов дуары хæцæнæй йæ цæст нæ исы, хъусæй лæууы.

– Иу тæригъæды ном ма дзы уæддæр зæгъ.

– Коррупци! – фæхъæр ласта лæппу.

– Гъоппа! – æваст схауд ахуыргæнæгæй. Бæрæг нæу, разыйæ баззад æви дис кæны, уый. – Уый уал дын иу.

– Терроризм!

– Уый уал дын дыууæ.

Гороховмæ афтæ фæкасти, цыма йæ фат нысаныл сæмбæлди. Цыдæр тых æй йæ базыртыл систа æмæ йæ цæстытæ царырдæм сзылдта.

– Ноджы сæм сарæх сты... мæнæ йедтæ... цы хуыйнынц?

– Чи?

– Мæнæ пъагонджын фæлитойтæ, стæй гæртамхортæ... Иу дзырдæй, алы æнаккæгтæ.

– Дарддæр...

– Мæнг æхцатæ кодтой, сæ къухы цы ‘фтыд, уый давтой, паддзахады мулк ссывтой.

Ахуыргæнæг йæ сæр разыйы тылд кæны.

– Паддзахад йæхæдæг дæр давта. Фыдракæндтæн кæрон нал уыди, бæстæ хъахбайтæй, наркомантæй байдзаг. Хъомырын, фадниз, спид, мæргъты æмæ хуыты грипп сæм фæзынд. – Лæппуйы цæсгом фæлурс нал у, фæцардхуыз. – Сайдтой иууылдæр. Уæлдайдæр та депутаттæ. Цæстфæлдахджытæй бæстæ бæз-бæз кодта. Пенситæ бынтон гыццыл.

– Кæй пенситæ?

– Ахуыргæнджыты.

– Раст зæгъыс. Молодец!

– Ахуыргæнджытæ мæгуыргурты хуызæн систы.

– Раст зæгъыс!

– Хъуыды дæр сæ ничиуал кодта.

– Молодец!

– Хицæуттæ мафиимæ æмдзæхдон систы.

– Иттæг раст!

Ахуыргæнæджы цæсгом дæр бынтон барухс, æмæ Горохов хинымæры ахъуыды кодта: Содом æмæ Гоморрæйы чырыны ма фæстаг зæгæл ныкъкъуырон:

– Æппæтæй бæллæхдæр та уый уыд, æмæ æргътæ уæлиаумæ кæй сæппæрстой.

– Цæй æргътæ?

– Бензины.

Ахуыргæнæг йæ сæр хæрдмæ фæхъил кодта, йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгом æрсæрфта:

– Цавæр сахары кой кæныс, Горохов?

– Содом æмæ Гоморрæйы. Æмæ уæд Хуыцау загъта: «Гъе дæлæ адæм! Бынтондæр уæ зонд фæцыд, æви?» Æмæ сæ йæ азар басыгъта, ахæм хъæддæгтæ кæй уыдысты, уый тыххæй.

– Сбад, Горохов. Фондз дын æвæрын.

Ахуыргæнæг Гороховы боныджы сæвджын фондз сæвæрдта, стæй йын йæ хъусы бадзырдта:

– Фæлæ-иу уæддæр Содом æмæ Гоморрæйы тыххæй бакæс.

Анатоли Трушкин

Ном та йын уæхæдæг раттут!

Цъылын канд мæрзынæн нæ бæззы.

Цъары фæрстыл:

2. *Хайаты Владимир.* ***Къоста.***
3. *Хайаты Ибрагим.* ***Цоцкойы цырт-дзæвæн Æрыдоны.***
4. *Хайаты Ибрагим.* ***Чермен.***

* * *

Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Компьютерный набор	*Марина КИРГУЕВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране культурного наследия по Южному Федеральному Округу.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00038 от 30 декабря 2010 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредители: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания, Государственное учреждение «Литературно-художественный и общественно-политический журнал «Мах дуг».

Подписано к печати 06.02.12. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 20. Цена свободная.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru. Тел. 25-09-64; 25-09-74; 25-22-47.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.


ÆМБАЛТЫ
ЦОЦКО (УВАР)
БИЦОЙЫ ФЫРТ
1870-1937

Индекс 73247